f 0.44

PRAWAN TOEWA

BABON BASA MLAJOE

ANGGITANIPOEN

ONG KHING HAN

INGKANG ANDJAWEKAKEN

R. SOENARNA SISWARAHARDJA

LE BAGA KEBUDAJAAN
INDONESIA
B-484
NO.1295.
1938.

ALÉ POESTAKA
BATAVIA-C.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



PRAWA

BABON

ANG

ONG

INGKANG

R. SOENARN

BALÉ

B

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

B484

Serie No. 1295

Lp 90.960

PRAWAN TOEWA

BABON BASA MLAJOE

ANGGITANIPOEN

ONG KHING HAN

INGKANG ANDJAWEKAKEN

R. SOENARNA SISWARAHARDJA

BALÉ POESTAKA
BATAVIA-C.
1938

KON. BAT. GENOOTSCHAP VAN K. EN W.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Wewenangipoen ingkang ngarang kaajoman mitoeroet Angger ingkang kapatjak ing Staatsblad 1912 No. 600.

I. OENI

Toemrapipoen nonah
wonten kakoeng ingkar
dènipoen saha gagahipoe
inggih poenika prija moe
Ing pangraos djagat poer
kinakoeng King Hok bot
genging katresnanipoen
ipoen. Ingkang makaten
panoetoeping joengjoen
njamoedanani, saja kidoe
anggènipoen brata-manga

Padamelan ingkang dip
ingkang dipoen dondomi
oetawi pantjèn sang anèr
sorohi. Ingkang makaten
sang anèm waoe manggèn
jèn ta badéa njoekani poe
kanggé mikat sihipoen t
pinanggih sapisan sampo

Ing wantji sonten non
dipoen anggé njantoeni
gepipoen, klamboe ingk
sanadjan loegoenipoen tak
anggènipoen gantos. Sam
anglairaken sih.

Sadangoenipoen dondo
kèndel rengeng-rengeng,
dang ing damel kanti sen
tètèh kedaling lésan, sag
Sadangoenipoen tangan
njanji, lirih anganjoet-ar
toemenga ningali djam g
toengkoel, wonten ingkan

„Lagi djam papat" wi

[1]) engkoh = kang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

kaajoman mitoeroet
tsblad 1912 No. 600.

I. OENDERANING TJARIJOS.

Toemrapipoen nonah Kim Lian ing saindenging djagat boten wonten kakoeng ingkang tjoekat-tjakoetipoen, saéning beboedènipoen saha gagahipoen ngoengkoeli toewan Liem King Hok, inggih poenika prija moeḍa ingkang dados woding manahipoen. Ing pangraos djagat poenika sonja-roeri, mbosenaken, jèn ta sang kinakoeng King Hok boten katingal sadinten kémawon. Samanten genging katresnanipoen ḍateng sang anèm, karèrèhaning bapakipoen. Ingkang makaten poenika andjalari sakaṭahing samoedana, panoetoeping joengjoen tansah tjabar. Saja sanget anggènipoen njamoedanani, saja kiḍoeng traping sarira, satemah malah kawijak anggènipoen brata-mangarang.

Padamelan ingkang dipoen tindakaken, makaten oegi bebeḍahan ingkang dipoen dondomi, mèh sadaja gaḍahanipoen King Hok, oetawi pantjèn sang anèm memaniking pandoeloe ingkang dipoen sorohi. Ingkang makaten waoe gampil tjak-tjakanipoen, déning sang anèm waoe manggèn noenggil sagrija ; boten kirang pawadan jèn ta baḍéa njoekani poenapa-poenapa ingkang kininten kénging kanggé mikat sihipoen toewan King Hok, ingkang wiwit kala pinanggih sapisan sampoen saged anggondjingaken manahipoen.

Ing wantji sonten nonah Kim Lian andondomi klamboe, baḍé dipoen anggé njantoeni klamboenipoen toewan King Hok. Anggepipoen, klamboe ingkang sampoen wonten sampoen leṭek, sanadjan loegoenipoen taksih peṭak memplak, awit saweg saminggoe anggènipoen gantos. Samanten woedjoeding tresna, anggènipoen anglairaken sih.

Sadangoenipoen dondom-dondom waoe nonah Kim Lian boten kèndel rengeng-rengeng, mratjihnani bilih anggènipoen toemandang ing damel kanṭi senenging manah. Ḍasar tamatan Mulo toer tètèh kedaling lésan, saged ḍateng lagoe Walandi lan Inggris. Sadangoenipoen tangan oeṭik ndondomi, lésanipoen narètjès menjanji, lirih anganjoet-anjoet. Éwasamanten saben-saben meksa toemenga ningali djam gantoeng ing témbok, sadjak boten saged toengkoel, wonten ingkang ginagas.

„Lagi djam papat" witjantenipoen „saiki engkoh [1]) King Hok

[1]) engkoh = kang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

rak idjih nggekeng noelis ana ngarepé bapak. Saḍéla engkas, jèn wis djam satengah lima klamboe iki mesṭi rampoeng ; dalah masangé tekan djam satengah nenem. Sida ketoengka tekané koh King Hok."

Nonah Kim Lian ladjeng goemoedjeng pijambakan, kalijan njilakaken ramboet ingkang rawé-rawé ing pipi. Goemoedjeng ketjemat-ketjemoet sadjak rikoeh kadengangan ing sanès.

„Eh, asih ! asih ! teka nggoḍa katentremaning atiné wong kang kaja akoe !" Makaten prodjoling gegebenganipoen ing manah.

Boten dangoe kasaroe soewantening djam sadjak mawi lagoe, minangka tetenger ḍoemawahing prasakawanan, dados sampoen djam sakawan sapra sakawan. Éwa samanten sang nahen koeng kirang pitados ḍateng tengara waoe, marlokaken ndengèngèk, njatakaken toemoedinging pandom.

„Wis djam papat seprapat ! Bapak mesṭi doeroeng gelem noetoep tokoné sadoeroengé djam lima ; pantjèn kikité ora djamak jèn menjang waktoe."

Nalika samanten klamboenipoen sampoen mèh rampoeng.

Mak tjleboeng witjanten malih : „Teka goemoen akoe ! Hm. Apa koh King Hok ija ngreti, jèn saloegoené asihkoe marang ḍèwèké ora ana kang mapaki ?"

Ladjeng mak tjlemong malih : „Mokal jèn oraa ! Tandang-tandoekkoe marang ḍèwèké rak ija ngatarani, jèn saloemahing boemi, sakoerebing langit iki ja moeng ḍèwèké kang dadi telenging atikoe."

Plengèh, nonah Kim Lian mèsem pijambakan malih.

Hjang diwangkara saja toemoeroen, saja mangilèn, tjahjanipoen wiwit soemoenoe toemandoek ḍateng rainipoen mbok rara, inggih Kim Lian ingkang saweg mangoen koeng ; anakipoen èstri toewan Kwee Liong Tjwan, hartawan ing Soerabaja. Èstoenipoen, jèn ta mbok rara waoe éndaha ing warni, genah jèn saged damel kagiwangipoen singa ingkang njawang. Nanging dilalahipoen, karsaning Allah, teka pinaringan warni ingkang kirang soelistya. Sampoen pawakanipoen ageng-inggil awagoe, kaṭik senening moekanipoen peṭak tjeblèh, kawewahan iroengipoen ragi pèsèk. Saja malih tjangkem dalah lambénipoen anggènipoen kandel, toer oentoenipoen pating plesat, tangèh sagedipoen nglegakaken

panjawang. Pantjèn, m
sakeḍik-keḍika, boten b
Pambekanipoen trap
dipoen maṭoeki; nanging
lan bengisipoen dédé-d
banter pijambak, mila n
sepoehipoen, trimah kèn
Tabetipoen anak èstri
trisnanipoen toewan Lio
Ning. Nèng. Noeng.
gantoeng malih.
Nonah Kim Lian witj
soewé kok ija setengah
tata-tata arep moelih."
klamboe, ladjeng medal t
inggih poenika ing papi
poenika dipoen enggèka
Kawistara saking sener
semoe kalegan. Doemoe
ḍapaken klamboe ingkar
inggih ingkang kabekta
Salebetipoen masang,
mrika, woesana soemerep
tjelak tempat tiḍoer. La
„Lah, wong ja kaja ngéné
Éman déné tinitah dadi v
dadi mantoené bapak,
saḍéla baé malih dadi mili
olèhé djedjoḍoan, tentren
Déning pangoedaraos
Lian kasoepèn ing dar
maspadakaken potrètipoe
gaḍah daja panggèndèng
Sasampoenipoen sawat
malih panglotjitanipoen :
moenggoeh ing akoe, oe
ḍèwèké. Jèn wis klakon
péngini ing donja iki, kadj

PERPUSTAKAAN NASIONAL

apak. Saḍéla engkas, jèn
ṭi rampoeng ; dalah ma-
a ketoengka tekané koh

eng pijambakan, kalijan
ing pipi. Goemoedjeng
angan ing sanès.
maning atiné wong kang
nganipoen ing manah.
ljam sadjak mawi lagoe,
awanan, dados sampoen
anten sang nahen koeng
marlokaken ndengèngèk,

ṭi doeroeng gelem noetoep
ı kikité ora djamak jèn

oen mèh rampoeng.
ka goemoen akoe ! Hm.
oegoené asihkoe marang

kal jèn oraa ! Tandang-
atarani, jèn saloemahing
wèké kang dadi telenging

mbakan malih.
aja mangilèn, tjahjanipoen
nipoen mbok rara, inggih
; anakipoen èstri toewan
baja. Èstoenipoen, jèn ta
ah jèn saged damel kagi-
anging dilalahipoen, kar-
ingkang kirang soelistya.
awagoe, kaṭik senening
iroengipoen ragi pèsèk.
oen anggènipoen kandel,
sagedipoen nglegakaken

panjawang. Pantjèn, menggahing tjandra pantjèn boten angsal sakeḍik-keḍika, boten baḍé saged amikat manahing kakoeng.

Pambekanipoen trap sila anor raga, jèn ḍateng tijang ingkang dipoen maṭoeki; nanging ḍateng ingkang dipoen geṭing, wah galak lan bengisipoen dédé-dédé. Kaloking ngakaṭah, sagrija ngrikoe banter pijambak, mila manawi pinoedjoe nepsoe, sanadjan tijang sepoehipoen, trimah kèndel, boten poeroen ngèngetaken.

Tabetipoen anak èstri namoeng satoenggal ṭil, pantes kémawon trisnanipoen toewan Liong Tjwan ḍateng sang pinrawan ngentèk.

Ning. Nèng. Noeng. Nong ..... Poenika oengelipoen djam gantoeng malih.

Nonah Kim Lian witjanten kalijan ngadeg : „Lah, géné soewé-soewé kok ija setengah lima. Iki bapak karo engkoh meṣṭi wis tata-tata arep moelih." Ngadegipoen waoe kalijan mbopong klamboe, ladjeng medal toemoedjoe ḍateng senṭongipoen King Hok; inggih poenika ing papiljoen sasisihipoen grija ageng. Papiljoen poenika dipoen enggèkaken ḍateng toewan King Hok pijambak.

Kawistara saking senening wadana lampahipoen sang rara bingah semoe kalegan. Doemoeginipoen ing papiljoen trangginas ngan-ḍapaken klamboe ingkang wonten, kasantoenan ingkang énggal, inggih ingkang kabekta waoe.

Salebetipoen masang, ndadak salah wèngwèng ningali mrika-mrika, woesana soemerep potrètipoen sang anèm, ingkang pinasang tjelak tempat tiḍoer. Ladjeng kèndel kalijan ngoedja gagasan : „Lah, wong ja kaja ngéné gagahé. Aḍoeh, sadjak olèhé trangginas. Éman déné tinitah dadi wong ora doewé ; nanging ..... jèn wis dadi mantoené bapak, bapak meṣṭi gelem mbanḍani, bandjoer saḍéla baé malih dadi milijoenèr. Akoe wong loro bisa atoet-roekoen olèhé djedjoḍoan, tentrem oeripé."

Déning pangoedaraos ingkang kados makaten waoe rara Kim Lian kasoepèn ing damelipoen, mengongoh koemeḍèp tismak maspadakaken potrètipoen sang anèm ingkang sadjak gesang, gaḍah daja panggèndèng.

Sasampoenipoen sawatawis anggènipoen kados retja, kawedal malih panglotjitanipoen : „Temenan, donja iki bakal tanpa goena moenggoeh ing akoe, oepama akoe ora bisa ḍaoep karo ..... ḍèwèké. Jèn wis klakon dadi bodjokoe, ora ana manèh kang dak-péngini ing donja iki, kadjaba tetepa koh King Hok dadi sisihankoe."

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Saweg ètja ngoedaraos makaten, kasaroe soewantening auto loemebet tjepoeri, inggih poenika auto ingkang dipoen toempaki sang hartawan Kwee Liong Tjwan toewin babah King Hok. Déning kasaroe swantening auto makaten, poen mangoen koeng katingal gragapan ; tjeg, njandak klamboe malih, ngladjengaken anggènipoen pasang.

Boten let dangoe kori kabikak, babah nénéman loemebet, njangking tas akte kalijan ambikak topi ; katingal saja wewah gagah amantesi, adamel saja dog-digipoen kenja woejoeng.

Loemebet bleng, njèlèhaken tas ing médja sarta topi ing dipan sinartan wedaring watjana aroem : „Kim Lian, gadjegé lagi saminggoe anggoné njalini klamboe, lah déné saiki wis kosalini manèh, rak djeneng ngengesel awak, kowé koewi !"

Raosing manahipoen joek [1]): deg-deg-sir, deg-deg-pjoer. Keketeging djantoeng kados kénging dipoen pirengaken, getering tangan mèh damel mroetjoeting klamboe. Sadjak woelet kedaling wangsoelanipoen : „Kabèh, apa baé kang daktandangi ikoe dadi kapreloeanmoe. Pantjèn ija mangkono koewi kang dadi kasenengankoe."

„O, soekoer ta jèn ngono, nanging panemoekoe, kok koerang patoet ing atasé akoe olèh pangrengkoeh sing samono, toer pangrengkoehé kenja, poetraning daokèh [2])."

Nonah Kim Lian mangsoeli semoe gemes, mripatipoen ragi njoereng : „Adja ngono, koh. Ing ngomah ora ana daokèh ora ana rèh-rèhan, anané moeng akrab. Rèh-rèhan karo daokèh ikoe oeroesaning kantor, doedoe oeroesan ngomah."

„Pinter temen mbantah kowé, Lian. Oepama lananga bisa dadi adpokat sing pilih tanding, kowé koewi !"

Kim Lian mèsem, raosing dada mongkog langkoeng ageng. Wangsoelan ingkang noedjoe prana mewahi keketeging djantoeng saja sora. Oepami manah botena pakèwed, sami sanalika Kim Lian tamtoe prasadja, jèn tresnanipoen dateng babah King Hok ngawonaken redi anakan. Makaten oegi oepami botena ènget tjinegah déning kasoesilan, rara koeng tamtoe sampoen angroeket King Hok ingkang tansah adamel rimang.

Saking agenging sih, kalamangsa manawi rara Lian saged tjelakan kalijan bah King Hok, kados kala samanten waoe,

[1]) joek = pangoendang dateng anaking loerah. [2]) daokèh = loerah.

anggepipoen boten wont
kalangenan ing loemahing
manah.

Kala samanten pamasar
witjanten : „Engkoh King
kabèh gawéankoe dewé, t

Kala samanten babah K
éwasamanten rèhning roem
kasandèkaken, mrelokaken
bah King Hok poenika
nanging rikoeh mrasadjaka
sang mawèh gati. Mila lad
„Panganan kang énaké m
Witjanten makaten waoe
malih. Sanadjan pantjènip
nanging sarèhning poen
ladjeng kateda kalijan w
tégané akèh, paniliné ija

Kim Lian mangsoeli : „
mangsa djelého nggawèka

Sakedap engkas pamasa
bingah, lega, marem, ladje
ipoen kala nggajoeh poet
mentas katètèl karingkes,
badé medal sang kenja pi
apa manèh ?"

„O, ora, ora rara ! W
marang akoe, ora bakal a
makaten waoe kalijan mès

Kim Lian malengèh mec
karaos owel, ladjeng pitak

„Sirkoe ora !"

Kim Lian seneng mana
dateng grija ageng. Sasan
ing krandjang koembahan,
samanten sampoen wédan

„Kowé kok katon binga

[1]) randjang = patileman t

PERPUSTAKAAN NASIONAL

saroe soewantening auto
ngkang dipoen toempaki
ewin babah King Hok.
en, poen mangoen koeng
oe malih, ngladjengaken

bah nénéman loemebet,
i ; katingal saja wewah
n kenja woejoeng.
édja sarta topi ing ḍipan
n Lian, gadjegé lagi sa-
é saiki wis kosalini manèh,
vi !"
-sir, ḍeg-ḍeg-pjoer. Keke-
rengaken, getering tangan
k woelet kedaling wang-
daktandangi ikoe dadi
koewi kang dadi kase-

anemoekoe, kok koerang
koeh sing samono, toer
h [2]."
gemes, mripatipoen ragi
mah ora ana daokèh ora
-rèhan karo daokèh ikoe
omah."
epama lananga bisa dadi
!"
ngkog langkoeng ageng.
vahi keketeging djantoeng
d, sami sanalika Kim Lian
ateng babah King Hok
gi oepami botena ènget
amtoe sampoen angroeket
ng.
nanawi rara Lian saged
s kala samanten waoe,

ah. [2]) daokèh = loerah.

anggepipoen boten wonten kasenengan ing alam-donja toewin kalangenan ing loemahing boemi ingkang langkoeng damel leganing manah.

Kala samanten pamasanging klamboe mèh rampoeng. Kim Lian witjanten : „Engkoh King Hok. Panganan sing ana médja koewi kabèh gawéankoe ḍéwé, tjoba itjipana, énak apa ora ?"

Kala samanten babah King Hok saweg baḍé tjoetjoel rasoekan, éwasamanten rèhning roemaos preloe ngétjani manah, tjoetjoelipoen kasandèkaken, mrelokaken menḍet panekoek roemijin. Pantjènipoen bah King Hok poenika boten remen teteḍan ingkang legi-legi, nanging rikoeh mrasadjakaken, koewatos bilih adamel tjoewanipoen sang mawèh gati. Mila ladjeng sinamoedana ing temboeng makaten: „Panganan kang énaké mengkéné, akoe doeroeng taoe mangan." Witjanten makaten waoe kalijan mèsem sarta ngambali menḍet malih. Sanadjan pantjènipoen kedah kaboetjal-boetjala ing latar, nanging sarèhning poen Kim Lian ambalang liring, panekoek ladjeng kateḍa kalijan witjanten : „Wah, njamleng, ḍasar mertégané akèh, paniliné ija krasa."

Kim Lian mangsoeli : „Ja ngono koewi sing daksenengi. Akoe mangsa djelého nggawèkaké panganan kowé !"

Sakeḍap engkas pamasangipoen klamboe rampoeng. Manahipoen bingah, lega, marem, ladjeng manḍap saking koersi antjik-antjik-ipoen kala nggajoeh poetjoeking randjang [1]). Klamboe ingkang mentas kaṭèṭèl karingkes, karakoep ing lamboeng kanan. Nalika baḍé medal sang kenja pitakèn : „Engkoh apa ora kepéngin apa-apa manèh ?"

„O, ora, ora rara ! Wis ora koerang-koerang olèhmoe mikir marang akoe, ora bakal akoe kekoerangan apa-apa." Mangsoeli makaten waoe kalijan mèsem.

Kim Lian malengèh medal, nanging sareng mèh doemoegi kori, karaos owel, ladjeng pitakèn : „Engkoh mengko apa ora loenga ?"

„Sirkoe ora !"

Kim Lian seneng manahipoen, teroes medal saking papiljoen ḍateng grija ageng. Sasampoenipoen ngebjoekaken klamboe waoe ing krandjang koembahan, ladjeng leladi bapakipoen ingkang kala samanten sampoen wédangan mawi patjitan panekoek.

„Kowé kok katon bingar temen, hé, nḍoek ! Nalaré apa, déné

[1]) randjang = patileman tosan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

bingarmoe nganti samono ?" Poenika pitakènipoen toewan Liong Tjwan ḍateng anakipoen.

Anakipoen mangsoeli : „Pantjèn akoe ora taoe soesah, kok, pak ! Karo apa ta preloené soesah-soesah koewi ?"

„Ija bener ngono. Manoengsa oerip ana ngalam donja koedoe tansah seneng. Adja nganti kasenengan ikoe roesak déning gagasan kang ora-ora."

Nonah Kim Lian adjeg pikantoek manah saking bapakipoen, awit bapakipoen pantjèn tresna. Namoeng ḍateng iboenipoen ingkang boten poeroen leléda, sanadjan iboenipoen waoe boten naté srengen. Makaten waoe namoeng saking prabawanipoen njonjah Liong Tjwan ingkang ambek djinem djatmika.

Bapa lan anak katingal sakétja anggènipoen goeṭon djagongan, ngaḍep médja isi wédang panganan miraos. Anggènipoen omong-omongan katingal sengsem. Bawaning tijang sepoeh, sampoen ngalami bab warni-warni, sadangoenipoen omong kosong waoe saja tjeṭa soemerepipoen, bilih anakipoen gaḍah manah ḍateng King Hok, karéréhanipoen. Saja goemjeg anggènipoen omong-omongan, saja tjeṭa soemerepipoen, sanadjan Kim Lian sanget angeker.

Makaten waoe ḍapoer kapasang-jogja, awit bapakipoen inggih trisna ḍateng ki djaka ingkang dados lampahan, tabet saking pinteripoen ḍateng padamelan. Mila ing batos sèwoe soekoer oepami kaleksanan saged dados mantoenipoen.

Nanging babah King Hok poenika néném an ingkang wegig, boten gampil ingapoeskrama. Wonten ing toko Hwat Sing Hoo, inggih poenika toko panggénanipoen mardamel, pijambakipoen pantjèn dados poenggawa ingkang poendjoel ing apapak. Ingkang poenika toewan Liong Tjwan sampoen angganṭa, manawi anakipoen saèstoe ḍaoep kalijan pijambakipoen, ki djaka ginaḍang dados „Koewasa I", malah saged oegi baḍé dipoen pasrahi toko pisan, inggih poenika manawi ki daokèh sampoen sepoeh, sampoen wantjinipoen ngaso, among raga.

Rantjangan poenika dados salah satoenggaling sabab, anggènipoen poen daokèh tansah toemamboeh, sanadjan sampoen soemerep sengsemipoen nini prawan mèh loemangkah ing taker.

Nalika ki daokèh kalijan prawanipoen katoengkoel omong kosong waoe, toewan King Hok lakak-lakak oetjoel tjlana kaoentjalaken ḍateng tempat tiḍoer kalijan ladjeng witjanten pijambakan makaten:

„Eh, Kim Lian, Kim L
samono geḍéning kabetjika
kaprijé olèhkoe bisa nimb
kowé."

Plengèh, mèsem kalijan
main koemiḍi. Tandang-t
ḍemen. Jèn ora mangkonc
ora bisa olèh pangrengkoe
Lega rasaning atikoe. Nan
jèn satemené akoe ora bisa

II. KING HOK ḌA

Kadjawi anggaḍahi sipa
golonganipoen moeḍa ingk
main tènis toewin noemp
ingkang mèh boten kéng
pijambakipoen gaḍah pit m
Kim Lian sabapakipoen, k
gènipoen anḍinḍal inggih
momong bendara toewin
rèhning remenipoen ḍateng
kétang njamboet-njamboe
taksih katingal anggènipoe

Ing satoenggiling dinten
wahipoen nggredjèh kados
sareng sampoen serap. Ma

Kala samanten bah Kir
éndjing sampoen késah ḍa
para anèm barakanipoen.
gampil kémawon pikantoek
keket ḍateng jatra, oegi a

Sampoen adjegan, angg
mesṭi kontrang-kantring. W
saja koemroengsoeng, mala
sampoen djam 5 meksa dèr
ketiring manahipoen, oepa
gandroeng waoe mawi pit

PERPUSTAKAAN NASIONAL

itakènipoen toewan Liong

ora taoe soesah, kok, pak !
ewi ?"
ana ngalam donja koedoe
koe roesak déning gagasan

ah saking bapakipoen, awit
ḍateng iboenipoen ingkang
n waoe boten naté srengen.
awanipoen njonjah Liong
.
ènipoen goeṭon djagongan,
raos. Anggènipoen omong-
tijang sepoeh, sampoen
n omong kosong waoe saja
aḍah manah ḍateng King
ggènipoen omong-omongan,
Lian sanget angeker.
a, awit bapakipoen inggih
ampahan, tabet saking pin-
atos sèwoe soekoer oepami

néném ingkang wegig,
ing toko Hwat Sing Hoo,
mardamel, pijambakipoen
djoel ing apapak. Ingkang
angganṭa, manawi anak-
ipoen, ki djaka ginaḍang
baḍé dipoen pasrahi toko
sampoen sepoeh, sampoen

oenggaling sabab, anggèn-
sanadjan sampoen soemerep
gkah ing taker.
katoengkoel omong kosong
etjoel tjlana kaoentjalaken
anten pijambakan makaten:

„Eh, Kim Lian, Kim Lian! Mesakaké temen awakmoe, déné samono geḍéning kabetjikanmoe marang akoe, djeboel ..... Ah, kaprijé olèhkoe bisa nimbangi asih, wong akoe ora ḍemen karo kowé."

Plengèh, mèsem kalijan njopot kaos : „He-eh, akoe koedoe bisa main koemiḍi. Tandang-tandoekkoe koedoe takgawé kaja wong ḍemen. Jèn ora mangkono, moendak diladaki baé akoe, bandjoer ora bisa olèh pangrengkoeh kang kaja mangkéné iki. Ha, ha, ha ! Lega rasaning atikoe. Nanging, saka saṭiṭik koedoe dakprasadjani, jèn satemené akoe ora bisa nimbangi sihé."

II. KING HOK ḌAWAH SAKING PIT MOTOR.

Kadjawi anggaḍahi sipat limpad, poen King Hok poenika inggih golonganipoen moeḍa ingkang remen oelah raga. Bal-balan remen, main tènis toewin noempak pit motor, dados kasenenganipoen ingkang mèh boten kénging ginggang ing sadintenipoen. Naté pijambakipoen gaḍah pit motor, nanging rèhning ladjeng kaawisan Kim Lian sabapakipoen, kapeksa pit motor waoe kaḍinḍal. Anggènipoen anḍinḍal inggih namoeng soepados katingala poeroen momong bendara toewin ingkang mawèh gati. Éwasamanten rèhning remenipoen ḍateng pit motor waoe dèrèng telas, mila boten kétang njamboet-njamboet gaḍahaning kantja, saben minggoe taksih katingal anggènipoen ḍat-ḍot.

Ing satoenggiling dinten kaleresan dinten Minggoe sonten djawahipoen nggredjèh kados boten poeroen kèndel. Terang-terang sareng sampoen serap. Margi-margi taksih sami teles lan loenjoe.

Kala samanten bah King Hok boten wonten ing grija, wiwit éndjing sampoen késah ḍateng djawi kiṭa, pit-pitan motor kalijan para anèm barakanipoen. Toemrap bah King Hok pit motor waoe gampil kémawon pikantoekipoen samboetan, djalaran kadjawi boten keket ḍateng jatra, oegi apawakan sekar, kaṭah ingkang remen.

Sampoen adjegan, angger ki djaka boten wonten, ni prawan mesṭi kontrang-kantring. Wiwit djam 4 ṭèng pangantoe-antoenipoen saja koemroengsoeng, malah manahipoen ladjeng ketir-ketir sareng sampoen djam 5 meksa dèrèng ḍateng. Iba baḍé kadospoendi ketir-ketiring manahipoen, oepami ngretosa jèn késahipoen sang mawèh gandroeng waoe mawi pit motor.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Wiwit kala samanten ngantos doemoegi djam 6 tèng ni kenja kados kinelèt ing koersi, boten mingset anggènipoen ngaḍang wonten ing gadri ngadjeng. Wasana ladjeng mireng soewantening pit motor, djeng, djeng, djeng, taksih radi tebih, nanging boten njana babarpisan, jèn poenika toempakanipoen ingkang dipoen entosi. Boten let dangoe, mak lap, lir kilap ki djaka ingkang katingal. Aḍoeh, apes ḍoemawah! Déning loenjoenipoen margi, ènggokipoen pit motor ingkang loemampah lir ṭaṭit, anggoling keplanting. Pit motor mlesat, King Hok mentjelat. Breg, ngeg! Kaḍawahan pamlesating pit motor. Njoemerepi ingkang makaten, embok prawan boten saranta, bleber mentjolot mladjengi, tetoeloeng poen apes.

Ing ngrikoe sanalika sampoen kebak tijang. Wonten ingkang namoeng ngroeboeng ningali, wonten ingkang nijat tetoeloeng. Wonten bangsa Tionghwa kekalih ingkang boten ngétang regeding panganggé, oengkak-oengkek ngangkat pit motor ingkang ngebroeki poen apes. Sanèsipoen wonten ingkang oepjek pados ès kanggé ngomprès, kanggé nahan doemlodoking erah.

Kim Lian sampoen boten èwed-pakèwed, boten predoeli ḍateng kaṭahing tijang, sang anèm telenging manik ingkang kala samanten sampoen boten ènget, dipoen tjelaki, sirahipoen kaangkat, dipoen pangkoe. „Eau de cologne! Eau de cologne! Gelis, golèka eau de cologne!" Makaten pambengokipoen, sareng tjeṭa kekasihipoen meksa dèrèng ènget.

Boten let dangoe wonten ingkang ḍateng mbekta lisah peṭak. Poenika déning Kim Lian ladjeng kanggé mblonjo goeloe saha rai. Nanging dèrèng wonten antawisipoen mitoeloengi. Babah King Hok ingkang mentas mentjelat kantep meksa dèrèng ènget.

Embok rara saja bingoeng, tamboeh poenapa ingkang baḍé katindakaken. Lingak-lingoek, ngiwa-nengen, sadjak madosi poenapa-poenapa ingkang kénging kanggé ngoesadani sang kantoe. Kringetipoen gobjos, asrep, pating dalèwèr ing rai. Sanḍanganipoen ingkang waoenipoen aloes lan resik, sapoenika nggedémbol déning reregeding margi mentas kedjawahan.

Babah King Hok dipoen djiwit, dipoen petiki, meksa boten saged ènget. Ladjeng andjelih sora, mandeng tetijang ingkang sami ngroeboeng. „Djoendjoengen iki, gotongen menjang omah kono!"

Sanalika wonten tijang kalih ingkang poeroen toemandang,

toewan King Hok kagotong
grija. Doemoegi ing kamari
ing ḍipan. Sang kenja éng
opjokaken ing rainipoen ing
dipoen petiki, moerih toemoe
King ....., King Hok!"

Mireng goemoeroeh ing
ingkang manggih alangan rè
sanjonjahipoen ḍarakalan ḍ
tjinalon ing batos. Doemo
saweg oeṭeg ngepjok-epjok

„Ana apa Kim Lian?"

„Iki koh King Hok tiba

„Tatoe apa pijé?"

„Emboeh iki. Kok doeroe

„Djoepoekna smelling-sal
karbèn ndang éling."

Paréntahing bapa kaèsto
smelling-salt toewin tjlekitin
bjar! Tolah-tolih kados tija
baḍé ébah, ambengok, san
poepoekoe. Aḍoeh, hng-hng

Entjik Liong Tjwan sato
djembar ing pamanah, mila
ingkang kados makaten. Ta
kloenjoer moeroegi panggèna
ḍateng toemoenten.

Rrrrr reg! Ḍokter ḍateng
saweg wonten soedanipoen
pit motor tatoening soekoe ka
dokter boten kénging ébah
kémawon, ngantos sawataw

Pangrimatipoen mbok rara
déné tangkepipoen iboe ḍa
sampoen marambah-rambah

[1]) smelling salt = djoer-djoe

KON. BAT. GENOOTSCHAP VAN K. EN W.
PERPUSTAKAAN NASIONAL

toewan King Hok kagotong, kairid nonah Kim Lian loemebet ing grija. Doemoegi ing kamaripoen King Hok pijambak, katilemaken ing ḍipan. Sang kenja énggal menḍet eau de cologne kaopjok-opjokaken ing rainipoen ingkang kantoe, kalijan wongsal-wangsoel dipoen petiki, moerih toemoentena ènget: „King, ... King Hok! King ....., King Hok!"

Mireng goemoeroeh ing djawi, poenapa déné njoemerepi jèn ingkang manggih alangan rèrèhanipoen kinasih, entjik Liong Tjwan sanjonjahipoen ḍarakalan ḍateng kamaripoen ki mantoe ingkang tjinalon ing batos. Doemoegi ing ngrikoe pinanggih anakipoen saweg oeṭeg ngepjok-epjok sirahipoen sang kantaka.

„Ana apa Kim Lian?"

„Iki koh King Hok tiba saka pit motor."

„Tatoe apa pijé?"

„Emboeh iki. Kok doeroeng bisa éling."

„Djoepoekna smelling-salt [1]). Ambokna karo djiwiten lengené, karbèn ndang éling."

Paréntahing bapa kaèstokaken. Saèstoe, kataman gandaning smelling-salt toewin tjlekiting djiwit, ingkang klenger saged melèk, bjar! Tolah-tolih kados tijang mentas tangi tilem, nanging sareng baḍé ébah, ambengok, sambat: „Aḍoeh, sikilkoe! Hm, larané poepoekoe. Aḍoeh, hng-hng, hng ....."

Entjik Liong Tjwan satoenggiling tijang ingkang sarèh sarta djembar ing pamanah, mila boten bingoeng déning kawontenan ingkang kados makaten. Tanpa sandjang poenapa-poenapa, mak kloenjoer moeroegi panggènan telefoon, ngoendang dokter kapoerih ḍateng toemoenten.

Rrrrr reg! Ḍokter ḍateng. Babah King Hok kapriksa, kapreban; saweg wonten soedanipoen sawatawis. Déning kanteb kebregan pit motor tatoening soekoe kapétang sanget, mila saking pakènipoen dokter boten kénging ébah-ébah, kedah ngalèlèh ing randjang kémawon, ngantos sawatawis dinten.

***

Pangrimatipoen mbok rara ḍateng sang kanin boten siwah kados déné tangkepipoen iboe ḍateng anak belahaning ḍiri. Sanadjan sampoen marambah-rambah bah King Hok pijambak menging,

[1]) smelling salt = djoer-djoeran kanggé njenggroek.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

nanging nonah Kim Lian meksa tansah soemanḍing, ngramoet saprajoginipoen. Kanṭi éklasing manah éndjing doemoegi sonten tansah andjagi ing kamar.

Éndjingipoen taksih oemoen-oemoen nonah Kim Lian sampoen ḍateng ing senṭongipoen sang wegig, lan kaleresan kala samanten sampoen tangi. Kim Lian pitakèn : „Keprijé koh, apa wis kepénak ?"

„Ija, wis ana soedané ..... Betjik temen kowé nonah, nganti gelem tetoeloeng sing semono marang akoe ..... Saiki pantjèn wis rada kepénak, ... moeng jèn kanggo mlakoe sadjaké doeroeng kena."

„Pakoné dokter, kowé pantjèn koedoe toeron baé. Saṭiṭiké koedoe ana satengah sasi. Akoe wis kanḍa bapak. Kowé diwènèhi perlop rong minggoe." Witjanten makaten poenika kalijan linggih ing koersi satjelaking tempat tiḍoer.

Ribeng raosing manahipoen toewan King Hok ngèngeti saéning pangrengkoehipoen embok rara. Pijambakipoen roemaos oetang boedi ingkang sakalangkoeng ageng. Sakala ṭoekoel krenteging manah kepéngin males boedi ingkang timbang kalijan pandamelipoen embok rara waoe.

Wasana saweg nggagas-nggagas makaten, katoengka mbok rara witjanten, makaten : „Dak-arani kowé kebandjoer mati koh ..... Akoe bijèn rak wis kanḍa, lali-lali dèn élingna adja noenggang pit motor manèh. Généa ta engkoh kok mbaèkaké kanḍakoe karo empèk [1])?"

„Rara, akoe ora wedi mati ! Sabab jèn akoe mati ora ana sing kélangan."

„Èlèk temen goenemmoe koh. Kowé rak ja ngreti jèn akoe bakal seḍih, jèn engkoh sida mati déning djalaran kang mengkono ?"

„Généa ?"

„Lah wong ..... lah wong ..... lah wong akoe ḍemen karo kowé !" Pjar, praènipoen soemamboerat abrit, nonah Kim Lian ambarabak kala koemetjap makaten waoe.

Bah King Hok kèwedan, bingoeng, djoeḍeg ! Ing ngatasipoen karoban sih samanten agengipoen, poenapa inggih prajogi nampik warasan ḍateng weḍaring tresna ingkang makaten ? Poenapa panampik makaten poenika boten anama pangina ?

---

[1]) empèk = oewa (ing ngriki kadjengipoen bapak).

Bleng éblis mandjing nga
kilap, koemapoeroen nindak
djengaken. Sadjak tanpa ka
Kim Lian kala Kim Lian pi
Boten ngétang baḍé kadospo

Ha, kasembadan pangont

Kala samanten Kim Lian
Hok djeboelipoen nimbangi s
padosi.

Éblis ngontjati. King Hok
roemaos kasasar anglanggar
ingkang taksih toemoempang

„Astaga ! Akoe nindakak
toemindak mangkono." Mak

Kim Lian kagèt, ladjeng pit
kasalahan gedé koewi, hé ?"

King Hok sampoen saḍija
poenika satoenggaling kalep
goenipoen pantjèn boten re
déné ladjeng ènget bilih wa
natoni manahipoen sang kenj
ḍateng pijambakipoen. Woe
andomblong, mandeng tjitra
sarta ladjeng toewoeh pitakè
poenapa sababipoen déné bot
kirang ajoenipoen sang kenj

Kenja Kim Lian dipoen
raos-raosaken teka meksa ng
mbok rara. Poenika boten te
saéning tangkepipoen. Maligi
takanipoen. Boten namoeng
tandoek kémawon ingkang sa
wantoe oegi saged ndjiret sat
ing salamining gesang.

Wonten wanita éndah, tra
kalebet hartawan, teka ingg
inggih namoeng boten tjètj
dados djalaran. Pantjèn in

PERPUSTAKAAN NASIONAL

ah soemanḍing, ngramoet
éndjing doemoegi sonten

nonah Kim Lian sampoen
n kaleresan kala samanten
ijé koh, apa wis kepénak ?"
temen kowé nonah, nganti
akoe ..... Saiki pantjèn
n kanggo mlakoe sadjaké

toeron baé. Saṭiṭiké koedoe
ak. Kowé diwènèhi perlop
oenika kalijan linggih ing

King Hok ngèngeti saéning
bakipoen roemaos oetang
Sakala ṭoekoel krenteging
bang kalijan pandamelipoen

katen, katoengka mbok rara
kebandjoer mati koh .....
élingna adja noenggang pit
mbaèkaké kanḍakoe karo

èn akoe mati ora ana sing

ak ja ngreti jèn akoe bakal
laran kang mengkono ?"

lah wong akoe ḍemen karo
at abrit, nonah Kim Lian
oe.
djoeḍeg ! Ing ngatasipoen
napa inggih prajogi nampik
gkang makaten ? Poenapa
na pangina ?

n bapak).

Bleng éblis mandjing ngawonaken manah djoedjoer. King Hok kilap, koemapoeroen nindakaken pandamel ingkang boten kina-djengaken. Sadjak tanpa kamanah King Hok sampoen ngrangkoel Kim Lian kala Kim Lian pinoedjoe toemoengkoel ing tjaketipoen. Boten ngétang baḍé kadospoendi kadadosanipoen ing tembé.

Ha, kasembadan pangontog-ontogipoen mbok rara.

Kala samanten Kim Lian roemaos manggih sisik-melik, jèn King Hok djeboelipoen nimbangi sih. Gèk poenapa malih ingkang dipoen padosi.

Éblis ngontjati. King Hok getoen, kadoewoeng ngoental weḍoeng, roemaos kasasar anglanggar kasoesilan. Tanganipoen rara brangta ingkang taksih toemoempang ing ḍaḍanipoen dinoewa sanalika.

„Astaga ! Akoe nindakaké kasalahan geḍé. Ora kena akoe toemindak mangkono." Makaten pangoetjapipoen.

Kim Lian kagèt, ladjeng pitakèn : „Généa ? Apa sing kokkarepaké kasalahan geḍé koewi, hé ?"

King Hok sampoen saḍija baḍé walèh, bilih nggepok prawan poenika satoenggaling kalepatan ageng, poenapa malih gèk loe-goenipoen pantjèn boten remen ḍateng ni prawan waoe. Begdja, déné ladjeng ènget bilih walèh ingkang makaten poenika saged natoni manahipoen sang kenja, ingkang sampoen ageng dananipoen ḍateng pijambakipoen. Woesananipoen bah King Hok namoeng andomblong, mandeng tjitranipoen nonah ingkang soemanḍing, sarta ladjeng toewoeh pitakènipoen ḍateng badanipoen pijambak : poenapa sababipoen déné boten saged nimbangi sih, poenapa saking kirang ajoenipoen sang kenja ?

Kenja Kim Lian dipoen sawang malih sewèwèh-ijèn. Dipoen raos-raosaken teka meksa nglepèh, meksa dèrèng koemanṭil ḍateng mbok rara. Poenika boten teka saking kirang ajoe toewin kirang saéning tangkepipoen. Maligi déning boten tjonḍong ḍateng wewa-takanipoen. Boten namoeng moeka toewin arta oetawi tandang-tandoek kémawon ingkang saged mbangoen tresna, sanadjan watak-wantoe oegi saged ndjiret satoenggal lan satoenggalipoen, langgeng ing salamining gesang.

Wonten wanita éndah, trapsila tandang-tandoekipoen, toer oegi kalebet hartawan, teka inggih wonten prija ingkang boten sotah, inggih namoeng boten tjètjèg watak-wantoenipoen ṭok ingkang dados djalaran. Pantjèn ingkang saged djoḍo poenika namoeng

PERPUSTAKAAN NASIONAL

manawi noenggil wewatakan. Inggih noenggil wewatakan makaten poenika ingkang saged andjalari laki lan rabi sami kasok sihipoen.

Nah inggih kedah makaten poenika pantjènipoen poen Kim Lian lan poen King Hok. Djeboel boten. Watak-wantoenipoen Kim Lian boten wonten ingkang dipoen tjondongi King Hok. Tjobi. Kim Lian makaten kenja ingkang kalebet kéwat, seneng nglairaken katrisnanipoen ḍateng prija. Lah mangka karemenanipoen King Hok poenika wanita ingkang roeroeh, djinem lan saged njepeng adjining ḍiri.

Nonah Kim satoenggiling kenja ingkang banter ing watak, sadaja kekadjenganipoen boten kénging winaonan. Déné poen King Hok remen pawèstri ingkang mbangoen-toeroet, poeroen dipoen sandjang-sandjangi.

Malih. Sang kenja angkoeh ing boedi, boten gampil sapa-aroeh ḍateng sok tijanga. Gèk bah King Hok remen ḍateng pawèstri ingkang saged gapjak-gapjoek, soemanak ḍateng saḍéngah tijang. Mila kénging winastanan, tjekak-aosipoen watak-wantoenipoen embok rara Lian boten wonten ingkang maṭoek kalijan iḍam-iḍamanipoen sang anèm.

Kéwatipoen, angkoehipoen poenapa déné banteripoen, poenika manawi saèstoe dados djatoekrama, baḍé tansah dados wewinihing para padoe, tiwas-tiwas njenjakit manah.

Tjeṭa wéla-wéla poenapa sababipoen déné ki djaka panggah boten saged nimbangi katrisnanipoen embok parawan. Nanging dadak temboengipoen ingkang sampoen sami pating kredoet ing lambé sijos boten poeroen medal. Gagasan sanès ṭoekoel, bilih makaten poenika njerik-njerikaken ni kenja ingkang saweg kémawon mentas itjip-itjip raosipoen tresna sadjati.

Nonah Kim Lian ngretos jèn King Hok éwoeh-aja anggènipoen baḍé mangsoeli. Éwasamanten inggih dipoen teter kémawon: „Endang wangsoelana. Apa sing kokarepaké kaloepoetan geḍé koewi?"

Sakalangkoeng èwed anggènipoen mangsoeli bah King Hok: „Pantjèn, akoe nindakaké kaloepoetan geḍé, djer akoe wis koemawani nradjang saraking tatatjara. Apa akoe ora salah, ing atasé djaka nggepok prawan, Lian? Akoe iki rak wong Tionghwa, dadi koedoe memoelé kasoesilan loewih tinimbang lijané."

„Haijah, jèn pantjèn kow
akoe tresna marang kowé, a
kasoesilan. Ora baé!"

Tjep, babah King Hok bo
panonipoen peteng. Pikiran
salebetipoen reribed ageng.
krandjingan éblis kaanggé
pijambakipoen saèstoe nimb

„Akoe sakloron bakal oer
Makaten witjantenipoen no

Toewan King Hok boten
nika malah damel lega la
Rreggg, koersinipoen saja
anggènipoen ngeloes-eloes
ipoen ḍowal-ḍawoel. Makat
tèḍèng aling-aling anggènip

Boten antawis dangoe da
takèn kadospoendi sakitipoe
tawis, ki daokèh medal sesa

Toewan King Hok kanto
pamikir. Samangké dédé
nanging anggènipoen sembra
boten saged tilem sakétja. P
déning Kim Lian, jèn ta loeg
Pijambakipoen soemerep tjeṭ
limrahipoen kenja, ingkang
kagelan oetawi katjoewan.
kémawon, margi pantjèn k
manawi dipoen serikaken
tandangipoen kados sima ng
ingkang poeroen „ganggoe
pinoedjoe makaten erah ka
nggegirisi.

„Ora dadi apa! Oeler-oel
loegoené ora tjotjog karo ḍ

Sasampoenipoen anggembi
ribeng saweg saged tilem sa

PERPUSTAKAAN NASIONAL

ggil wewatakan makaten
abi sami kasok sihipoen.
tjènipoen poen Kim Lian
atak-wantoenipoen Kim
ḍongi King Hok. Tjobi.
kéwat, seneng nglairaken
a karemenanipoen King
inem lan saged njepeng

banter ing watak, sadaja
n. Déné poen King Hok
et, poeroen dipoen san-

boten gampil sapa-aroeh
remen ḍateng pawèstri
ḍateng saḍéngah tijang.
oen watak-wantoenipoen
g maṭoek kalijan iḍam-

éné banteripoen, poenika
tansah dados wewinihing
.

déné ki djaka panggah
mbok parawan. Nanging
sami pating kredoet ing
asan sanès ṭoekoel, bilih
enja ingkang saweg ké-
a sadjati.

k éwoeh-aja anggènipoen
dipoen teter kémawon:
repaké kaloepoetan geḍé

angsoeli bah King Hok:
ḍé, djer akoe wis koema-
akoe ora salah, ing atasé
ak wong Tionghwa, dadi
bang lijané."

„Haijah, jèn pantjèn kowé tresna marang akoe, mangkono oega akoe tresna marang kowé, apa sababé bab koewi diarani nglanggar kasoesilan. Ora baé!"

Tjep, babah King Hok boten saged mangsoeli. Sirahipoen moemet, panonipoen peteng. Pikiranipoen molak-malik, King Hok wonten salebetipoen reribed ageng. Patrapipoen ingkang tanpa pinikir kala krandjingan éblis kaanggé tanḍa jekti déning nonah Lian, bilih pijambakipoen saèstoe nimbangi tresna.

„Akoe sakloron bakal oerip seneng, koh, jèn wis klakon ḍaoep." Makaten witjantenipoen nonah Kim Lian.

Toewan King Hok boten koemetjap, namoeng manggoet. Poenika malah damel lega lan bingahing manahipoen nonah Kim. Rreggg, koersinipoen saja katjaketaken, boten kenḍat-kenḍat anggènipoen ngeloes-eloes sirahipoen ki djaka, ingkang ramboetipoen ḍowal-ḍawoel. Makaten oegi ginemipoen ngetjoewis, boten tèḍèng aling-aling anggènipoen nglairaken genging soeka.

Boten antawis dangoe daokèh Liong Tjwan mlebet ngénḍangi, takèn kadospoendi sakitipoen. Sareng sampoen imbal ginem sawatawis, ki daokèh medal sesarengan lan anakipoen.

Toewan King Hok kantoen pijambakan, ngalèlèh, roewet ing pamikir. Samangké dédé raosing tatoe ingkang adamel seḍih, nanging anggènipoen sembrana atanpa nalar ingkang moeroegaken boten saged tilem sakétja. Poenapa ingkang baḍé dipoen tjakaken déning Kim Lian, jèn ta loegoenipoen pijambakipoen boten tresna? Pijambakipoen soemerep tjeṭa, bilih nonah Kim Lian boten kados limrahipoen kenja, ingkang sagedipoen namoeng nangis manawi kagelan oetawi katjoewan. Joek Kim wentala toemindak poenapa kémawon, margi pantjèn kenja banter saèstoe. Poenapa malih manawi dipoen serikaken manahipoen, ooo, galakipoen medal, tandangipoen kados sima ngoeber mangsan. Boten predoeli sinten ingkang poeroen „ganggoedamel", mesṭi linawan poeroen. Jèn pinoedjoe makaten erah kaanggep kados toja limrah. Pantjèn nggegirisi.

„Ora dadi apa! Oeler-oeler kambang akoe bisa meḍaraké, jèn loegoené ora tjotjog karo ḍèwèké."

Sasampoenipoen anggemblengaken tékad kados makaten, poen ribeng saweg saged tilem sakétja.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

III. KIM LIAN ANGSAL KANTJA ÈSTRI, NAK-NḌÈRÈKIPOEN.

Kadadosan ing nginggil sampoen kapengker saminggoe.

Atas panedanipoen Kim Lian, Liong Tjwan sagotrah soemené ḍateng Lawang, ing pasanggrahanipoen pijambak „Villa Augustina", sageda njegeraken badan saminggoe laminipoen. Toewan King Hok kaadjak, djer toedjoening tirah nirahaken ingkang nembé kapesan.

Babah King Hok sampoen saged gremet-gremet, dèrèng saged loemampah rentjang, mila manoet pamanggihipoen Kim Lian, ki djaka kedah pikantoek panggénan kanggé ngaso, soemené ing paredèn ingkang seger hawanipoen.

Saben éndjing tetijang Lawang saged ningali sang anjar katon, inggih babah King Hok kalijan joek Kim, anggènipoen tansah reroentoengan, mlampah-mlampah kanṭèn asta saking Kali Soerak ḍateng Bangbangan, wangsoel malih ḍateng pasanggrahanipoen ing villa ingkang wonten ing Kali Soerak waoe.

Babah King Hok saja kèwedan dipoen ṭoeki patrap ingkang makaten. Baḍé ladjeng ngeblak anggènipoen boten tjotjog, roemaos awrat ; baḍé damel-damel atindak tresna, soemerep baḍé saja boten prajogi kadadosanipoen.

Ing satoenggiling dinten wantji éndjing, rikala kekalihipoen pinoedjoe mlampah-mlampah, toewan King Hok paripeksa nglairaken pangoeneg-oeneging manah : „Rara, pandjaloekkoe kowé mengko adja rengoe, jèn akoe nglairaké apa-apa kang koerang kepénak."

„Apa ? Koerang kepénak ? Akoe emoh ngroengokaké kang koerang kepénak ! Éwadéné jèn kapeksa engkoh koedoe meḍaraké, ja bèn ta wis ! Keprijé, tjoba takroengokné !"

Tanganipoen ki djaka oewad-oewed kados wonten poenapa-poenapanipoen, déning awrat baḍé soemambet.

„Wroehanamoe, rara, akoe moeng poenggawa, dadi ora béda karo abdi, apa manèh gèk akoe woes lantjang, toemindak kang loewih déning ora patoet. Salah banget jèn kowé milih akoe, wong ora koerang-koerang para hartawan kang glagaté ngesir kowé."

Kim Lian soemambet sarwi goemoedjeng, geli-geli anjel : „Salah banget ? Ha ! Kirakoe kowé koewi prija kang limpad banget, djeboel

tibané kosokwangsoel. Wroe
bener lan ora ana barang k
koné ḍaoepkoe lan kowé. Jè
roepak, gèk endi sing djemb
bagja moenggoeh anggonkoe
mami ija koanggep roepak k

„Nanging ....."

„Nanging apa ? Akoe wis
samesṭiné dadi timbangankoe
kono ! Engkoh ora ngreti, jèr
iki ora ana wong soegih, ora a
kadjaba moeng kowé koh. Sa
njlekoeṭik, roemangsa mlara
akoe. Koh King Hok, tresna i
wis, wis, adja ngremboeg iki

Tjep klakep babah King Ho
adjengipoen baḍé saged ngl
nanipoen kadjoegag. Nonah
gènipoen klelep ing tirta as
poenapa-poenapa malih. Ingka
ratri namoeng béndjang poen
Hok sang bagoes.

Dalah tangkebipoen toewa
babah King Hok boten kiran
ki djaka saja dangoe saja ro
sagedipoen oewal.

Ingkang katjarijos samang
kadadosan ing nginggil. Toe
tandang-damel kados adat-sab
genging bingahipoen.

Kalih dinten sasampoenipo
éndjing, ing ngadjenging grija
ḍokar manḍeg, lan katingal
sarwa peṭak mawi njangkir
sawang-sawoenganing wadan
panganggénipoen kémawon m

Prawan Toewa

PERPUSTAKAAN NASIONAL

tibané kosokwangsoel. Wroehanamoe, ora ana barang kang loewih bener lan ora ana barang kang loewih njenengaké, kadjaba kalakoné ḍaoepkoe lan kowé. Jèn ta panganggepmoe panemoekoe iki roepak, gèk endi sing djembar. Papi karo mami sèwoe mangajoebagja moenggoeh anggonkoe pepatjangan iki. Hara, apa papi karo mami ija koanggep roepak kaja akoe ?"

„Nanging ....."

„Nanging apa ? Akoe wis ngreti, kowé rasa risi, roemangsa ora samesṭiné dadi timbangankoe, doepèh ora soegih. Ora, ora mengkono ! Engkoh ora ngreti, jèn moenggoehing akoe sangalam-donja iki ora ana wong soegih, ora ana wong pinter, ora ana wong trapsila kadjaba moeng kowé koh. Saiki engkoh ngreti, jèn rasamoe kang njlekoeṭik, roemangsa mlarat, ikoe doedoe apa-apa toemraping akoe. Koh King Hok, tresna ikoe ngalahaké moebarang. Kang ikoe wis, wis, adja ngremboeg iki manèh, akoe soeṭik ngroengokaké."

Tjep klakep babah King Hok boten saged gineman. Pangadjeng-adjengipoen baḍé saged nglairaken kalajan terang bab katresnanipoen kadjoegag. Nonah Kim Lian kaladjeng-ladjeng anggènipoen klelep ing tirta asmara, mila sampoen boten predoeli poenapa-poenapa malih. Ingkang tjoemiṭak ing panon sijang pantara ratri namoeng béndjang poenapa kaleksanan ḍaoep kalajan King Hok sang bagoes.

Dalah tangkebipoen toewan Liong Tjwan djaler-èstri ḍateng babah King Hok boten kirang-kirang memenḍet manah, ngantos ki djaka saja dangoe saja roemaos kasingset tetangsoel, tangèh sagedipoen oewal.

***

Ingkang katjarijos samangké sampoen let sawoelan kalijan kadadosan ing nginggil. Toewan Liong Tjwan sabrajat sampoen tandang-damel kados adat-saben. Kim Lian saja lema, seger déning genging bingahipoen.

Kalih dinten sasampoenipoen poenika, watawis djam sadasa éndjing, ing ngadjenging grijanipoen toewan Liong Tjwan wonten ḍokar manḍeg, lan katingal wonten wanita meḍak manganggé sarwa peṭak mawi njangking boentelan alit. Katingal saking sawang-sawoenganing wadana sang dyah nahen doehkita. Saweg panganggénipoen kémawon mratjihnani, jèn sang ajoe saweg nan-

PERPUSTAKAAN NASIONAL

ḍang wijoga seḍih. Alon lampahipoen sang retna, sadjak sampoen tanpa daja. Andjoedjoeg pengkeran pinanggih njonjah Liong Tjwan, ingkang kala samanten saweg katoengkoel njoelam kanṭong anggèn-anggènipoen tijang kolot, inggih poenika kanṭong ingkang maṭoek kasoewelaken ing angkin.

Bawaning sampoen sepoeh, njonjah Liong Tjwan mata-mata-kapèn, ragi pandoeng kaworan goemoen, gèk kedah boten pitados.

„Elo, kok Ing Nio! ..... O, anakkoe nggèr. Kapan, nggèr, tekamoe, lan kena apa sadjak teka seḍih?"

Tjan Ing Nio, inggih poenika retna ingkang tigas kawoerjan, boten saged toemoenten mangsoeli, déning tangisipoen boten kénging kaampet. Mingseg-mingseg mèh kamisesegen. Sareng sampoen ragi aring, saweg saged mangsoeli pegat-pegat déning senggrak-senggroekipoen dèrèng mantoen babarpisan.

„O, Allah, tjim [1])! Walèh-walèh apa sowankoe mréné iki ḍapoer golèk pangajoman. Ja ora talah temen, sapatiné empèk akoe ditoenḍoeng iboekoe koewalon."

„Hé! Ditoenḍoeng? Généa ditoenḍoeng?"

„Bareng empèk mati, watara let sesasi siboe wiwit bosen daknggèngèri. Akoe dikongkon olah-olah kaja déné koki, dikongkon oembah-oembah lan njamboetgawé lijané satjaraning baboe. Kabèh maoe daklakoni kanṭi toewadjoeh. Dilalah bareng akoe nglakoni seminggoe kaja ngono koewi ginandjar lara medjen, lan kapétoeng banget, nganti kapeksa moeng loemah-loemah ing patoeron. Koewi djeboel dadi djalaran siboe moentap nepsoené. Boebar lara akoe ditoenḍoeng, keplajoe mréné iki."

„Karo sapa réwangmoe saka Djombang? — Pantjèn embok koewalon ikoe kèh-kèhané kaja kéwan, ora ngélingi jèn ḍèk geblagé aḍik isih doewé tinggalan akèh. — Sapa réwangmoe, nggèr?"

„Idjèn baé, tjim. Ora kajaa, nalika akoe ditoenḍoeng koewi akoe ora doewé ḍoewit sabil-bila, gèk ja ora disangoni sigar gowèng. Toedjoené ali-ali tinggalané swargi siboe isih, ikoe dak-edol sapajoe-pajoené, dak-enggo sangoe mréné iki. Adjaa mangkono mangsa bisaa akoe ketemoe entjim."

„Kebangeten ané! O, Allah, ḍi, ḍi, déné wong wadon kaja ngono maoe-maoené teka ko-epèk bodjo. — Wis ta, Ing, saiki kowé anaa kéné baé."

[1]) entjim = bibi.

„Ja matoer noewoen, tjim.

„Ija, kowé anaa kéné baé
Kim Lian. Kowé rak bisa rév
mramoegarèni balé-omah ta

Bingahing manahipoen Ing
mireng witjantenipoen entjimij
ipoen ingkang nijat baḍé dip
Liong Tjwan boten poeroen
kadadosanipoen.

Sang kawelas-asih oemirin
Aloeming praoepanipoen samp
semoe. Sareng sampoen mren
ajoe medal kepéngin kepanggi

Nalika samanten nonah K
wonten ing kamaripoen. Saber
malah sok ngglegek, mratanḍa

Soewanten : ṭok — ṭok — ṭo
ipoen sang tigas kawoerjan n
kasèlèhaken, ndjenggirat gita
Ing! Saka ngendi iki maoe?

Kenja lola nggotèkaken lela
boten dipoen kirangi oegi bote
kang dipoen sandjangaken ḍa
witjanten makaten : „Marga sal
prawan, gèk kléjang kaboer ka
njenjaḍang loentoering sihmo
Pangarep-arepkoe anggonkoe a
aboting pamikirmoe."

„Aboting pamikir? Abot apa
baliné, akoe seneng déné saiki
akoe mono botjah ontang-ant
engkoh, ora doewé aḍik. Nah
koedoe wengkoe-winengkoe. W
anggarap pagawéankoe njamp
mangsa dianggep batoer. Akoe
wong kowé pantjèn sadoeloerk

[1]) tatjik = mbakjoe.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

ng retna, sadjak sampoen
inanggih njonjah Liong
oengkoel njoelam kantong
poenika kantong ingkang

Liong Tjwan mata-mata-
gèk kedah boten pitados.
koe nggèr. Kapan, nggèr,
h ?"
ingkang tigas kawoerjan,
éning tangisipoen boten
kamisesegen. Sareng sam-
soeli pegat-pegat déning
n babarpisan.
owankoe mréné iki dapoer
sapatiné empèk akoe di-

ng ?"
esasi siboe wiwit bosen
kaja déné koki, dikongkon
satjaraning baboe. Kabèh
ah bareng akoe nglakoni
ara medjen, lan kapétoeng
emah ing patoeron. Koewi
psoené. Boebar lara akoe

ang ? — Pantjèn embok
a ngélingi jèn dèk geblagé
réwangmoe, nggèr ?"
e ditoendoeng koewi akoe
disangoni sigar gowèng.
iboe isih, ikoe dak-edol
né iki. Adjaa mangkono

é wong wadon kaja ngono
Wis ta, Ing, saiki kowé

„Ja matoer noewoen, tjim."

„Ija, kowé anaa kéné baé karebèn anaa réwangé mbakjoemoe Kim Lian. Kowé rak bisa réwang-réwang pagawéané mbakjoemoe mramoegarèni balé-omah ta ?"

Bingahing manahipoen Ing Nio angèl ginambar ing toelis, sareng mireng witjantenipoen entjimipoen. Pantjèn inggih namoeng entjimipoen ingkang nijat badé dipoen oengsèni. Mila oepami njonjah Liong Tjwan boten poeroen ngoekoep, gèk badé kadospoendi kadadosanipoen.

Sang kawelas-asih oemiring entjimipoen loemebet ing grija. Aloeming praoepanipoen sampoen radi soeda, katingal wenes amara semoe. Sareng sampoen mrenah-mrenahaken bebektanipoen, sang ajoe medal kepéngin kepanggih tatjikipoen [1]) Kim Lian.

Nalika samanten nonah Kim Lian saweg maos serat kabar wonten ing kamaripoen. Saben-saben mèsem, saben-saben mèsem, malah sok ngglegek, mratandani katoedjoe ing manah.

Soewanten : tok — tok — tok ing kori poenapa déné mangoekipoen sang tigas kawoerjan medot toengkoeling pamaos. Boekoe kasèlèhaken, ndjenggirat gita pitakèn semoe gawok : „Lo, kowé Ing ! Saka ngendi iki maoe ? Kapan tekamoe ?"

Kenja lola nggotèkaken lelampahanipoen, ngeblak blaka-soeta, boten dipoen kirangi oegi boten dipoen wewahi, plek kados ingkang dipoen sandjangaken dateng entjimipoen. Poengkasanipoen witjanten makaten : „Marga saka ikoe, tjik (tatjik), ngroemangsani prawan, gèk klèjang kaboer kanginan, akoe kapeksa mlajoe mréné, njenjadang loentoering sihmoe, gelema ngoekoep djasadkoe. Pangarep-arepkoe anggonkoe asrah bongkokan iki moega ora gawé aboting pamikirmoe."

Manahipoen sang ajoe koemenjoet nampi wangsoelan makaten waoe. Saèstoe ki djaka sampoen sanget anggènipoen gandroeng-gandroeng kapirangoe, ngantos dipoen réntjangi dédé wantjinipoen, loemebet ing kamaripoen sang ajoe, namoeng preloe minta aksami. Kalijan goemeter sang djoewita pitakèn : „Apa goenané kowé kepéngin pangapoerakoe ?"

Ki djaka mangseg kalijan mangsoeli : „Apa goenané ? Mesṭi ana ! Wroehanamoe, botjah ajoe. Plok akoe ketemoe kowé, roe-pamoe tansah gegawangan ana ing mripatkoe. Ing wajah awan tansah kétoken, ing wajah bengi tansah impèn-impènen. Apa ija grendjetkoe kang ora koerang-koerang geḍéné iki ora bisa soemam-boeng ing kowé ? Apa ija kowé ora ngrasa, jèn ing djagat kéné

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ana wong lingloeng marga saka warnamoe kang merak-ati ; lingloeng ora dojan mangan, ora dojan ngombé, ora bisa toeroe, ija moeng marga tansah nggagas kowé, retna. Jèn akoe nggagas kowé, bandjoer kèlingan patrapkoe kang agawé nepsoemoe, satemah akoe kedoewoeng ora wis-wis. Ikoe sababé, retna, akoe keraja-raja mréné ing wajah doedoe wajahé, preloe moeng andjaloek pangapoeramoe. Tékadkoe, akoe ora nedya soemingkir saka kéné, jèn akoe doeroeng olèh pangapoeramoe !"

Sang djoewita kamitongtonen mireng oréhan poenika. Boten nginten jèn genging trisnanipoen sang pinḍa doeratmaka ngantos samanten. Sanalika poenika sang dyah bingah ; bingah déning kapaḍan ing sih. Pijambakipoen tresna, King Hok samanten oegi. Pantjèn boten wonten kabingahan ing ngalam-donja ingkang ngoengkoeli kapaḍan ing sih.

Nanging bingahipoen sang ajoe ingkang ḍatengipoen sakala waoe, ing sakeḍèping nétra saged itjal, déning ènget bilih sampoen prasetya ḍateng nonah Kim Lian boten baḍé ngrebat patjanganipoen. Ladjeng akèn malih ḍateng King Hok soepados toemoenten késah. Nanging King Hok taksih ambegegek. Dipoen kaping kalihi dèrèng ébah, malah njanḍak tanganipoen Ing Nio.

Sang dyah trengginas njaoet penṭolan bèl, pinidjet sarosa. Bèl ngegèt sora, ngedjer : rrriiingngng, rrriiingngng, rrriiingngng ! Poen krandjingan moendoer sawatawis tindak kalijan tanganipoen tengen njepengi sirah iringan ngadjeng. Ṭoekoel pangintenipoen bilih ing wekdal poenika poetoesaning lelampahanipoen. Baḍé kapotjot saking padamelan, kaoesir saking pamonḍokan. Éwasamanten mripatipoen boten soerem, witjantenipoen boten katjipoehan : „Oenining bèl iki bakal dadi poetoesaning lelakonkoe, retna. Entjik Liong Tjwan bakal soemoeroep bab iki, sabandjoeré akoe mesṭi dilèrèni lan ditoenḍoeng, dikon minggat. Nanging adja kokira jèn inggatkoe bakal dadi ilanging tresnakoe marang kowé. Wasananing asihkoe marang kowé doedoe oenining bèl, nanging petjating jitma !"

Ing gadri wingking kapireng gedeboeging tijang ingkang sami baḍé tandang. Sang ajoe kados tijang kétjalan gagasan, adeging raga kados tanpa soekma. Boten nginten bilih pamidjeting bèl baḍé damel tjilakanipoen prija, ingkang sadjatosipoen dadi ati. Rahadjengipoen toemoenten saged pikantoek akal. Kala korinipoen

kagobjag saking djawi, sang
mleboea nglongan, karebèn
Tanpa kamanah pandjang
Kori dipoen grobjag tanp
nétya poetjet, bingoeng ingk
kalijan réntjangipoen djaler k
Liong Tjwan pitakèn kalajan
„Ana apa, Ing, ana apa ?"
„Pira-pira loepoetkoe, oom
ḍéwé ora ngreti, apa kang
ngimpi, pagrasakoe kamarko
mbangkrong *), midjet bèl. Or
„Nah koewi, djenḍélané te
„Lagi baé olèhkoe mboeka
ora, djeboel njatané ora ana
Entjik Liong Tjwan sadjal
soelan makaten waoe, ladjen
adja kopinḍo. Kagètkoe ora
tjanten makaten waoe kalijan
Déné sang ajoe kantoen angg
wangsoel. Sareng sampoen b
sang djoewita njelaki patilema
„Gelis ..... metoea, loen
King Hok medal saking lo
semoe goemoen : „Généa kowé
karebèn akoe ditoenḍoeng mi
Mèh kémawon sang ajoe
karo kowé", toedjoenipoen la
tatjikipoen. Wangsoelanipoen
gelem toeloeng kowé, marga
kaning lijan."
Dipoen wangsoeli makaten,
djenḍéla ladjeng medal gegantj

Ing daloe poenika sang dyal
warni gagasanipoen, tjampoer-

*) tilem, saged poenapa-poenapa

kagobjag saking djawi, sang dyah witjanten lirih : „Endang ..... mleboea nglongan, karebèn ora konangan."

Tanpa kamanah pandjang, King Hok mitoeroet.

Kori dipoen grobjag tanpa kèndel. Sang retna ngengakaken, nétya poetjet, bingoeng ingkang kamanah. Entjik Liong Tjwan kalijan réntjangipoen djaler kekalih katingal sami goemoen. Entjik Liong Tjwan pitakèn kalajan goegoep.

„Ana apa, Ing, ana apa ?"

„Pira-pira loepoetkoe, oom, akoe njoewoen pangapoera. Akoe ḍéwé ora ngreti, apa kang daktindakaké iki maoe. Akoe maoe ngimpi, pagrasakoe kamarkoe klebon maling. Sateroesé akoe mbangkrong *), midjet bèl. Ora ngreti jèn dadi gita kaja ngéné iki."

„Nah koewi, djenḍélané teka menga ?"

„Lagi baé olèhkoe mboekak, njatakaké ana maling tenan apa ora, djeboel njatané ora ana apa-apa."

Entjik Liong Tjwan sadjak sampoen marem pikantoek wangsoelan makaten waoe, ladjeng witjanten malih : „Bésoek manèh adja kopinḍo. Kagètkoe ora karoeh-karoehan." Anggènipoen witjanten makaten waoe kalijan wangsoel, mengkeraken sang dyah. Déné sang ajoe kantoen anggana, ndjegreg njawang ingkang sami wangsoel. Sareng sampoen boten kapireng toemindaking soekoe, sang djoewita njelaki patilemanipoen.

„Gelis ..... metoea, loengaa saka kéné !"

King Hok medal saking longan, njawang sang retna, mblalak semoe goemoen : „Généa kowé ora kanḍa sabeneré marang entjik, karebèn akoe ditoenḍoeng minggat, retna ?"

Mèh kémawon sang ajoe mangsoeli : „Lah wong akoe trisna karo kowé", toedjoenipoen ladjeng ènget prasetyanipoen ḍateng tatjikipoen. Wangsoelanipoen malah ladjeng njenjengit : „Olèhkoe gelem toeloeng kowé, marga akoe pantjèn loemoeh gawé tjilakaning lijan."

Dipoen wangsoeli makaten, sang pinḍa doeratmaka gela ; njelaki djenḍéla ladjeng medal gegantjangan wangsoel ḍateng kamaripoen.

***

Ing daloe poenika sang dyah ladjeng boten saged tilem, warni-warni gagasanipoen, tjampoer-aḍoek dados satoenggal, bingoeng.

*) tilem, saged poenapa-poenapa kados tijang melèk, nanging boten ènget.

Angetipoen ki djaka taksih karaos ing tangan. Sadaja witjantenipoen sang kadoek wani taksih ngoemandang ing pamireng.

Ing Nio roemaos getoen.

Kadospoendi senenging manahipoen, oepami saged blaka-soeta jèn sadjatosipoen pijambakipoen inggih tresna. Nanging poenika satoenggaling bab ingkang éwoeh-aja, déning sampoen kaladjeng prasetya, boten badé ngrebat sir-siranipoen nonah Kim Lian. Njata awrat tijang kapotangan boedi, awrat sanggènipoen tijang karoban sih, boten saged medaraken gagasan samestinipoen. Roemaos dosa ageng jèn saèstoe ngreboeta telenging manahipoen nonah Kim Lian.

Sang djoewita amboedi, mapas napsoening diri, sampoen ngantos oebalipoen saged andadra.

Pinda oebaling pawaka, lamoen nedeng andadra, angèl dèn sirnakena. Makaten oegi brangtanipoen sang ajoe. Sanadjan sampoen amboedi anjirnakaken koemantilipoen dateng ki djaka, nanging ..... wewajanganipoen ki djaka taksih gegawangan, lan sadaja witjantenipoen taksih ngoemandang ing pamireng.

Samanten prabawanipoen hjang asmara. Njata langkoeng kijat tinimbang kadjenging manah.

VIII. NIJAT BADÉ KÉSAH.

Ngakatah anggènipoen sandjang, bilih ingkang badé kadadosan poenika wonten pralambangipoen roemijin saking ingkang Maha Koewaos, poenika pantjèn njata. Nanging manoengsa katah ingkang boten andoengkap, malah boten sakedik ingkang boten predoeli.

Kala datengipoen sang retna ngoengsi dateng panggénanipoen babah Liong Tjwan, nonah Kim Lian pikantoek tajoeh, kados soemerep mendoeng kandel, alon amrepeki ladjeng noetoep pet, noetoepi tjahja oemantjoer. Pijambakipoen boten saged ndakwa awon dateng sang ajoe, nanging mangretos jèn mendoeng waoe tajoeh ingkang boten prajogi. Èmperipoen kados oeloek-oeloek dateng pijambakipoen, bilih lampahing brangtanipoen badé pikantoek pambeng.

Njata ! Embok prawan saged njipati éwahing tradjangipoen ki djaka dateng pijambakipoen, baka sakedik, baka sakedik. Leres poen dégoes boten naté njawang asengsem dateng pijambakipoen, nanging inggih boten naté njawang sadjak éwa kados samangké.

Toemrap kenja ingkang sawe
kebipoen prija memanikipoen
namoeng samendang.

Saja melok déné roemijin a
sapoenika kados gong, boten
mangsoeli jèn kaadjak remb
kapeksa, boten maremaken.

Mindak dinten mindak wé
bilih kaki djaka saèstoe ngre
petal, embok parawan gadah
dégoes, poeroena toemoenten

Sadasa dinten kadadosan in
ngadjeng, embok parawan moe
preloe badé nglairaken ranta
manten prija brangta saweg te
sadasa dinten teka boten s
Njoemerepi lekasipoen King
Kim Lian saja boten kanten-k
poen dégoes telenging manik
tjakaken manah. Ladjeng njel
damel-damel : „Koh, ora betji
kaja kowé tansah tenger-teng
Kena apa pirang-pirang dina
akoe djarwanana, apa sababé

Sang karoengroengan ngoen
daja : „Rara, kaprijé bisamoe
lah wong kowé asipat wadon.
nglakoni soesahing lelakon.
kang ing wektoe iki nandang

„Soesah sadjroning oeripm
koeranging balandja, ora tjoe
moe ? Jèn moeng kaja ngono
loekaké oendakan marang bap

Sang kasmaran mèsem kemb
ikoe apa moeng saka kekoera

„Lah jèn ora, gèk apa saba

„Moeng sapélé, akoe roema
Soerabaja, jèn tansah dadi be

Toemrap kenja ingkang saweg lara brangta, ḍateng éwahing tangkebipoen prija memanikipoen saged kémawon njoemerepi, sanadjan namoeng samenḍang.

Saja melok déné roemijin asring ngedjak potjapan embok rara, sapoenika kados gong, boten moengel jèn boten kataboeh. Poeroen mangsoeli jèn kaadjak rembagan, nanging poeroenipoen waoe kapeksa, boten maremaken.

Minḍak dinten minḍak wéla-wéla, nini kenja saja mangretos bilih kaki djaka saèstoe ngrenggangi. Moerih sampoen kaladjeng peṭal, embok parawan gaḍah grendjet baḍé neḍa ḍateng poen ḍégoes, poeroena toemoenten aningkah.

Sadasa dinten kadadosan ing kamar, kados ingkang katjeṭa ing ngadjeng, embok parawan moeroegi ki djaka ḍateng ing kamaripoen preloe baḍé nglairaken rantamaning manah. Kaleresan kala samanten prija brangta saweg ṭenger-ṭenger anggagas, déné sampoen sadasa dinten teka boten saged soemerep sang retna malih. Njoemerepi lekasipoen King Hok makaten poenika manahipoen Kim Lian saja boten kanten-kantenan. Éwahing kawontenanipoen poen ḍégoes telenging manik saja sanget, sanget boten njakétjakaken manah. Ladjeng njelaki, witjanten sarèh, nanging sarwa damel-damel : „Koh, ora betjik banget ing ngatasé kakoeng kang kaja kowé tansah ṭenger-ṭenger, bingoeng kaja mangkono koewi. Kena apa pirang-pirang dina teka sadjak nawoeng soesah, mbok akoe djarwanana, apa sababé."

Sang karoengroengan ngoendjal napas, mangsoeli sadjak kirang daja : „Rara, kaprijé bisamoe weroeh bot-répoting wong lanang, lah wong kowé asipat wadon. Soegih-miskin, manoengsa ikoe paḍa nglakoni soesahing lelakon. Akoe kaleboe salah sidjining wong kang ing wektoe iki nanḍang soesahing oerip."

„Soesah sadjroning oeripmoe ? Apa soesahmoe marga saka koeranging balandja, ora tjoekoep kanggo noeroeti kaboetoehanmoe ? Jèn moeng kaja ngono prakara sipil, akoe sing bakal ndjaloekaké oenḍakan marang bapak, adja soemelang !"

Sang kasmaran mèsem kemba : „Kiramoe kasoesahaning ngaoerip ikoe apa moeng saka kekoerangan ḍoewit ?"

„Lah jèn ora, gèk apa sababé kowé soesah ?"

„Moeng sapélé, akoe roemangsa ora bisa tahan soewé ana ing Soerabaja, jèn tansah dadi bebaoening wong, kaja mangkéné iki."

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Kagètipoen sang kenja angèl ginambar ing toelis, déning katembèn mireng wangsoelan ingkang kados makaten. Sadjegipoen saweg sapisan poenika ki djaka anggagas gesangipoen ing tembé, mangka inggih dèrèng naté medaraken anggènipoen badé dagang oetawi sanèsipoen ingkang ateges mandirèng pribadi.

„Lah gèk sing dadi kareping atimoe arep magawé apa ?"

„Akoe nijat arep njoewoen lèrèh marang entjik, arep tjoba-tjoba oerip ana ing désa, nékad praja ndadar awak, bisaa bawa dèwé ; sabab jèn ora mangkono, akoe bakal tetep ana kéné, ora lidok ija dadi ketiplaking wong."

„Mangkono ikoe rak ora sabandjoeré, koh. Kowé ora ngreti, kapan akoe wis ningkahan karo kowé, kowé arep didadèkaké toewan koewasa klas I. Apa mangkono koewi koarani ketiplak ?"

„O, adja kliroe tampa, rara ! Ora teka marga akoe ora tresna marang kowé, ora. Akoe iki isih doewé wong toewa, kang ora kena taksingkoer samangsa akoe kepéngin rabi, malah akoe koedoe olèh palilah disik. Dadi satemené moenggoehing daoepmoe karo akoe, ikoe doeroeng kena dipestèkaké."

Raosing manahipoen embok parawan kados sinendal-majang. Tetéla ing soemerepipoen jèn ki djaka sanadjan sarana aloes sampoen medaraken sandéning salaki-rabi. Poenapa saèstoe ki djaka boten nimbangi sihipoen embok parawan ?

Tabet saking genging tresna, embok parawan meksa dèrèng pitados saèstoe poenapa ingkang sampoen kamireng kala waoe. Ing batos malah mastani anèh, déné prija woding galih sampoen saged éwah samanten katahipoen, mangka kala manggih alangan katindihan pit motor sampoen tjeta anggènipoen nimbangi sih.

„Ora salah goenemmoe ; kowé koedoe ndjaloek palilah disik marang wong toewamoe, nanging apa kira-kira bapa-bijoengmoe bakal ora najogjani moenggoehing daoepmoe karo akoe ?"

King Hok mangsoeli kalijan anjel : „Ija bener mangkono. Nanging lelakon ikoe ora tjendak, toer ja ora satitik sesandoengané. Karo déné koerang prajoga laki-rabi kang dapoer bredjogan. Kowé rak ja ngreti jèn laki-rabi isih enom ikoe ora betjik dadiné ing tembé boeri."

Leres ing lair embok rara boten katingal poenapa-poenapa, nanging ing batos sèwoe éram njoemerepi malihing gagasanipoen ki djaka sampoen mèh kosok-wangsoel.

Manahipoen ki djaka kap
terang. Tandang-tandoek t
embok rara malih njalenèh,
kah sageda oewal saking pa
kang sampoen, andjalari eml
Kridaning hjang Kamadja
warni !

Pepanggihan ingkang bote
nenangi gregetipoen embo
njoeloeh-njoeloeh salakoe dj
ngantos poenapa kémawon
embok rara tamtoe soemerep

Tjarijos ing ngadjeng sam
woelan. Sadangoenipoen poe
déné mata-mata ingkang kadj
solah-bawanipoen ki djaka ta
Kosok-wangsoel kalijan san
saben. Wantji neda : neda ; w
damel : njamboetdamel, sana
kisroeh. Sagedipoen sang ajo
embok rara boten anglegéwa
ambedah bebètèng panggah, t
wita inggih noedjoe nahen br
Kalanipoen melèk sang bag
tilem kalebet ing soepena.

Ing satoenggiling daloe w
sadaja isining grijanipoen baba
malah sang retna boten kiran
Kados déné kasoeroepan
nglindoer, medaraken pepingi
„Koh King Hok, akoe tresna
ngoengkoeli tresnakoe marang
kintil kowé menjanga ngendi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing toelis, déning
nakaten. Sadjegipoen
sangipoen ing tembé,
ènipoen badé dagang
pribadi.
magawé apa ?"
ntjik, arep tjoba-tjoba
k, bisaa bawa dèwé ;
na kéné, ora lidok ija

oh. Kowé ora ngreti,
wé arep didadèkaké
wi koarani ketiplak ?"
arga akoe ora tresna
toewa, kang ora kena
alah akoe koedoe olèh
daoepmoe karo akoe,

dos sinendal-majang.
jan sarana aloes sam-
napa saèstoe ki djaka

rawan meksa dèrèng
kamireng kala waoe.
woding galih sampoen
kala manggih alangan
ipoen nimbangi sih.
ndjaloek palilah disik
-kira bapa-bijoengmoe
e karo akoe ?"
ja bener mangkono.
satitik sesandoengané.
poer bredjogan. Kowé
ora betjik dadiné ing

gal poenapa-poenapa,
nalihing gagasanipoen

Manahipoen ki djaka kapikoet ing kenja sanès poenika sampoen terang. Tandang-tandoek toewin moena-moeni ingkang toemrap embok rara malih njalenèh, poenika pantjèn kadamel, ing pangangkah sageda oewal saking pamiloetanipoen. Éwahing padatan ingkang sampoen, andjalari embok rara gadah sedya badé niti-priksa.

Kridaning hjang Kamadjaja saged ambangoen prakawis manéka warni !

Pepanggihan ingkang boten dados sardjoening manah, poenika nenangi gregetipoen embok rara, tansah ngoelat-oelataken, njoeloeh-njoeloeh salakoe djantranipoen prija ingkang tinresnan, ngantos poenapa kémawon ingkang dipoen tjakaken ing grija, embok rara tamtoe soemerepipoen.

***

Tjarijos ing ngadjeng samangké sampoen kapengker satengah woelan. Sadangoenipoen poenika lampahipoen embok rara kados déné mata-mata ingkang kadjibah manggihaken sisik-melik. Sadaja solah-bawanipoen ki djaka tansah dipoen semak.

Kosok-wangsoel kalijan sang retna Ing Nio, panggah kados adat saben. Wantji neda : neda ; wantji tilem : tilem ; wantji njamboetdamel : njamboetdamel, sanadjan sadjatosipoen ing batos oegi kisroeh. Sagedipoen sang ajoe atindak panggah waoe, andjalari embok rara boten anglegéwa. Landeping pamawas boten saged ambedah bebètèng panggah, temah boten ngretos bilih sang djoewita inggih noedjoe nahen brangta woejoeng.

Kalanipoen melèk sang bagoes koemantil ing nétra, kalanipoen tilem kalebet ing soepena.

***

Ing satoenggiling daloe watawis djam kalihwelas langkoeng, sadaja isining grijanipoen babah Liong Tjwan sampoen sami tilem, malah sang retna boten kirang-kirang anggènipoen kepati.

Kados déné kasoeroepan ing préwangan, sang ajoe ndadak nglindoer, medaraken pepingitaning gagasanipoen :

„Koh King Hok, akoe tresna marang kowé. Tresnakoe ing kowé ngoengkoeli tresnakoe marang awakkoe dèwé. Akoe sagoeh kekintil kowé menjanga ngendi paranmoe."

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Kèndel sakeḍap ladjeng nglindoer malih : ,,Ija betjik saiki oega akoe gelem mèloe kowé. Menjang ngendi ta ..... ? O, ija !"

Sang ajoe katingal goemrégah baḍé manḍap saking patileman, mbokmanawi kémawon noeroeti lindoeran ,,gelem mèloe kowé" poenika waoe. Dèrèng ngantos toemindak lampahing lindoeran, sang ajoe gragapan, melèk bjar déning dlamakanipoen kraos anjep, kénging anjeping djobin, kala mlampah tanpa kasoet. Makaten oegi kagèt roemaos kasrimpoeng, inggih poenika ḍoemawahing kemoel njrimped soekoe.

Lingak-lingoek kados madosi ingkang katjeṭa wonten ing lindoeran. Dangoe anggènipoen ngadeg poengoen-poengoen, ngraosaken lindoeranipoen. Sareng sampoen soeda poengoen-poengoenipoen sawatawis, linggih sangga-oewang wonten ing ḍipan. Ing batos witjanten makaten : ,,É, mangkéné dajaning hawa kang diemped. Saka bangeting pangempedkoe, ora ana solah-bawakoe, tandang-tandoekkoe, oena-oenikoe kang ngatarani akoe ḍemen karo koh King Hok. Nanging bisané mangkono ikoe maoe rak jèn isih melèk, pikirankoe bisa njamboetgawé, bisa nimbang-nimbang, nganti koewating pamikirkoe bisa ngalahaké kroḍaning atikoe. Nanging jèn pinoedjoe toeroe, pikirankoe ngaso, kekoe-watané kalah karo derenging ati. Kaping-kaping akoe ngimpi ketemoe ḍèwèké, ikoe rak moeng saka atikoe bisa ngalahaké kekoewataning pikir kalané akoe toeroe. Iki maoe derenging atikoe loewih koewat, pikiran mati pet, raga oerip tanpa pikir, moeng dikenḍalèni ati ṭok, kadadéjané akoe nglindoer, lan katon mbang-krong kaja ngéloni si mengkonok. Toedjoené ora kebandjoer-bandjoer, Goesti Allah isih majoengi ; adjaa mengkono gèk keprijé dadiné, wong-wong paḍa weroeh akoe mbangkrong, bandjoeré mesṭi paḍa pitakon warna-warna, ooo, gèk keprijé wangsoelankoe ? Moeng toedjoené doeroeng nganti kebandjoer ....., nanging jèn ana sing kroengoe kaprijé ? Rak sida kewijak kekeran iki."

Sang ajoe legeg ing manah, tamboeh ingkang rinaos, ngalamoen lan nglangoet gagasanipoen. Ing batos witjanten malih : ,,Tjeṭa ing soemoeroepkoe, jèn apa kang kaleboe ngati ikoe samangsa ora bisa kawetoe sadjroning wong isih melèk, mesṭi kawetoe jèn wongé wis toeroe, djenengé kèpi, loewih saka ikoe djenengé nglindoer, loewih manèh djenengé mbangkrong. Akoe wis tekan tataran mbangkrong iki, tanḍa jèn engkoh wis kleboe banget ing atikoe.

Nanging keprijé, apa akoe a
tatjik. Lagi doeroeng weroe
iki kemléwa baé, apa manèh
Kèndel malih panglotjitani
kémawon. Sapoenika siḍake
ana geni tanpa koekoes ? Apa
Hm, djoeḍeg akoe. Ija bene
kang weroeh, marga doeroen
mengkono ? Ah, sepiraa geḍér
ana loepoeté. Lah jèn panga
ḍong loepoet, rak sida baḍar
adji goḍong djati garing, moe
Ah, loewih betjik akoe soemi
Prentoeling gagasan baḍé
ngoedoeng, djer sampoen sad
éwah tangkebipoen ḍateng san
nanging baḍé mboetadjengake
ḍaḍakan, mila inggih plengas-
dipoen agengaken. Malah sa
ajoe istingarah dipoen kèndel
Watawis sadjam sang retna
moengseng sampoen kesel, ng
tilem ḍateng tempat tiḍoer. An
seg, klisikan kémawon, mb
nggagas-nggagas baḍé linggar
langkoeng djam tiga saweg
ngantos dangoe ladjeng soeper
poeroegi sang bagoes, kados ing
nékad apinḍa doeratmaka. Dè
poeng, inggih poenika saweg
raosipoen ing soepenan ngrikoe
larapan. Oetjoel panjepengipoe
déning isin, déné sang ajoe
rainipoen. Pangraosipoen emb
gaṭik, ngoenḍat-oenḍat sang b
,,Ora sembada karo goenemm
silan, ngantepi tatatjara. Endi w
sing koloenggoehi ? Ngono koe

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Nanging keprijé, apa akoe arep ngidak soepata, méndah nepsoené tatjik. Lagi doeroeng weroeh kekerankoe baé wis sapoeloeh dina iki kemléwa baé, apa manèh jèn nganti njoemoeroepi."

Kèndel malih panglotjitaning manah, sangga-oewangipoen taksih kémawon. Sapoenika sidakep kalijan anggardjita : „Lah ija apa ana geni tanpa koekoes ? Apa ija kekerankoe iki teroes ora kewijak? Hm, djoedeg akoe. Ija bener olèhkoe wiwit mbangkrong ora ana kang weroeh, marga doeroeng kebandjoer, nanging apa ija teroes mengkono ? Ah, sepiraa gedéning pangati-ati, manoengsa ikoe mesti ana loepoeté. Lah jèn pangati-atikoe ngeker maoe gèk toemiba dong loepoet, rak sida badar kawedar, ilang adjining dirikoe, akoe adji godong djati garing, moeng pawoehan panggonané ..... Ah, loewih betjik akoe soemingkir baé saka kéné."

Prentoeling gagasan badé soemingkir waoe saja dereng, saja ngoedoeng, djer sampoen sadasa dinten poenika embok parawan éwah tangkebipoen dateng sang ajoe. Koemléwa, lan kirang pitados, nanging badé mboetadjengaken boten wantoen, djer dèrèng gadah dadakan, mila inggih plengas-plengosipoen tok kémawon ingkang dipoen agengaken. Malah sampoen tigang dinten poenika sang ajoe istingarah dipoen kèndelaken.

Watawis sadjam sang retna tenger-tenger. Pikiranipoen ingkang moengseng sampoen kesel, ngantoekipoen dateng, ladjeng mapan tilem dateng tempat tidoer. Anèh, déné teka boten noenten ladjeng seg, klisikan kémawon, mbokmanawi kémawon anggènipoen nggagas-nggagas badé linggar dèrèng gembleng saèstoe. Kirang langkoeng djam tiga saweg saged lajap-lajap, nanging dèrèng ngantos dangoe ladjeng soepena. Pangraosipoen sang ajoe dipoen poeroegi sang bagoes, kados ingkang kalampahan kala sang bagoes nékad apinda doeratmaka. Dèrèng ngantos soepenan waoe rampoeng, inggih poenika saweg ki djaka njepeng sang ajoe, pangraosipoen ing soepenan ngrikoe embok parawan doemrodjog tanpa larapan. Oetjoel panjepengipoen ki djaka, moendoer toemoengkoel déning isin, déné sang ajoe roemaos kados dipoen besèt-besèta rainipoen. Pangraosipoen embok rara kerot-kerot, oentoenipoen gatik, ngoendat-oendat sang bagoes, ngoeman-oeman sang ajoe.

„Ora sembada karo goenemmoe ! Kowé arep ngloenggoehi kasoesilan, ngantepi tatatjara. Endi woedjoedé ? Ngono koewi kasoesilan sing koloenggoehi ? Ngono koewi tatatjara sing koantepi ? Mleboe

PERPUSTAKAAN NASIONAL

menjang enggoné prawan lingsir wengi ngéné iki tindak soesila, hé ! Anggepok prawan sing doedoe akrab koewi sing koarani tatatjara? O, patoet, kabetjikané wong saomah kéné kowales nganggo patrap mengkéné iki ? Kowé ora ngreksa balé-omah kéné, ndadak malah ngreregedi. Akoe ora trima, kowé mesṭi dakkanḍakaké bapak bèn ditoenḍoeng, bèn ditjopot saka pagawéanmoe."

„Saiki kowé, Ing, tjoba djoendjoengen raimoe, nḍangaka djadjalé kaja apa ! Sapa sing kanḍa ora arep ngreboet kaé, lan sing nibakaké soepata kaé ; géné saiki sasaté doeroeng mingkem soepatamoe wis koidak ḍéwé. Heh, ora iḍep isin ! Ora bakal ana kedadéjan kaja ngéné, jèn ora paḍa siré, ora bakal ana djenḍéla menga, jèn pantjèn ora ana sing ngengakaké." Ing pasoepenan embok rara gineman waoe kalijan moeroegi djenḍéla. „Sing ngengakaké djenḍéla kowé ḍéwé, tanḍané ora ana tatoené djoegilan oetawa lijané. Ngéné iki ja pamalesmoe menjang akoe ? Kowé dak-anggep sadoeloerkoe wédok, teka dadi koloe gawé pokal sing mengkono. Kowé ana kéné dianggep anak wédok déning bapak-iboe, djeboel pokalmoe mengkono. Ora ngreti jèn kaja ngono koewi ndjember-ndjemberi djenengé bapak. O, dadi sadoeloer koloer, sanak énak ; ngono ja anggepmoe ? Ora patoet banget, dibetjiki mbalang tai. Titènana akoe sésoek lapoer menjang kapoelisèn, karebèn kowé ngrasakaké wirang ambebarang."

Ing pasoepenan ngrikoe sang ajoe boten kijat nahan broling tangis, roemaos sampoen boten saged boedi ; kaboektèn, kawijak kekeranipoen. Mingseg-mingseging tangis ngenḍeg lampahing napas, sang ajoe ḍapoer keplepeken : ek-ek-ek-ek-ek krontjal tangi, taksih kamisesegen. Kréngkang-kréngkang ḍateng koersi, linggih sangga-oewang malih kalijan seḍekoe ing médja.

„Hara ta," witjantenipoen ing salebeting manah, „jèn teroes kaja mangkéné baé, rak sida ora karoeh-karoehan. Saja soewé saben bengi teka mesṭi ngimpi, jèn ora ngimpi malah nglindoer, malah koedoe mbangkrong barang. Apa ora toeroe, rak sida nggagang-aking temenan, malah noekoelaké pitakon sing ora-ora, sida kodjoer temenan akoe. Selagi ngimpa-ngimpi baé, ngliliré mesṭi noekoelaké angen-angen ora karoeh-karoehan. Lakoening angen-angen ateges koeranging toeroe, apa soewé-soewé mangkono ikoe ora katongèk. Ah sésoek baé akoe takngelon-eloni njoewoen pamit, nanging gèk pawadankoe apa ?"

Djoeḍeg sang ajoe angga
paḥan. Ngoendjal ambekan,
batos witjanten makaten : „V
boeh marang akoe, jèn takpa
kepeṭoek kléwa-kléwa, malah
gap ; gelema mangsoeli oelat
Mangka manoet grenengé ba
tatjik jèn wis ora maṭoek kar
teloeng dina iki akoe dienengal
marang akoe. Hmm .....

Sadoeroengé akoe ngimpi ka
sedoeloer koloer, sanak énak ;
iki didakwa ngreboet patjang
ṭèning awakkoe. Loewih njlek
apa, sing preloe ketoeroetaning
tjangkemkoe ora ana regané,
ikoe ana ing laṭi. Dadi geḍé-t
akoe wis banget. Soedjanané n
tjeṭa pamoeringé ana ing impè
loenga saka kéné, ngloemoehi

Saladjengipoen sang ajoe b
manawi soepena oetawi nglindo
Soepenan ingkang ngakaṭah ma
poenika dipoen oṭak-aṭik dipoe
panoenḍoenging sarira, kedah n
dara-dasih ingkang ladjeng dac

IX. PAMI

Kados adat saben, angger b
rèngipoen biḍal ḍateng padam
sémah mesṭi lelinggihan ing gad
ingkang sarwi miraos. Salebe
soesoe toewin patjitanipoen, b
anak-sémah ing bab-bab ingk
bebrajan sareng gesang. Kalan
ingering panggaotan, djalaran
awis sanget wonten lelampahan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Djoedeg sang ajoe anggagas soepenan ingkang saweg kalampahan. Ngoendjal ambekan, kèndel katingal mindeng, djer ing batos witjanten makaten : „Wis sapoeloeh dina iki tatjik toemamboeh marang akoe, jèn takparani menjang kamaré ngloengani, jèn kepetoek kléwa-kléwa, malah taktakoni barang ora taoe toemanggap ; gelema mangsoeli oelaté bening leri, toer goenemé njlekit. Mangka manoet grenengé baboe lan koki oetawa batoer lijané, tatjik jèn wis ora matoek karo oewong, téga gawé wisoena. Wis teloeng dina iki akoe dienengaké, mengko gèk ija téga gawé wisoena marang akoe. Hmm .....

Sadoeroengé akoe ngimpi kaja sing mentas iki tatjik taoe njemoni: sedoeloer koloer, sanak énak ; ikoe tjoendoeké karo impèn : akoe iki didakwa ngreboet patjangané. É, teka dadi mengkéné pepestèning awakkoe. Loewih njlekit manèh semonané sing : sepata ki apa, sing preloe ketoeroetaning ati. Hmm, akoe iki wis tanpa adji, tjangkemkoe ora ana regané, ora diendel, mangka adjining diri ikoe ana ing lati. Dadi gedé-tjilik saiki soedjanané tatjik marang akoe wis banget. Soedjanané nganti bisa marakaké ngimpikoe, lan tjeta pamoeringé ana ing impèn kono. Wis sésoek akoe koedoe loenga saka kéné, ngloemoehi anané lelakon sing ora-ora."

Saladjengipoen sang ajoe boten poeroen tilem malih, adjrih manawi soepena oetawi nglindoer, saja adjrih manawi mbangkrong. Soepenan ingkang ngakatah mastani kembanging toeroe, ing nalika poenika dipoen otak-atik dipoen tetep-tetepaken pijambak dados panoendoenging sarira, kedah ngloemoehi dara-dasihing soepenan; dara-dasih ingkang ladjeng dados prakawis.

IX. PAMITAN KÉSAH.

Kados adat saben, angger bibar dandos wantji éndjing, sadèrèngipoen bidal dateng padamelan babah Liong Tjwan saanak-sémah mesti lelinggihan ing gadri tengah ngadep wédang panganan ingkang sarwi miraos. Salebetipoen ngemataken raosipoen kopi soesoe toewin patjitanipoen, boten kasoepèn rerembagan kalijan anak-sémah ing bab-bab ingkang saged mandesaken raos bab bebrajan sareng gesang. Kalamangsa kémawon ngrembag ingaringering panggaotan, djalaran lampahipoen tansah njenengaken, awis sanget wonten lelampahan ingkang preloe karembag ing grija.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Rembag bab bebrajan wonten salebeting wantji ngombé wédang makaten waoe pantjèn sampoen limrah, sampoen djamak, lan mila moenggoeh, mila boten anèh manawi babah Liong Tjwan saanak-sémah inggih resep ngrembag bab waoe.

„Wis pirang-pirang dina iki metoemoe saka kamar teka pidjer kasèp koewi généa, Lian ? Kaja iki maoe dioendang ping teloe lagi metoe, mangka akoe iki jèn wédangan ora bareng karo kowé, koerang marem."

„Anoe kok, pak ....."

„Anoe apa, botjah prawan ki adja sok kawanen ta, malah sabisa-bisa koedoe disik déwé. Preloené anaa sing diéringi batoer-batoer koewi, dadi akoe karo iboemoe ki bisa seneng ngrasakaké kapénaké doewé anak wadon. Karo manèh bésoeké ija ora kidoeng olèhmoe dadi pamoegarining balé-omah. — Rak ja ngono ta, boené ?"

„He-eh. Akoe bijèn malah dioetjing-oetjing tenan jèn tangikoe kalah disik karo sinèh."

„Lo ngono koewi, Lian, adat tatatjarané leloehoerkoe kabèh."

„Ah, bapak, ki. Wong kasèp pisan-pindo rak ja loemrah, teka dadak ditjandakaké adat tatatjara barang."

„Ora teka arep ngoela-oela dawa, ora. Moeng adja toeman, ngono lo karepkoe."

„Karepkoe ngono ja emoh kerinan, lah nanging wong kapeksa keprijé ?"

Embok rara toemoengkoel, kèwedan jèn ta mangké badé dipoen oeber ing pitakèn. Toedjoenipoen babah Liong Tjwan loemoeh ngoeber amèpètaken ingkang ngantos ladjeng walèh, mila anggepipoen embok rara roemaos wiloedjeng. Boten ngretos jèn tindakipoen babah Liong Tjwan makaten poenika namoeng saking ngèngeti, bilih damel gorèh poenapa malih mèpètaken rembag dateng kenja diwasa poenika kirang prajogi. Moerih tansah pikantoek katentreman poen bapa adjeg andapoek pitoetoer dateng samoekawis bab ingkang preloe karembag.

„Ngéné, Lian, botjah sing wis kaja kowé koewi adja kakéhan gagasan, moendak ora apik. Kowé tjoekoep nglajani iboemoe, ora soesah mikir lijané. Awakmoe mono isih dadi tanggoengané wong toewa, dadi doeroeng samestiné kowé anggagas awakmoe sing banget-banget. Tinimbang anggagas, toemraping kowé loewih betjik prihatin, ndoek."

Doemoegi samanten bab
ngraosaken dawahing pitoetc
dangoe. Makaten oegi njonj
katingal sanget anggènipoen
Sareng sadjak sampoen toe
djengaken witjanten :

„Kowé saiki ketara tjowor
ikoe ora kena. Apa sing da
marang akoe lan iboemoe, kar
Pantjèn botjah sing sakowé d
abot, djer djenengé baé doero

Njengklèng sanget ! Pirem
raosipoen dèrèng rampoeng, k
kamaripoen sampoen anjangk
pahipoen, djoemangkahipoen
ngatawisi bilih wonten poen
menggahing pangraos. Sadaja
saanak-sémah, boten ngretos
sami kamitenggengen. Sang r
sapa. Dalah sang retna inggih
anggènipoen badé njangkani.
mbrebes, mewahi saja goemoe
Boentelan taksih katjepeng, ng

Embok rara nadjan waoen
kala samanten inggih goem
wedaling pitakèn saged roemij

„Ngapa katik nangis barang
noeloeng sapa ?"

Njonjah Liong Tjwan nje
kapénakanipoen : „Hoes, gala
Ati-daja ngarih-arih, teka mal
rak isih adimoe déwé. Lagi ko
manèh wong lija."

Babah Liong Tjwan njelani
Wiwitan ngremboeg apik-apik
bisa nangis, bisa njangking bo
toewa njenggrang anak. Pada
Kono linggiha disik, boentelar

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Doemoegi samanten babah Liong Tjwan kèndel, katingal ngraosaken ḍawahing pitoetoer, toemoengkoel ngantos sawatawis dangoe. Makaten oegi njonjah daokèh kalijan anakipoen, inggih katingal sanget anggènipoen ngraos-ngraosaken pitoetoer waoe. Sareng sadjak sampoen toemanem, babah Liong Tjwan ngladjengaken witjanten :

„Kowé saiki ketara tjowong, mesṭiné gagasanmoe moengseng, ikoe ora kena. Apa sing dadi gagasanmoe koedoe koweḍaraké marang akoe lan iboemoe, karebèn diréwang-réwangi, dadi ènṭèng. Pantjèn botjah sing sakowé doeroeng wajahé nggagas kang abot-abot, djer djenengé baé doeroeng mentas."

Njengklèng sanget ! Pirembagan ingkang kados makaten soeraosipoen dèrèng rampoeng, kasaroe medalipoen sang retna saking kamaripoen sampoen anjangking boentelan. Toemoengkoel lampahipoen, djoemangkahipoen sadjak kados tijang marloepa, ngatawisi biḷih wonten poenapa-poenapa ingkang karaos awrat menggahing pangraos. Sadaja poenika adamel kagètipoen daokèh saanak-sémah, boten ngretos poenapa pikadjengipoen. Tiga pisan sami kamitenggengen. Sang retna sampoen njelak dèrèng dipoen sapa. Dalah sang retna inggih boten koemetjap, èmperipoen angèl anggènipoen baḍé njangkani. Tanpa rinaos eloehipoen sang retna mbrebes, mewahi saja goemoenipoen ingkang nembé wédangan. Boentelan taksih katjepeng, ngadeg kados kasoepèn baḍé linggih.

Embok rara nadjan waoenipoen manawi soemerep, moentab, kala samanten inggih goemoen, itjal moentabipoen, nanging wedaling pitakèn saged roemijin pijambak.

„Ngapa kaṭik nangis barang, sing arep ngalem sapa, sing arep noeloeng sapa ?"

Njonjah Liong Tjwan njenggrang, tabet mesakaken ḍateng kapénakanipoen : „Hoes, galakmoe koewi kaṭik ora mari-mari. Ati-daja ngarih-arih, teka malah njenjengit ngono. Ala-ala koewi rak isih aḍimoe ḍéwé. Lagi kowé sing nakdoeloer mengkono, adja manèh wong lija."

Babah Liong Tjwan njelani : „Iki djenengé rak sasar-soesoer. Wiwitan ngremboeg apik-apikan, ketrondjol ana botjah dadi retja bisa nangis, bisa njangking boentelan, bandjoer kepronggol wong toewa njenggrang anak. Paḍa menenga ḍisik, Nio taktakonané. Kono linggiha ḍisik, boentelanmoe sèlèhna, tangismoe enengna."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sang retna saja mingseg-mingseg, déning roemaos awrat nilar oom lan entjimipoen ingkang sampoen kaanggep bapa-bijoeng pijambak. Paréntah linggih lan njèlèhaken boentelan sampoen saged katoeroet, namoeng ngèndelaken tangis ingkang angèl.

Daokèh witjanten aris : ,,Koewi apa sing koboentel koewi ?''

Sang retna sampoen saged mangsoeli, nanging boten saged rèntès : ,,Sangoekoe ..... saka ..... Djombang ..... bijèn.''

,,Satemené akoe wis ngira, nanging gèk arep koanggo apa, lan apa karepmoe, kowé teka nganèh-anèhi koewi ?''

,,Arep takgawa loenga .....''

Sang ajoe nangis mingseg-mingseg malih. Tangisipoen boten sanget, nanging mingseg-mingsegipoen ngantos saged ngrontogaken ingkang soemerep. Sadaja sami kèndel toemoengkoel, èwed ingkang rianos, mesakaken ingkang saweg nangis. Sang ajoe ngladjengaken:

,,Akoe njoewoen pamit, ... oom, tante, ... apa manèh tatjik, ... arep noetoegaké lakon .....''

Njonjah daokèh gèdèg-gèdèg, badé oeroen pitakèn karaos angèl wedaling temboeng. Saweg oemed-oemed badé kawedal karoemijinan ingkang djaler : ,,Akoe ora ngreti karepmoe koewi, wong ora ana apa-épé teka dadi kaja ngono, koewi kena apa ?''

Sang retna ngambali panjoewoen, dèrèng mawi katerangan : ,,Akoe njoewoen pamit, ... arep noetoegaké lakon.''

Njonjah daokèh soemela : ,,Ora, kowé koewi arep menjang ngendi, karo déné gèk karepmoe koewi apa ?''

,,Tjim, ... akoe arep noetoegaké lakon, ... arep loenga saparan-paran.''

,,Kowé koewi mendem apa ngimpi, ana botjah prawan djaré arep klambrangan, djenengé rak ja ngalakaké akoe, diarani akoe ora gelem kanggonan.''

Dèrèng ngantos sang dyah mangsoeli, babah Liong Tjwan soemambet : ,,Karo, généa ta kowé teka oedjoeg-oedjoeg bandjoer kaja ngono koewi, sababé apa ?''

,,Anoe tjim, anoe oom, ... sababé ora ana apa-apa, ... pantjèn ora ana sababé.''

Babah Liong Tjwan boten marem, ladjeng pitakèn semoe kirang sabar : ,,Géroh, ora ana barang kang tanpa sabab ; karo manèh katara wangsoelanmoe ampang, isih ana apa-apa sing kokkoembèni. Emoh, akoe ora nglilani. Entjimmoe mesti ija ora olèh kowé loenga.''

Sang ajoe nata oelat, m
katawis anggènipoen damel-c
ja oom. ..... Sababé ora
ora toekoel saka dajané pasi
Nalikané iboe isih waras
djenaté bapak, ndjaloek ngc
djaloek maoe ditoeroeti, radja
gentèn karo gédag-gèdèg, ng
Sawisé rampoeng panitiné, sa
kanda marang bapak karo ka
wong teloe kebak sambékala.
toemeka ing pati ; mengkonc
saadjalé bapak bakal saja
ngeres-eresi. Sadjroné koewi
dapoer lèrèn, dadi ija bakal
saoewisé kapénak ikoe akoe
leliroe kamareman.''
Njonjah Liong Tjwan soer
batangé singsèh ora bener.''
Ingkang djaler nrondjol : ,
ditoetoegaké. Gampang meng
njalawadi.''
Sang retna saged damel-da
njalawadi sarta boten katav
soelanipoen saged sarèh : ,,A
gawé-gawé, tjim. Akoe déwé,
ora pitaja marang pambatang
anggep wis pestiné, mangkor
singsèh bisa ngepleki toemrap b
baé, déné pambatangé toemr
soepaja akoe ora kaprebawan.
lali, lali babarpisan. Nanging
kepoengkoer akoe pidjer kago
djenaté iboe srengen ora kar
loenga saka kéné, ngéstokna
akoe djaré malah tjoepet, tjo
Atikoe bingoeng, tamboeh
dakslimoer. Bingoengkoe ilan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing roemaos awrat nilar
kaanggep bapa-bijoeng
boentelan sampoen saged
ngkang angèl.
ng koboentel koewi ?"
i, nanging boten saged
Djombang ..... bijèn."
k arep koanggo apa, lan
oewi ?"

alih. Tangisipoen boten
ntos saged ngrontogaken
moengkoel, èwed ingkang
Sang ajoe ngladjengaken:
ante, ... apa manèh
....."
oen pitakèn karaos angèl
adé kawedal karoemijinan
oe koewi, wong ora ana
a apa ?"
rèng mawi katerangan :
toegaké lakon."
vé koewi arep menjang
pa ?"
kon, ... arep loenga

otjah prawan djaré arep
akoe, diarani akoe ora

i, babah Liong Tjwan
edjoeg-oedjoeg bandjoer

ra ana apa-apa, ...

ng pitakèn semoe kirang
pa sabab ; karo manèh
a-apa sing kokkoembèni.
a ora olèh kowé loenga."

Sang ajoe nata oelat, mandesaken rembag, sampoen ngantos katawis anggènipoen damel-damel, ladjeng witjanten: „Tak matoer, ja oom. ..... Sababé ora toekoel ana ing omah kéné, oetawa ora toekoel saka dajané pasrawoengan ing omah iki.

Nalikané iboe isih waras-wiris, ana singsèh neneka nemoni djenaté bapak, ndjaloek ngoempoelé bapak, iboe lan akoe. Pandjaloek maoe ditoeroeti, radjahkoe wong teloe dititi-priksa gentèngentèn karo gédag-gèdèg, ngesas-ngeses kaja wong soesah gedé. Sawisé rampoeng panitiné, sarta wola-wali mboekak primboné, noeli kanda marang bapak karo katon sedihing ati. Soerasané : oeripkoe wong teloe kebak sambékala. Iboe bakal lara madal tamba nganti toemeka ing pati ; mengkono oega bapak. Déné akoe dibatang saadjalé bapak bakal saja ketoela-toela, ngalami lelakon kang ngeres-eresi. Sadjroné koewi ana kapénaké sadéla, ikoe moeng dapoer lèrèn, dadi ija bakal lara-lapa manèh. Jèn lara-lapa sing saoewisé kapénak ikoe akoe bisa koewat, djaré akoe bakal olèh leliroe kamareman."

Njonjah Liong Tjwan soemela : „Ah, akoe ora ngandel, pambatangé singsèh ora bener."

Ingkang djaler nrondjol : „Mengko ta, karebèn goenemé Nio ditoetoegaké. Gampang mengko ditimbang, wong genah sadjak njalawadi."

Sang retna saged damel-damel, boten nggligap dipoen wastani njalawadi sarta boten katawis sereng dipoen paiben, wangsoelanipoen saged sarèh : „Akoe matoer saloegoené, oom, ora gawé-gawé, tjim. Akoe déwé, mangkono oega iboe lan bapak pada ora pitaja marang pambatangé singsèh maoe. Patiné iboe dak-anggep wis pestiné, mangkono oega adjalé bapak. Pambatangé singsèh bisa ngepleki toemrap bapak lan iboe dak-anggep kabeneran baé, déné pambatangé toemrap marang akoe teroes daklali-lali, soepaja akoe ora kaprebawan. Karsaning sing Koewasa, akoe bisa lali, lali babarpisan. Nanging djeboel pirang-pirang bengi sing kepoengkoer akoe pidjer kagoem-kagoem. Wiwitan roemangsakoe djenaté iboe srengen ora karoeh-karoehan, akoe dikongkon noeli loenga saka kéné, ngéstokna batangé singsèh. Jèn ora mangkono akoe djaré malah tjoepet, tjoepet lelakonkoe.

Atikoe bingoeng, tamboeh kang dak-rasakaké, nanging bisa dakslimoer. Bingoengkoe ilang, gagasankoe bab primpènané iboe

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tak-anggep ngetjemong. Djeboel sawisé mangkono bapak sing mrimpèni genti, soerasané plek karo olèhé mrimpèni iboe. Malah nganggo nerangaké, jèn lelakoné oewong ikoe satemené wis ginambar ana ing kawaḍaganing oewongé ḍéwé-ḍéwé. Wong kang winasis bisa meroehi bab ikoe, lan bisa nganḍakaké, djaré soepaja bisaa éklas olèhé nglakoni, ora kagèt lan ora getoen."

Saking sagedipoen sang retna angamandaka, ingkang mireng lan soemerep wiwit kadajan, pikiranipoen wiwit ngandel, nanging manah dèrèng sreg, djer manah pantjèn angèl katjolong. Njoemerepi liring makaten sang retna ngladjengaken witjantenipoen, kadamel toememen lan langkoeng manḍes : „Atikoe nalika samono mèh ngandel, malah wis mèh arep pamit, nanging pikirankoe doeroeng gelem. Dakgagas-gagas dawa, dakpikir-pikir lanḍoeng. Pikirankoe menang, primpénan ora dakgobrès. Djeboel genti singsèhé sing mrimpèni. Akoe dikanḍani jèn anakoe kéné aḍapoer lèrèn, saiki wis tjoekoep soewéné. Akoe koedoe noeli soemingkir, moerih lelakonkoe, kang djaré wis pinesṭi déning sing Koewasa wiwit sadoeroengé akoe lair, bisa kalakon plek. Begdja-begdjané oewong djaré jèn bisa ngepleki mangkono koewi, sanadjan ing tata-lair katon abot lan répot. Oerip kang mangkono tinarima ing Pangéran.

Oom, tjim lan tatjik, akoe owel banget ninggal kawibawankoe ana kéné, moelané akoe doeroeng ngandel baé, sanadjan primpènan wis kalakon kaping teloe. Aḍoeh, kaja pantjèn koedoe mangkono. Akoe diprimpèni manèh : iboe, bapak lan singsèhé teka bareng, kabèh paḍa nganḍani kang soerasané ngambali primpènané sing oewis-oewis. Nalika ikoe toeroekoe doeroeng soewé, malah sasaté lagi lajap-lajap, dadi pikirankoe doeroeng meneng temenan, isih gampang kanggo nggagas. Soewé olèhkoe ngangen-angen, lan oega soewé olèhkoe nimbang-nimbang. Ing kono akoe kèlingan kanḍané wong toewa, jèn jitmané wong sing wis mati ikoe sadoeroengé 1000 dina isih paḍa njeḍaki djagaté manoengsa, semoené doeroeng lega ninggal alam-donja iki. Sadjroné ikoe apa kang banget kinanḍoeng bijèn bisa kaweḍar, trekaḍang moeng ḍapoer swara, trekaḍang lelakon kang nganèh-anèhi lan trekaḍang ngégla ana ing pangimpèn.

Olèhkoe kagoem-kagoem kaja kang dakkanḍakaké ikoe, pepoentoné dakanggep akoe sapatemon karo soekma nglembara, soekmané iboe lan bapak, mangkono oega soekmané singsèh. Akoe noeli

jakin ing beneré, moelané
dianggep njalawadi déning

Tijang sakawan sami kèn
njenjet, déning sadaja sam
djaler-èstri samangké wonten
bab soekma nglembara, sanad
Liong Tjwan djaler-èstri in
saged anoedjoe prana. Entjii
pahaning kapénakan, pitakèn
lelakonmoe, Ing, gèk arep m

„Manoet lakoening sikil, t
boentelankoe sing saka Djo
ngéné, preloené adja nganti

Entjimipoen saja ngeres,
nadyan ing batos djingkrak-dj
semoe mesakaken.

„Ing" makaten witjanteni
nanging adja metoe saka So
ana ngeloe-moelesé awakmoe,
manèh kowé koewi wis geḍé,
wong sanak lijané ora ana."

„Ora, oom ....."

„É, adja wangkal. Goenemk
njela. Ora ana wong toewa
betjiké dakgolèkaké ngéngéra
tak-omahaké ḍéwé, takkon ng

„Ora, oom, akoe ora wang
djasadkoe nganti samono bet
akoe ora sagoeh nglakoni. Dj
djeneng noetoegaké lakon, o
iradating Goesti, kang saiki k

„É lah, ora njana Nio doe
atèné ora kena dieloek, jèn d

Entjimipoen pitakèn : „Lah

„Wis ana, tjim, blandjak
dakkloempoekaké, mbokmana

„Mengko ta ḍisik dakwoe

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mangkono bapak sing
mrimpèni iboe. Malah
ıg ikoe satemené wis
léwé-ḍéwé. Wong kang
ndakaké, djaré soepaja
ora getoen."
ka, ingkang mireng lan
iwit ngandel, nanging
angèl katjolong. Njoe-
ngaken witjantenipoen,
„Atikoe nalika samono
t, nanging pikirankoe
akpikir-pikir landoeng.
gobrès. Djeboel genti
anakoe kéné adapoer
edoe noeli soemingkir,
déning sing Koewasa
plek. Begdja-begdjané
koewi, sanadjan ing
nangkono tinarima ing

ninggal kawibawankoe
é, sanadjan primpènan
jèn koedoe mangkono.
singsèhé teka bareng,
ıbali primpènané sing
soewé, malah sasaté
meneng temenan, isih
angen-angen, lan oega
koe kèlingan kandané
ıati ikoe sadoeroengé
sa, semoené doeroeng
a kang banget kinan-
poer swara, trekadang
la ana ing pangimpèn.
ḍakaké ikoe, pepoen-
nglembara, soekmané
singsèh. Akoe noeli

jakin ing beneré, moelané akoe bandjoer pamit iki, pamit kang dianggep njalawadi déning oom maoe."

Tijang sakawan sami kèndel, ing gadri tengah sakalangkoeng njenjet, déning sadaja sami mindeng ing panggagas. Daokèh djaler-èstri samangké wontenipoen namoeng sakwelas. Katerangan bab soekma nglembara, sanadjan namoeng sadoemil, toemrap babah Liong Tjwan djaler-èstri ingkang taksih kagolong kaoem kina, saged anoedjoe prana. Entjimipoen katja-katja ngraosaken lelampahaning kapénakan, pitakèn seret ing oetjap : „Kebangeten temen lelakonmoe, Ing, gèk arep menjang ngendi sing kosedya ?"

„Manoet lakoening sikil, tjim, moelané akoe ija moeng nggawa boentelankoe sing saka Djombang, sarta trima manganggo kaja ngéné, preloené adja nganti olèh sesandoengan ing dedalan."

Entjimipoen saja ngeres, makaten oegi oomipoen. Embok rara nadyan ing batos djingkrak-djingkrak, nanging katingalipoen inggih semoe mesakaken.

„Ing" makaten witjantenipoen daokèh „loenga ja loengaa, nanging adja metoe saka Soerabaja kéné, preloené mbokmanawa ana ngeloe-moelesé awakmoe, akoe sagotrah bisa noeli tilik. Karo manèh kowé koewi wis gedé, sapa sing ndjampangi jèn ora akoe, wong sanak lijané ora ana."

„Ora, oom ....."

„É, adja wangkal. Goenemkoe doeroeng toetoeg, kowé wis njelanjela. Ora ana wong toewa ngarah ala, koewi ora ana. Kowé betjiké dakgolèkaké ngéngéran sing mitajani, oetawa jèn preloe tak-omahaké ḍéwé, takkon ngemongi oewong sing kena dipitaja."

„Ora, oom, akoe ora wangkal. Sanget noewoen, oom, nggalih djasadkoe nganti samono betjiké, nanging njoewoen doeka, oom, akoe ora sagoeh nglakoni. Djer jèn kaja mangkono ikoe akoe ora djeneng noetoegaké lakon, ora djeneng goemantoeng ing kodrat iradating Goesti, kang saiki koedoe noeli daklakoni."

„É lah, ora njana Nio doewé atèn-atèn kaja mangkono, atèn-atèné ora kena dieloek, jèn doewé karep ora kena diénggokaké."

Entjimipoen pitakèn : „Lah sing koanggo sangoe apa ?"

„Wis ana, tjim, blandjakoe saben ésoek dakgemèni teroes, dakkloempoekaké, mbokmanawa wis kena kanggo sangoe oerip."

„Mengko ta disik dakwoewoehi ....." Witjanten makaten

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kalijan menjat badé mendetaken sangoe, nanging ladjeng kanggeg déning wangsoelanipoen sang dyah :

„Tjim, iki baé wis tjoekoep, déné peparingé entjim betjik soemimpen ing kéné baé disik, bésoek gampang jèn ana ketlèjèkkoe, menjang ngendi manèh plajoekoe jèn ora mréné. Satemené akoe melang-melang nggawa sangoe akèh-akèh, soemelang jèn noewoehaké rentjana ing dedalan, emboeh saka kamélikané doerdjana, emboeh saka akoe dèwé kang mbokmanawa bisa limoet déning banda."

„Titik-titik tampanana, Ing, karebèn lega entjimmoe."

„Ora, oom, djroning lakoe sing kaja mangkéné prajoga nggedèkaké kaprajitnan. Kaja akoe wis lola-lali, istingarah kaléjang kaboer kanginan, iba saja olèhkoe nggrantes, jèn ta nemoe ridoe ing satengahing lakoe. Moelané akoe trima kaja ngéné baé, pamrihkoe ija adja nganti noewoehaké kamélikaning lijan, kang bisa gawé tjilakakoe. Jèn akoe katon manganggo ngrémpjang, gèk doewit pjak-pjok, apa ija ora dadi pangintjihing doerdjana ?"

Sadaja sami kèndel roemaos kaloehoeran sabda. Rembag-rembag sadaja kémawon ingkang dapoer njandet badé linggaripoen sang ajoe sami tjabar. Njandet moerih boten sijos, tjabar ; njandet sawatawis dinten, inggih tjabar. Istingarahipoen sang ajoe dinadoenga medot, pinalangana loemoempat, kawoesananipoen kanti trenjoehing manah tijang tiga nganteoki pamitipoen sang retna ingkang makaten : „Oom lan entjim, kabetjikanmoe ora bakal daklali-lali. Pangrengkoehmoe marang akoe kaja déné anak dèwé, wis ndjalari deresing eloehkoe, déning abot arep pisah, sanadjan koewi doeroeng tamtoe salawas-lawasé. Akoe roemangsa ora katjonggah males, moela moeng memoedji marang Goesti, moerih kabetjikané oom sarimbit olèh piwales tikel-matikel. Mangkono oega marang tatjik, kang ija ora koerang-koerang pangrengkoehé, moega olèh piwales kaja déné oom ....."

Doemoegi samanten sang ajoe boten saged ngladjengaken, namoeng ladjeng mantoek ngatoeraken hoermat, toemoenten medal anggana, njangking boentelanipoen.

X. EMBOK RARA DORASEMBADA.

Embok rara dèrèng marem déné sang ajoe namoeng késah kémawon. Taksih pados rékadaja kadospoendi sagedipoen ki djaka

ladjeng geting dateng sang re
maroenipoen.

Raos endem-endemaning
pangraos, awon-saé sampoen
pang kaoetamèn kaanggep b
déné asor inggih sampoen s
rara boten mawi èwed-pakè
kémawon, oeger saged medo
kalijan sang bagoes.

Sadangoenipoen embok rar
tarékah ingkang saged damel
boten tentrem, déning boter
kalijan sang dyah. Ki djaka
pangraos wonten salah satoe
toemandoek ing djasatipoen s
bab poenika, rikoeh, bilih n
kirang prajogi.

Pandoming djam ingkang
ta namoeng baka sasekon, a
saged malik rina lan daloe, sa
djoe dateng satoenggalipoen,
saminggoe kapétang saking li

Babah King Hok saja kang
lenging manik. Saja sangeting
isi sang ajoe, ngantos sadinte
ndjegreg, malah sok tjlelan
Trekadang linggih koersi, soe
sok-sok nglésod ing mestèr n
kedèp-kedèp kados wonten i
katawis gagasanipoen nglambr

Lelampahan ing kamaripoen
ing gagasan, ngrerontog man
jèn saloegoenipoen inggih kag
kawistara ing solah-bawa bil
boten poeroen kasor.

Wongsal-wangsoel ing bat
koelan pitakèn : „Apa pédahé
Liong Tjwan teka. Jèn sanja

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ladjeng geṭing ḍateng sang retna, ingkang panganggepipoen dados maroenipoen.

Raos enḍem-enḍemaning manah poenika ngitjalaken raos-pangraos, awon-saé sampoen kaanggep sami, tindak ingkang nalimpang kaoetamèn kaanggep boten dados poenapa, nisṭa poenapa déné asor inggih sampoen saé kémawon. Makaten oegi embok rara boten mawi èwed-pakèwed nindakaken pitnah kadospoendi kémawon, oeger saged meḍot tetalining katrisnanipoen sang ajoe kalijan sang bagoes.

Sadangoenipoen embok rara mboedidaja moerih pikantoekipoen tarékah ingkang saged damel risakipoen sang retna, ki djaka saja boten tentrem, déning boten saged pinanggih-pinanggih malih kalijan sang dyah. Ki djaka ènget kados pikantoek wangsit, ing pangraos wonten salah satoenggaling bab ingkang boten prajogi toemandoek ing djasatipoen sang djoewita. Baḍé ngeblak pitakèn bab poenika, rikoeh, bilih noekoelaken panggrajangan ingkang kirang prajogi.

Pandoming djam ingkang loemampah tanpa kèndel, sanadjan ta namoeng baka sasekon, agengipoen semenoet, dangoe-dangoe saged malik rina lan daloe, saged nilar dinten satoenggal toemoe-djoe ḍateng satoenggalipoen, klempakipoen sampoen pikantoek saminggoe kapétang saking linggaripoen djoewitaning dyah.

Babah King Hok saja kangen, saja kapang ḍateng kenja tetelenging manik. Saja sangeting kapang, ing gagasanipoen namoeng isi sang ajoe, ngantos sadinten-dinten boten towong anggènipoen ndjegreg, malah sok tjlelang-tjleleng kados tijang ngengleng. Trekaḍang linggih koersi, soekoenipoen menṭéngkrang ing médja, sok-sok nglésod ing mestèr nḍepéplé ing pilar, mripatipoen boten keḍèp-keḍèp kados wonten ingkang dipoen djinggleng, nanging katawis gagasanipoen nglambrang.

Lelampahan ing kamaripoen sang ajoe wongsal-wangsoel klebet ing gagasan, ngrerontog manah. Leres sang retna boten ngaken jèn saloegoenipoen inggih kagiwang ḍateng sang bagoes, nanging kawistara ing solah-bawa bilih tresnanipoen ḍateng bah bagoes boten poeroen kasor.

Wongsal-wangsoel ing batosipoen sang nahen roedatin keṭoe-koelan pitakèn : „Apa pédahé ḍèwèké nḍelikaké akoe, nalika entjik Liong Tjwan teka. Jèn sanjata ora tresna marang akoe, mesṭiné

lega-lila akoe tinoendoeng saka kéné, dadi ora bisa ngreridoe manèh."

Ing satoenggaling dinten pinoedjoe wantji sonten, ki djaka mantoek saking padamelan, déné embok rara taksih reresik patilemanipoen ingkang kaanggep patjangan kados adat-saben.

Ki djaka witjanten tjemplang kalijan njèlèhaken topi ing dipan : „Pada slamet, Lian !"

„Slamet, koh. Engkoh teka katon soesah kena apa ?"

„Ora apa-apa, moeng saka keselé."

Saèstoenipoen ki djaka boten poeroen babarpisan takèn bab sang ajoe, nanging rèhning sampoen boten tahan ngampet, ladjeng miwiti saking sakedik lan kaangkah sampoen ngatawisi anggènipoen badé njoemerepi bab sang retna, déné sadangoenipoen wonten ngrikoe dèrèng naté medal.

„Kosok-bali karo kowé seneng teroes, nganti katara katon moendak-moendak lemoemoe."

Embok rara ingkang pantjèn tansah ngemataken sambang-liring, mangretos lèrèging rembagipoen ki djaka. Soepados saged ndjadjagi langkoeng lebet, embok parawan ngatoet roemijin saébahing pantjing. Witjantenipoen : „Mesti baé, wong saiki akoe doewé kantja."

„O ija. Akoe taoe kroengoe kandané entjik, djaré doewé ponakan kang mèloe ana kéné. Glagaté kowé bisa matoek apa ora karo dèwèké ?"

„Tjotjog, jèn tjotjogé, nanging ija ora toemrap ing saben bab." Wangsoelanipoen kadamel boten patos migatosaken, kaangkah sampoen ngantos katawis anggènipoen ndjadjagi.

„Oepamané, apa sing ora komatoeki ? Djaré djenengé Ing Nio, apa ija ?"

„Ija, djenengé pantjèn Ing Nio. Pilihané Ing Nio pinter goeneman lan pantjèn mitjara, koewi sing taksenengi. Jèn atèn-atèné mboewang, akoe ora matoek babarpisan."

„Généa ?"

„Ing ngatasé prawan Tionghwa teka mèloe-mèloe tjara noni ..... Merdikané ora djamak olèhé sambang-rapet karo djaka Djombang ..... Saben dina sasat ora ana pedoté olèhé kirim-kiriman lajang ..... Mesti baé olèhé mangkono maoe dedemitan, ora ngedèng ..... Sing dadi dalan baboe."

Kagètipoen ki djaka boten
embok parawan njoekani pa
toemrap sang dyah leng-leng
ged njajoedi kagètipoen ki dja
ngandel ing ngatasé prawan
pepatjoehing kasoesilan ?"

Manahipoen embok rara t
djaka, roemaos dèrèng toem
nanging katingal boten resep

„Apa ta preloené ngala-ala
kakèk. Hara, pakolèhkoe apa
koewi. Wis ping pira baé a
wangsoelané saka Djombang
olèhé tetemon, ngganjik olèh
Kabèh maoe akoe ora gelem
kok djeboel weroeh-weroeh ple
akoe dèwé ora ngreti teka m

Sanalika kasoepèn anggèni
dateng sang retna. Pamantjing
lijan ragi ndjola : „Hé, Ing Nio
doewé lakoe kaja ngono ?"

Ki djaka wiwit kerogoh, lac
ngandel ? Apa kowé wis weroe
ora ngandel ? Kowé teka bisa
lakoe kaja ngono, koewi nala
saiki wis ora ana kéné, toer ta
bapak-iboe ora, apa manèh m

Badé mantjing malah kepan
Ki djaka ragi klitjoetan nampi
boten saged mangsoeli. Pantj
maiben makaten.

„Anoe kok, rara, olèhkoe o
entjik, moelané ija aran anèh

Embok rara pantjèn saged
tjantenaken kados saèstoe, b
Pamaibenipoen ki djaka ing
wangsoeli mawi tjetjengès : „

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

li ora bisa ngreridoe

sonten, ki djaka man-
taksih reresik pati-
ados adat-saben.
haken topi ing dipan :

kena apa ?"

rpisan takèn bab sang
gampet, ladjeng miwiti
visi anggènipoen badé
ipoen wonten ngrikoe

ti katara katon moen-

taken sambang-liring,
oepados saged ndja-
et roemijin saébahing
ng saiki akoe doewé

djaré doewé ponakan
matoek apa ora karo

mrap ing saben bab."
gatosaken, kaangkah
djagi.
ré djenengé Ing Nio,

Nio pinter goeneman
jèn atèn-atèné mboe-

-mèloe tjara noni .....
t karo djaka Djom-
pedoté olèhé kirim-
ono maoe dedemitan,

Kagètipoen ki djaka boten kénging winiraos. Boten njana-njana embok parawan njoekani pawartos ingkang makaten awonipoen toemrap sang dyah leng-lenging manahipoen. Sareng sampoen saged njajoedi kagètipoen ki djaka soemambet : „Mangsa ! Sapa sing ngandel ing ngatasé prawan sing kaja dèwèké gelem nindakaké pepatjoehing kasoesilan ?"

Manahipoen embok rara tjoemlekit, mireng pamaibenipoen ki djaka, roemaos dèrèng toemama wisoenanipoen, ladjeng mèsem, nanging katingal boten resep.

„Apa ta preloené ngala-ala dèwèké, wong èlèk-èlèk isih toenggal kakèk. Hara, pakolèhkoe apa jèn ngala-ala kaja panganggepmoe koewi. Wis ping pira baé akoe ngonangi lajangé lan wangsoel-wangsoelané saka Djombang, malah akoe ja wis taoe ngonangi olèhé tetemon, ngganjik olèhé omong-omongan ana boeri omah. Kabèh maoe akoe ora gelem nganḍakaké marang sapa baé, lah kok djeboel weroeh-weroeh pleng-klaleng tanpa pamit. Sababé apa, akoe ḍéwé ora ngreti teka minggat koewi."

Sanalika kasoepèn anggènipoen réka-réka boten migatosaken ḍateng sang retna. Pamantjingipoen mèh kénangan, witjanten kalijan ragi ndjola : „Hé, Ing Nio minggat saka kéné ? Apa ija dèwèké doewé lakoe kaja ngono ?"

Ki djaka wiwit kerogoh, ladjeng dipoen étjé pisan : „Kowé ora ngandel ? Apa kowé wis weroeh djaba-djeroné Ing Nio, déné kowé ora ngandel ? Kowé teka bisa ngarani Ing Nio ora bakal doewé lakoe kaja ngono, koewi nalaré apa ? Mangka njata jèn ḍèwèké saiki wis ora ana kéné, toer tanpa ngatoeraké panoewoen, menjang bapak-iboe ora, apa manèh menjang akoe."

Baḍé mantjing malah kepantjing, kerogoh, kénging djinadjagan. Ki djaka ragi klitjoetan nampi pitakèn kados makaten waoe, dangoe boten saged mangsoeli. Pantjèn boten moenggoeh, jèn ki djaka maiben makaten.

„Anoe kok, rara, olèhkoe ora ngandel maoe, sabab kaponakané entjik, moelané ija aran anèh jèn Ing Nio mangkonoa."

Embok rara pantjèn saged damel-damel, poenapa ingkang kawi-tjantenaken kados saèstoe, boten ngatawisi jèn gaḍah pamrih. Pamaibenipoen ki djaka ingkang tjeṭa klitjoetanipoen, dipoen wangsoeli mawi tjetjengès : „Kang kokira anèh, ikoe kanjatan ora

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

anèh toemrap Ing Nio, déné kang kokira ora bakal, ikoe wis kalakon ija toemrap si Ing Nio. Satemené akoe soetik mboekak wewadining lijan, nanging rèhning kowé katon katarik kandakoe maoe, katarik lakoené prawan kijanat, ora dadi apa akoe ngandaraké kang loewih tjeta :

Sawidjining dina, kira-kira satengah sasi sing kepoengkoer, akoe nemoe lajang kang dilempit tjilik banget, njamar, ana ing médja toilèté Ing Nio. Kepéngin banget akoe meroehi soerasané, moelané ora ngélingi pijé-pijé, lajang maoe teroes takdjoepoek. Tjekaking soerasané ana djedjaka kang ndjaloek ketemoe dèwèké ing wajah djam sidji bengi. Toging ngendon, bareng daknjatakaké menjang kamaré, djam satengah loro wis ora ana. Taktandjihaké, taktloesoer-tloesoer djeboel njata noeroeti oenining lajang, metoené dedemitan. O, atikoe deg-degan, ndredeg, ngélingi sanakkoe kok ana sing sèdèng ngono."

Ki djaka boten tahan, anggènipoen linggih ing koersi males tjelak randjang satengah ambroek. Sirahipoen kados bileng, dipoen tjepengi kémawon. Otjéhanipoen embok parawan taksih dipoen pirengaken. Boten gadah panginten jèn sadaja waoe ngamandaka lalawora.

„Nadjan wis kaja mangkono, akoe isih seneng baé karo dèwèké, akoe ora mentala medaraké nistaning lakoené maoe, iki adjaa kowé katon ketarik, ora bakal akoe gelem ngelèr. Tjetané manèh, koh, saminggoe sawisé ikoe nalika akoe menjang kamaré manèh, mregoki olèhé noelis lajang, lan sadjaké ija wadi, tandané bareng weroeh akoe teka kedandapan olèhé ndelikaké. Dadak benginé akoe ngéndangi tinemoe soewoeng. Akoe ngira mesti menjang boeri kaja adat-saben, djeboel tenan. Dèwèké ngadeg gondélan roedji wesi ing boetoelan boeri kono, wong lanang semajanané ana djaba, ja gondélan roedji, adoe arep. Sapa wongé wong lanang maoe akoe ora weroeh, moeng gagahé baé sing daksoemoeroepi. Olèhé omong-omongan sadjaké kedoega. Bab iki ja moeng taksimpen dèwé. Sanadjan bapak lan iboe ora dakkandani. Ora ana sing njana-njana, bareng let saminggoe ndadak minggat tanpa pamit."

Ki djaka kados sinamber ing gelap, mirengaken obrolanipoen embok rara. Badé mangsoeli koewatos jèn saja kawijak wewa-dosipoen, mila wontenipoen inggih namoeng kèndel kémawon

„Mbokmanawa nganti saiki
lanang sing ditresnani maoe."
lijan badé késah, margi anggè
rampoeng, éwasamanten taksi
katimplak-timplak, lagi krasa
ora njana botjah désa bisa
botjah koeta, sing kasoewoer

King Hok taksih kèndel kén
kang pinikir. Badé boten pitad
tenipoen, embok rara boten n
dateng sang retna. Dados ng
ngadjengipoen, kaanggep tanp

Sapengkeripoen embok par
witjanten pijambakan makaten
koni kanistan sing kaja mangko
Nanging ....."

Alisipoen ndjengkeroet, batoe
èpèk-èpèk, semoenipoen kados
geget-nggeget oentoe kalijan wi
bang, kaja wong lanang dèwé
ora takon Kim Lian, sapa botja
Bisaa weroeh aran lan papané
takaké. Jèn nganti njata, ooo
akoe ora bisa ngadjar si kepar
dradjadé sang dyah, lan ija ng

Tjep, kèndel sakedap. Napas
boten mentas mladjeng oetawi
Sareng sampoen ragi aring, w
ngira, jèn botjah anteng djatmik
ngiwa ? Lagi ndelenga srapat-
ranè, langka jèn woding atiko

Ah ora, mesti ora. Anaa sétar
ngandakaké alané Ing Nio,
isih moerni. Akasa dadi prada
isih doewé koelit lan daging, o
lijané sang ajoe, nadjan ta teme
kanistan kaja kang kaseboet n

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

„Mbokmanawa nganti saiki Ing Nio isih among-soeka karo wong lanang sing ditresnani maoe." Witjantenipoen waoe sampoen kalijan badé késah, margi anggènipoen nata randjang sampoen mèh rampoeng, éwasamanten taksih kasambet malih : „Bésoek jèn wis katimplak-timplak, lagi krasa loepoeting lakoené ..... Heh, ora njana botjah désa bisa doewé tindak ngoengkoel-oengkoeli botjah koeta, sing kasoewoer kamardikané."

King Hok taksih kèndel kémawon, raosing manah tamboeh ingkang pinikir. Badé boten pitados, nalaripoen poenapa, djer pangintenipoen, embok rara boten njoemerepi kadospoendi tresnanipoen dateng sang retna. Dados ngawon-awon sang ajoe wonten ing ngadjengipoen, kaanggep tanpa kadjeng, tanpa pamrih.

Sapengkeripoen embok parawan, ki djaka wongsal-wangsoel witjanten pijambakan makaten : „Apa ija sang retna gelem nglakoni kanistan sing kaja mangkono. Eh, kok ora ngandel akoe ..... Nanging ....."

Alisipoen ndjengkeroet, batoekipoen dipoen toetoeki mawi poking èpèk-èpèk, semoenipoen kados noendoeng sebeling pamikir. Anggeget-nggeget oentoe kalijan witjanten pijambakan : „Botjah Djombang, kaja wong lanang dewé ! Hm, kelalèn saplengan, déné akoe ora takon Kim Lian, sapa botjah Djombang sing nglelanang maoe. Bisaa weroeh aran lan papané, akoe mesti bisa nggolèki lan njatakaké. Jèn nganti njata, ooo, doedoe King Hok akoe, lamoen akoe ora bisa ngadjar si keparat kang woes koemawani ngroesak dradjadé sang dyah, lan ija ngroesak tetalining tresna-asihkoe."

Tjep, kèndel sakedap. Napasipoen ngangsoer-angsoer, sanadjan boten mentas mladjeng oetawi angkat djoendjoeng ingkang awrat. Sareng sampoen ragi aring, witjanten malih : „Sapa wongé sing ngira, jèn botjah anteng djatmika kaja memanikkoe kaé gelem lakoe ngiwa ? Lagi ndelenga srapat-srapaté, solah-bawané, sabda-witjarané, langka jèn woding atikoe kalakon mangkono.

Ah ora, mesti ora. Anaa sétan belang ngomjang ping pitoe sadina, nganda kakaké alané Ing Nio, akoe tetep ngarani jèn isih soetji, isih moerni. Akasa dadi pradata, boemi dadi saksi. Djandji akoe isih doewé koelit lan daging, ora bakal akoe gingsir marang botjah lijané sang ajoe, nadjan ta temen awaké wis pating blontèng déning kanistan kaja kang kaseboet maoe."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XI. KIM LIAN WALÈH.

Déning kawontenan kaseboet ing nginggil, manahipoen ki djaka ing daloe poenika kados kineboer, mèh sadaloe bețețet boten saged tilem, klisikan, molak-malik. Saladjengipoen damelipoen linggih ndjegreg, gendilang-gendileng, toewin saben-saben rembagan pijambakan kados tijang éwah. Boten anèh bilih saweg saminggoe kémawon, kawontenaning badanipoen sampoen éwah sanget. Saminggoe sadèrèngipoen, taksih djentot, sapoenika kera, mbloentjing. Praoepan ingkang waoenipoen poepoek, sapoenika ngowok, kempot, ngadjrih-adjrihi laré dolan. Saja ngadjrih-adjrihi manawi pinoedjoe ndingkloek kados memikir saèstoe, sakedap malih blalak-blalak, melengipoen katingal sadaja. Embok rara pijambak, ingkang boten kirang-kirang koelina inggih saja wewah-wewah adjrih lan koewatosipoen.

Roemijinipoen boten naté tjowok lan pantjèn sakalangkoeng sregep ing damel, sapoenika sadanganipoen kémawon. Sadinten mlebet, sadinten boten, ngoender wonten ing kamar ; malah saben-saben oegi mantoek sijang, boten wangsoel malih ..... Woesananipoen doemawah ing sakit, boten saged mardamel babarpisan.

Soemerepipoen ngakatah datenging sesakitipoen ki djaka waoe dadakan, déné woedjoedipoen : sakedap-sakedap soemapoet, boten ènget.

Kim Lian manahipoen boten kanten-kantenan.

Pinten kémawon dokter ingkang dipoen tedani toeloeng, kapoerih nitipriksa lan ndjampèni ingkang nandang sakit, nanging sadaja tjabar, malah mastani pènjakitipoen kémawon sami boten saged. Mbokmanawi sesakit kados ingkang kasandang ki djaka waoe, pantjèn dèrèng kalebet wonten ing ngèlmi kadokteran. Saweneh mastani namoeng djalaran kirang leres lampahing rah, saweneh malih mastani namoeng saking kesel, malah wonten ingkang blakasoeta boten ngretos.

Sagedipoen tilem sakétja, namoeng manawi bibar kasoentik, inggih poenika soentik manoet moepakatipoen para dokter ingkang dipoen tedani toeloeng waoe.

Ing satoenggaling dinten praoepanipoen ki djaka bingar, kados tijang saras saèstoe. Linggih njenoek, lingak-lingoek kados wonten

ingkang dipoen padosi. Sareng
réwog nenggani tjaket randjar

„Kim Lian, kaja wis wajahé a
rasané atikoe. Satemené akoe
kowé. Bener akoe bijèn wis ta
metoe saka tresnaning ati, mlig
ing akoe. Saking toememené
bijèn, akoe léna, atikoe kal
nglanggar kasoesilan. Jèn kow
doewoeng, mestiné kowé ora ka
pantjèn ora tresna karo kowé.
nikah karo akoe ..... ikoe
bakal kelakon."

Embok rara menjat, moend
kados tijang soepena mireng re
boten ènget wonten kamaripo
badé ngandel poenapa ingkang
pikiranipoen, poenapa ki djak
kémawon.

Badé pitados manawi namoer
jèn witjantenipoen waoe saèsto
teges.

„O, sadjakmoe kok .....
ngamé, kokira ndleming .....
ora ndleming. Akoe kanda s
Sadjroné akoe ngempet prakar
kaja njangga oekoeman. O, v
lan loemahing boemi iki, ora a
ngemoengaké botjah sidji endil
..... lijané ikoe kalis baé, L
mangkéné iki, ija marga oléhk
ora dakwedaraké marang ko
seriking atimoe."

Toedjoenipoen embok rara
manahipoen, mireng rembag i
kalijan pangamparing gelap
soemapoet, boten poenapa.

Pantjènipoen inggih sampoe

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ingkang dipoen padosi. Sareng soemerep embok parawan réwog-réwog nenggani tjaket randjang, ladjeng witjanten ampang :

„Kim Lian, kaja wis wajahé akoe blaka marang kowé, mblakakaké rasané atikoe. Satemené akoe iki ..... ora tresna ..... karo kowé. Bener akoe bijèn wis taoe ndemok kowé, nanging ikoe ora metoe saka tresnaning ati, mligi saka rosané éblis kang soemoesoep ing akoe. Saking toememené pangrengkoehmoe nalika akoe lara bijèn, akoe léna, atikoe kalah karo éblis, nganti kaleksanan nglanggar kasoesilan. Jèn kowé ngélingi, nalika samana akoe kedoewoeng, mesṭiné kowé ora kagèt, jèn saiki akoe blaka jèn ..... pantjèn ora tresna karo kowé. Dadi ..... pangarep-arepmoe bisa nikah karo akoe ..... ikoe boewangen baé, sabab mesṭi ora bakal kelakon."

Embok rara menjat, moendoer sawatawis tindak boten kraos, kados tijang soepena mireng rembag makaten waoe. Malah oepami boten ènget wonten kamaripoen ki djaka, pijambakipoen boten baḍé ngandel poenapa ingkang pinireng waoe. Ing batos ṭoekoel pikiranipoen, poenapa ki djaka édan, poenapa namoeng ngamé kémawon.

Baḍé pitados manawi namoeng ngamé, teka katingal srapatipoen, jèn witjantenipoen waoe saèstoe, poenapa malih saget oeroet toer teges.

„O, sadjakmoe kok ..... ora ngandel, akoe kokira ..... ngamé, kokira ndleming .....? Ora, akoe ora ngamé ....., ora ndleming. Akoe kanḍa sabeneré, tanpa tèḍèng aling-aling. Sadjroné akoe ngempet prakara maoe, sadina-dina rasané atikoe kaja njangga oekoeman. O, wroehanamoe, ing koerebing langit lan loemahing boemi iki, ora ana sing dadi panoedjoening atikoe, ngemoengaké botjah sidji enḍil, ja ikoe ..... si Ing Nio ḍéwé, ... lijané ikoe kalis baé, Lian! Dadi akoe nanḍang lara kaja mangkéné iki, ija marga oléhkoe ngenḍem bab iki; dak-enḍem ora dakweḍaraké marang kowé maoe-maoené, wedi jèn gawé seriking atimoe."

Toedjoenipoen embok rara poenika tijang ingkang kandel manahipoen, mireng rembag ingkang soeraosipoen boten kawon kalijan pangamparing gelap poenika taksih saged tègès, boten soemapoet, boten poenapa.

Pantjènipoen inggih sampoen ngretos, bilih wiwit roemijin King

Hok boten kadjeng ḍateng pijambakipoen, kadjenga inggih namoeng ampang, nanging boten nginten babarpisan jèn ki djaka baḍé poeroen witjanten makaten tjoemlekrikipoen ḍateng manah.

„Oepama ..... bijèn-bijèn ..... akoe ora rikoeh nglairaké ..... rasaning atikoe sing saloegoené, ... kirakoe ..... akoe ora ḍelak-ḍelak kaja ngéné iki. Wiwit akoe kroengoe ..... Ing Nio loenga saka kéné, ... kepénginkoe noetoeti, ... kepénginkoe nggolèki ..... ora kena disajoeti, ... nanging rèhning isin lan wedi karo kowé, ... kepénginkoe maoe dakpekak sarosakoe ..... Tibané ..... pamekakkoe ..... malah nggeḍèkaké ..... èlingkoe ..... marang ḍèwèké, nganti ..... rina-wengi ..... pikirankoe moeng marang Ing Nio baé ..... Ikoe ..... sababé, Lian ....., akoe toemiba ing karoesakan, ... nanḍang roga ..... sing kaja mangkéné rekasané.

Hm, getoen temen akoe ....., teka ora barès ḍèk bijèn-bijèn ..... Wong akoe woes mantep tresnakoe marang ḍèwèké ....., ora bisa owah-gingsir ..... teka akoe ora noeli blaka marang kowé ..... Heh, teka boḍo temen akoe iki!"

Embok rara ngaplo kémawon. Witjanten samanten pandjangipoen waoe, namoeng dipoen wangsoeli: „Kowé koewi lara banget, mèmper jèn ngaméa. Ḍokter kanḍa, kowé koedoe ngaso, nentremaké awak lan ati."

„Ora ..... akoe ora ngamé, Lian ..... Isih ana teroesé ..... Lian ....., kanḍakoe ikoe ....., lan teroesé iki ..... ija wis soewé ..... anggonkoe arep nglairaké marang kowé. Pandjaloekkoe ..... wiwit dina iki kowé adja ..... gemati marang akoe kaja sing oewis-oewis, lan ..... adja koanggep tjalon bodjo, tjoekoep koanggep akoe King Hok loemrah ..... Déné nijatkoe ....., jèn larakoe iki wis waras temenan ....., akoe arep ndjaloek lèrèn saka pagawéan ....., arep nggolèki Ing Nio ..... woding atikoe ..... nganti bisa ketemoe ....."

„Keprijé ta wong Ing Nio genah ora seneng karo kowé, teka arep kolaboehi kepati-pati. Minggat saka kéné, toer rangkat, ikoe tegesé rak ngemohi kowé."

„Ora .....! Nadyan kowé ngarani rangkat ....., angger iroeng ija ngarani loenga karo wong lanang lija ....., nanging akoe jakin ..... jèn nganti dina iki ..... ḍèwèké tansah ngentèni

..... akoe. Akoe pretjaja ...
isih soetji, lan ija moeng akoe
„Prijé bisamoe weroeh jèn
„Sabab ....., sabab angg
anggoné anggatèkaké .....
..... loewih adji tinimbang
Siiiiir, raosing manahipoen e
ngatasipoen pawèstri saweg
ning patjangan, djeboel dipo
roemaos isin embok rara tamt
Manahipoen angles saking
mingkir saking kamar, ngésah
Déné ki djaka ing sapeng
anoetoeh sarira kalijan pidje
saontjatipoen sang ajoe boten
pamit noetoeti.
„Hé ....., dadi akoe iki .
koewanèn ..... Adjaa krasa
kira-kira ..... akoe meksa
kanḍoetaning atikoe marang
wanikoe iki kagawa saka wec
Saiki atikoe wis lega. Sama
ankoe mesṭi daksèlèhaké .....
Nio ..... Ja bèn ..... akoe di
apa ..... O, jèn nganti kap
lèndjèh ing kakoeng ....., l
saka tanah Djawa kéné .....
Éndjingipoen ki djaka saja
boten keḍèp-keḍèp lan tansah
les, boten ènget adamel koer
langkoeng-langkoeng embok
Babah Liong Tjwan djal
ribetipoen, djer ki djaka po
pijambak. Saking kapénginip
Liong Tjwan sampoen bote
ingkang katjarijos pinoendjoe
ngoepakara ki djaka. Éman
ingkang pitoeloeng.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

..... akoe. Akoe pretjaja ..... jèn ḍèwèké isih moerni ....., isih soetji, lan ija moeng akoe ..... kang dadi telenging manikė."

„Prijé bisamoe weroeh jèn Ing Nio tresna karo kowé ?"

„Sabab ....., sabab angger ketemoe karo..... akoe katon anggoné anggatèkaké ..... Goemati sing kaja mangkono koewi ..... loewih adji tinimbang goenem."

Siiiiir, raosing manahipoen embok parawan, kados dipoen iris. Ing ngatasipoen pawèstri saweg lara brangta, ngedjibaken lestantoening patjangan, djeboel dipoen tjangar warasan. Oepami boten roemaos isin embok rara tamtoe sampoen andjempling nangis.

Manahipoen angles saking boten koewawinipoen, ladjeng soemingkir saking kamar, ngésahi ki djaka.

Dėné ki djaka ing sapengkeripoen embok rara, boten kèndel anoetoeh sarira kalijan pidjer atebah-tebah ḍaḍa. Getoen dėné saontjatipoen sang ajoe boten noenten barès sarta boten ladjeng pamit noetoeti.

„Hé ....., dadi akoe iki ..... djago beléhan ....., ora doewé koewanèn ..... Adjaa krasa arep mati ..... ngéné iki ..... kira-kira ..... akoe meksa doeroeng ..... wani nglairaké kanḍoetaning atikoe marang Kim Lian ..... Tjeṭa ..... jèn wanikoe iki kagawa saka wedikoe mati.

Saiki atikoe wis lega. Samangsa akoe wis waras ....., pagawéankoe mesṭi daksèlèhaké ....., bandjoer akoe nglari loengané Ing Nio ..... Ja bèn ..... akoe diarani wong gembloeng ..... ora dadi apa ..... O, jèn nganti kapara njata ..... Ing Nio dadi botjah lèndjèh ing kakoeng ....., loewih betjik ..... akoe soemingkir saka tanah Djawa kéné ....., emboeh menjang ngendi bésoek."

Éndjingipoen ki djaka saja sanget, mripatipoen tansah mlolo, boten keḍèp-keḍèp lan tansah toemenga manginggil. Las-les, las-les, boten ènget adamel koemelaping manahipoen ingkang djagi, langkoeng-langkoeng embok rara.

Babah Liong Tjwan djaler-èstri inggih boten kirang-kirang ribetipoen, djer ki djaka poenika sampoen kaanggep anakipoen pijambak. Saking kapénginipoen ki djaka noenten saras, babah Liong Tjwan sampoen boten ngétang waragad, poendi ḍokter ingkang katjarijos pinoendjoel dipoen ḍatengaken, dipoen poerih ngoepakara ki djaka. Éman, dėné sadaja waoe boten wonten ingkang pitoeloeng.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Njoemerepi sakitipoen ki djaka saja santer, ḍokter-ḍokter namoeng sami gèḍèg-gèḍèg, tanḍa sampoen kawekèn.

Embok parawan soemerep ndjegregipoen ḍokter makaten waoe soemrepet panonipoen, blijoer-blijoer, breg, boten ènget. Tan kotjapa bingoengipoen, babah Liong Tjwan djaler-èstri, begdja déné sareng sampoen kaoepakara saprajoginipoen embok rara noenten ènget.

Melèk bjar ingkang wonten namoeng bapa-bijoengipoen, toer sampoen wonten kamaripoen pijambak, lingak-lingoek ladjeng pitakèn : „King Hok wis mati ? Apa lagi arep mati ? O, Allah, mati marga saka akoe. Jèn pantjèn preloe mati, loewih betjik akoe tinimbang ḍèwèké. Koh King Hok, tresnakoe marang kowé tanpa timbang, lega lila akoe dadi bebantenmoe, angger kowé tinemoe slamet. Aḍoeh, généa kowé ora nimbangi katresnankoe ? Ḍoeh Goesti moegi Toewan tansah angajomi koela !"

Sasampoenipoen witjanten makaten embok rara njekékal tangi, ngipataken bapa-bijoeng ingkang sami ngredjeng, mentjolot nggeblas, moeroegi ki djaka ingkang sampoen asawang lajon. Boten saranta poenḍakipoen kidjaka dipoen ojog-ojog. Bengok-bengok sanès sabaénipoen: „Koh! Koh! Koh King Hok adja mati ....., adja mati koh! Akoe tresna banget marang kowé, ... lega lila akoe dadi koerbanmoe, angger kowé adja mati. Ḍoeh, woding atikoe .....!"

Dilalah ki djaka saged melèk, sanadjan katingal rekaos sanget anggènipoen ambikak tlapoekan; soewantenipoen lebet toer pegat-pegat: „I n g N i o ! I n g N i o !"

Embok rara gela ragi lega. Anggènipoen lega déné ki djaka boten kaladjeng pedjah; anggènipoen gela awit ndlemingipoen taksih ḍateng sang ajoe, nanging embok rara saja tarwéla, bilih awit saking pandamelipoen, tijang sanès ingkang manggih tjilaka, jitmanipoen baḍé petjat, mangka gèk jitmanipoen djedjaka ingkang dipoen impi-impi. Bingoeng, èmeng, djibeg ! Poenapa tansah baḍé ngekahi pangerahipoen ḍateng ki djaka ? Tjeṭa boten saged ; ki djaka saèstoe pedjah manawi boten panggih lan sang djoewita. Lah baḍé kadospoendi ?

Namoeng kalih ingkang kedah dipoen pilih: ngéklasaken ki djaka dados bodjonipoen sang retna, poenapa poegoeh panggah pangesiripoen ḍateng sang bagoes, oegi ingkang ateges téga njawang lajonipoen.

Angèl, angèl, embahing ang
angèlipoen ngoengkoeli pamili
noeroeti hardaning hawa, kek
boten, King Hok wiloedjeng, n
lan tijang sanès.

Begdja, déné soetjining tre
rara poeroen ngawon, nglilaka
Ḍapoer pilaoer : ora bisa nj
tinimbang ora njanḍing ora nja

Doemoegi samanten gagas
kepéngin linggih, koemlawé nj
loengi mbantali sirahipoen. E

Sasampoenipoen embok ra
anggènipoen sènḍèn majat ra
sasmitani kapoerih njelak. So
ipoen, nanging meksa kémawo
raosing manahipoen ḍateng er

„Kim Lian ....., kowé we
akoe ..... wis mèh tekan ing
bisa gawé betjik marang akoe

Tangisipoen embok parawan
dléwéran wonten ing pipinipo
mireng temboeng : akoe wis m
raos ing manah, déné ki djaka i
tresnanipoen ḍateng badanip
Soewantenipoen ki djaka ing
sanget ngreremoek manah.

Embok parawan mangsoeli
mbrebel kados wedaling toja o
ora ana senengkoe kaja dén
koh ..... Tjoba kanḍakna a
mengko daklakonané, ...
djabalkat pisan."

Wangsoelanipoen King Ho
sanès kadjengipoen pijambak
loekkoe ..... ikoe ora sepé
wis mèh mati. Kowé rak ja n
wis mèh toemeka ing djand

Prawan Toewa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Angèl, angèl, embahing angèl. Boten wonten prakawis ingkang angèlipoen ngoengkoeli pamilih kalih bab kados ing nginggil. Jèn noeroeti hardaning hawa, kekasihipoen badé doemoegi lajon. Jèn boten, King Hok wiloedjeng, nanging badé njepaki ki djaka sarimbit lan tijang sanès.

Begdja, déné soetjining tresna tansah bebisik, wasana embok rara poeroen ngawon, nglilakaken ki djaka dados lakining sanès. Ḍapoer pilaoer : ora bisa njanḍing, angger isih bisa njawang, tinimbang ora njanḍing ora njawang.

Doemoegi samanten gagasanipoen, ki djaka keṭikrik-keṭikrik kepéngin linggih, koemlawé njasmitani embok rara poeroena mitoeloengi mbantali sirahipoen. Embok rara trangginas toemandang.

Sasampoenipoen embok rara nindakaken pakènipoen, sarta anggènipoen sènḍèn majat ragi prenah, embok parawan dipoen sasmitani kapoerih njelak. Soewantenipoen lebet, rekaos wedalipoen, nanging meksa kémawon anggènipoen kepéngin nglairaken raosing manahipoen ḍateng embok rara.

„Kim Lian ....., kowé weroeh ..... ḍéwé ..... jèn saiki akoe ..... wis mèh tekan ing djandji ..... Apa kowé isih ..... bisa gawé betjik marang akoe manèh ..... Lian ?"

Tangisipoen embok parawan boten kénging katahan, eloehipoen dléwéran wonten ing pipinipoen. Raosing manah boten kantenan mireng temboeng : akoe wis mèh tekan ing djandji waoe. Karaosraos ing manah, déné ki djaka ingkang dipoen tresnani nglangkoengi tresnanipoen ḍateng badanipoen pijambak djeboel badé ngelèsi. Soewantenipoen ki djaka ingkang mèh dados wasijating lajon, sanget ngreremoek manah.

Embok parawan mangsoeli kalijan ngoesapi eloehipoen ingkang mbrebel kados wedaling toja oemboel : „O, koh King Hok, ... ora ana senengkoe kaja déné jèn agawé betjik marang kowé, koh ..... Tjoba kanḍakna apa kang dadi pandjaloekmoe, ... mengko daklakonané, ... nadyan tekana poetjaking goenoeng djabalkat pisan."

Wangsoelanipoen King Hok tamban, nanging ngemoe raos kados sanès kadjengipoen pijambak : „Soekoer ..... ta Lian ! Pandjaloekkoe ..... ikoe ora sepélé, nanging ija gampang banget. Akoe wis mèh mati. Kowé rak ja ngreti ..... ta, Lian, jèn akoe ..... wis mèh toemeka ing djandji iki ? Nanging kawroehana .....

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

patikoe maoe doeroeng bisa éklas ....., jèn doeroeng kroengoe katrangan saka kowé ḍéwé ....., bab gérohing goenemmoe ....., anggonmoe njaritakaké alané Ing Nio ..... Tjoba, Kim Lian, akoe blakanana kanḍamoe ..... bab Ing Nio ikoe njata apa ora ?"

Paneḍanipoen ki djaka poenika sasat napoek rai, mila embok rara boten saged mangsoeli sanalika. Pijambakipoen boten njana babarpisan jèn baḍé makaten paneḍanipoen ki djaka. Manahipoen bingoeng, ṭoekoel gagasanipoen koemedah barès, barès bilih anggènipoen njarijosaken sang ajoe poenika dora-sembada. Barès soepados ingkang baḍé tilar-donja marem ing manah, temah petjating jitma saged pinḍa lepasing djemparing.

Ki djaka njawang tanpa keḍèp, tanganipoen koemlawé njepeng tanganipoen embok rara ladjeng witjanten malih : „Welasa ..... marang wong kang arep mati ..... Kim Lian, kanḍaa jèn saloegoené ..... kowé goroh ....., kanḍaa ..... jèn satemené Ing Nio prawan ....., soetji. Kim Lian ....., akoe olèh tajoeh ....., jèn loengané Ing Nio ..... saka kéné ikoe ..... moeng saka ngloemoehi, dadi ora minggat ..... Kowé rak ngreti ta ..... jèn tajoeh kang ditampa ..... déning wong arep mati ikoe ..... kena ditamtokaké beneré ....., moelané prajoga ..... kowé ngakoea ....., jèn goenemmoe ..... bab Ing Nio ikoe ..... goroh kabèh ..... Mengkono, Lian ....., jèn kowé njata tresna ..... marang akoe, ja ikoe tresna kang soetji ....., ora saka hardaning hawa."

Embok rara taksih dèrèng saged mangsoeli. Ing batos taksih ramé, perangipoen napsoe lan karsa. Poen karsa tansah doemeling, jèn saèstoe embok rara tresna ḍateng ki djaka, tamtoe poeroen madalaken sarira, poenapa déné poeroen ngleresaken kalepatanipoen ingkang dipoen doemoek ki djaka waoe. Baḍé makaten waoe poen napsoe taksih owel, jèn ta nglenggana ing kalepatanipoen, owel déné boten baḍé laki pikantoek ki djaka, ingkang sampoen lami kaganṭa-ganṭa.

Sadangoenipoen napsoe lan karsa perang ramé wonten ing batosipoen embok rara, ki djaka tansah mandeng tanpa keḍèp. Déning njoemerepi embok rara kados makaten bingoengipoen, ki djaka saja pitados bilih tajoeh ingkang tinampi déning tetijang ingkang baḍé adjal poenika mesṭi leresipoen. Dados tajoeh ingkang mentas katampi, bilih késahipoen sang ajoe poenika djalaran saking

ngloemoehi, poenika boten ké
anteping piandelipoen.

Sareng ngantos dangoe dèr
neseg rembag: „Jèn njata kow
Lian ....., généa kowé
atikoe ....., mangka kowé
toemeka ing pati. Temenan, Li
ora bisa ..... kaja lepasin
olèh katerangan ..... sanja
Ing Nio ....., soetji resik ....
kapas ..... kang diwoesoni
O, wong kang arep mati ik
sapira geḍéning dosamoe mar
mesṭi dak-apoera."

Embok rara boten tahan mi
ngroengkebi tanganipoen ki d
sing goroh. Ing Nio ora a
kéné ..... bener ngloemoeh

Doemoegi samanten Kim L
angonḍok-onḍok, nanging kos
manahipoen ngantos ambreb
tanganipoen, dipoen eloes-e
banget ..... boedimoe .....
doeroeng ana temboeng .....
kanggo nggambaraké loehoerin
koewi. Akoe ..... moeng
dadi widadari ..... toemo
preloe paring pangarem-arem
Déné loepoetmoe ..... m
Ing Nio ..... wis dak-apo

Satelasing witjantenipoen
reng, kadjawi tangisipoen mb
dipoen tjepengi déning ki dja

Ingkang makaten waoe ng
malih, swaranipoen Kim Lian

„Koh, sakèhing kaloepoetan

„Ija, Lian ..... kowé
ngapoera kowé ..... tari

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngloemoehi, poenika boten kénging dipoen sélaki malih. Makaten anteping piandelipoen.

Sareng ngantos dangoe dèrèng pikantoek wangsoelan, ki djaka neseg rembag: „Jèn njata kowé ..... tresna marang akoe ..... Lian ....., généa kowé loemoeh ..... agawé senenging atikoe ....., mangka kowé wis weroeh ..... jèn akoe wis mèh toemeka ing pati. Temenan, Lian ....., petjating jitmakoe ..... ora bisa ..... kaja lepasing djemparing ....., jèn doeroeng olèh katerangan ..... sanjata ..... moenggoeh ing kasoetjèné Ing Nio ....., soetji resik ..... toer moeloes kaja déné poetihing kapas ..... kang diwoesoni ..... Apa kowé pakéwoeh ..... O, wong kang arep mati ikoe soegih pangapoera ....., dadi sapira gedéning dosamoe marang akoe ..... lan marang Ing Nio, mesti dak-apoera."

Embok rara boten tahan mireng rembag makaten waoe, ladjeng ngroengkebi tanganipoen ki djaka, kalijan witjanten: „Koh, akoe sing goroh. Ing Nio ora apa-apa. Isih betjik. Loengané saka kéné ..... bener ngloemoehi."

Doemoegi samanten Kim Lian nangis. Déné King Hok sanget angondok-ondok, nanging kosokwangsoelipoen inggih sanget lega manahipoen ngantos ambrebesmili. Kim Lian dipoen tjepeng tanganipoen, dipoen eloes-eloes kalijan witjanten: „Loehoer banget ..... boedimoe ..... Lian! Ing ngalam-donja ..... doeroeng ana temboeng ..... kang betjik ....., kang kena ..... kanggo nggambaraké loehoering beboedènmoe ..... sing mengkono koewi. Akoe ..... moeng bisa ngarani ....., jèn kowé saiki dadi widadari ..... toemoeroen menjang ngartjapada ..... preloe paring pangarem-arem marang wong kang ..... mèh mati. Déné loepoetmoe ..... marang akoe ..... oetawa marang Ing Nio ..... wis dak-apoera, Lian."

Satelasing witjantenipoen King Hok, boten wonten swara kapireng, kadjawi tangisipoen mbok rara, ingkang tanganipoen tansah dipoen tjepengi déning ki djaka.

Ingkang makaten waoe ngantos dangoe. Sareng wonten swara malih, swaranipoen Kim Lian ingkang kapireng:

„Koh, sakèhing kaloepoetankoe ..... akoe ndjaloek pangapoera."

„Ija, Lian ..... kowé wis dak-apoera ..... Sawisé akoe ngapoera kowé ..... tarima-kasihkoe baé tampanana .....!

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Akoe ..... roemangsa kapotangan gedé banget ..... marang kowé ..... Enggonmoe ..... nggoematèni akoe saprana-saprèné ..... ora bakal ..... akoe bisa males ..... kadjaba moeng sing Koewasa."

Doemoegi samanten ing kamar ladjeng sepen malih. Inggih ngantos dangoe malih. Sareng wonten swara, inggih swaranipoen Kim Lian malih. Nanging samangké sampoen mantoen pedot-pedot. Tatag, roentoet, ngatawisi manawi ingkang njwara sampoen tatag manahipoen saged ngedalaken kekijatan.

„Koh King Hok!"

„Apa?"

„Sarèhné laramoe ikoe genah jèn saka akoe. Dadi saikiné ija akoe sing koedoe amboedi moerih mariné."

Keprijé ....., pamboedimoe ..... Lian?"

„Ing Nio arep dakgolèki, arep dakkon noenggoni kowé, mèn dadi tambamoe!"

„Apa ..... isih ..... bisa ..... ketemoe, ... Lian?"

„Ija daktemok-temokné. Tjekaké akoe ora bali jèn ora karo Ing Nio. Moeng kowé baé koewat-koewatna ja, ... koh!"

King Hok boten saged mangsoeli, namoeng mantoek, kalijan teroes brol-brolan eloehipoen. Samendaning manahipoen ladjeng witjanten: „Kim Lian, ... manawa dadi panoedjoening atimoe, ... katresnanmoe marang akoe ..... tetepa dadi katresnaning sadoeloer ..... Akoe dadi sadoeloermoe lanang, ... kowé dadi sadoeloerkoe wadon ..... Sadoeloer kanggo salawas-lawasé, ... nganti tekan ing akérat, ... kaja déné toenggal ..... bapa-bijoeng temenan kaé."

Embok rara boten saged angoetjap. Manahipoen boten saged tahan dangoe malih wonten ing kamar ngrikoe, mila ladjeng klépat medal.

XII. KIM LIAN KÉSAH MADOSI ING NIO.

Samoendoeripoen saking panggénanipoen ki djaka, embok rara ladjeng kémawon loemebet ing kamaripoen. Manahipoen kentjeng badé madosi Ing Nio, lan badé mangkat ing dinten poenika oegi. Sasampoenipoen tjekap anggènipoen tata-tata santoen ingkang preloe kabekta, ladjeng pamit dateng bapa-bijoengipoen.

„Bapak lan iboe, akoe njoewoen pamit. Dina iki oega akoe arep

loenga golèk doekoen kang
Akoe njoewoen pangèstoe so

Bapa-bijoengipoen goemoen
embok rara. Anggepipoen sa
parawan pijambak.

„Hé, doekoen? Teka goem
ana doekoen koewi? Apa ija b
sing djamhoer-djamhoer sa S

„Ora moeng sa Soerabaja,
ngalahaké doekoen sing dakk

Iboenipoen njelani: „Ambo
koené koewi?"

„Ora ana manèh kadjaba I

„Ing Nio? Apa kowé ndlem

„Ora! Mangkéné terangé.
entèk-entékan, moelané akoe
soekoe, malah nadyan djiwak
King Hok sing ditresnani Ing
dèwèké loewih seneng mati, ti
doewé bodjo Ing Nio. Getoe
pak. Getoen déné akoe wis ti
sarakah. Akoe ngreti jèn koh
Nio, katanda saploké Ing Nio
ngengleng. Saben dina lenga
pirang-pirang djam ndjegreg
toekoel, atikoe panas marang
sereng, nganti kaleksanan Ing
Marga saka Ing Nio loenga,
saiki mèh dadi lajon. Ngéling
ana wong loenga, dosa mara
samestiné akoe noeli neboes
wadjib neboes, koedoe neboe
njoewoen pamit nggolèki In
pasrahaké koh King Hok ka
tambané, katemoené koh lan
dadi bodjo."

Bapakipoen gedeg-gedeg.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

banget ..... marang
ematèni akoe saprana-
males ..... kadjaba

sepen malih. Inggih
ra, inggih swaranipoen
n mantoen pedot-pedot.
njwara sampoen tatag

akoe. Dadi saikiné ija

an ?"
noenggoni kowé, mèn

etemoe, ... Lian ?"
ora bali jèn ora karo
na ja, ... koh !"
oeng mantoek, kalijan
g manahipoen ladjeng
dadi panoedjoening
e ..... tetepa dadi
eloermoe lanang, ...
eloer kanggo salawas-
, ... kaja déné
aé."
nahipoen boten saged
oe, mila ladjeng klépat

SI ING NIO.

ki djaka, embok rara
Manahipoen kentjeng
dinten poenika oegi.
ata santoen ingkang
bijoengipoen.
na iki oega akoe arep

loenga golèk doekoen kang kadoega marasaké koh King Hok. Akoe njoewoen pangèstoe soepaja noeli katemoe."

Bapa-bijoengipoen goemoen kaworan kagèt mireng witjantenipoen embok rara. Anggepipoen sanès witjantening manahipoen embok parawan pijambak.

„Hé, doekoen ? Teka goemoen akoe, saka ngendi kroengoemoe ana doekoen koewi ? Apa ija bisa marasaké King Hok, wong dokter sing djamhoer-djamhoer sa Soerabaja pada djimbit."

„Ora moeng sa Soerabaja, ambok sadonja pisan ora bakal bisa ngalahaké doekoen sing dakkarepaké maoe."

Iboenipoen njelani : „Ambok tjoba, akoe kandanana, sapa doekoené koewi?"

„Ora ana manèh kadjaba Ing Nio !"

„Ing Nio ? Apa kowé ndleming katoelaran King Hok, apa pijé ?"

„Ora ! Mangkéné terangé. Tresnakoe marang koh King Hok entèk-entékan, moelané akoe tansah sijaga ngoerbanaké baoesoekoe, malah nadyan djiwakoe pisan ora dadi apa. Djeboel koh King Hok sing ditresnani Ing Nio, doedoe akoe. Saking tresnané, dèwèké loewih seneng mati, tinimbang oerip ana ngalam-donja ora doewé bodjo Ing Nio. Getoenkoe ora kena diteboes donjabrana, pak. Getoen déné akoe wis tindak dora-tjara, noeroeti ati dakah-sarakah. Akoe ngreti jèn koh King Hok pantjèn kajoengjoen Ing Nio, katanda saploké Ing Nio ana kéné engkoh wis plek kaja wong ngengleng. Saben dina lengang-lengong ora mobah ora mosik, pirang-pirang djam ndjegreg ija betah baé. Dakah-sarakahkoe toekoel, atikoe panas marang Ing Nio. Akoe tansah koemléwa lan sereng, nganti kaleksanan Ing Nio ngloemoehi, loenga saka kéné. Marga saka Ing Nio loenga, King Hok dadi lara, kang woesanané saiki mèh dadi lajon. Ngélingi gedéning dosakoe, dosa marakaké ana wong loenga, dosa marakaké ana wong arep mati, apa ora samestiné akoe noeli neboes dosakoe maoe ? Akoe roemangsa wadjib neboes, koedoe neboes saiki oega, lan ja saiki oega akoe njoewoen pamit nggolèki Ing Nio nganti ketemoe, arep dakpasrahaké koh King Hok karebèn dadi tamba. Ija moeng koewi tambané, katemoené koh lan Nio, kang sabandjoeré wadjib teroes dadi bodjo."

Bapakipoen gedeg-gedeg. Badé mastani éwah, temboengipoen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

maton lan rèntès. Badé ladjeng anggega, pangraosipoen teka anèh, kados dongèng.

„Apa kowé weroeh ana ngendi saiki Ing Nio ? Teka bali menjang Djombang miloe iboe koewalon, ikoe mesti ora. Sanak-sadoeloer wis moeng kari kéné, gèk arep kogolèki menjang ngendi ?"

„Emboeh ora predoeli. Akoe koedoe anggolèki sakatemoené."

„Ora patoet prawan teka loenga idjèn. Kongkonan oewong baé, lah sapira waragadé akoe sing njangga."

„Ora bakal ana wong bisa nemokaké Ing Nio, lijané akoe. Karo ora dadi apa, mapan lakoekoe iki dadi paneboesing dosakoe. Tjekak-tjoekoepé, pak, akoe adja koalang-alangi, wong tékadkoe ikoe wis goemeleng, ora ana wong bisa malangi tékadkoe maoe. King Hok arep mati saka panggawékoe, moelané ija koedoe bisa oerip saka panggawékoe déwé."

Babah Liong Tjwan djaler-èstri sampoen soemerep tekonipoen embok rara. Kadadoenga medot, kapalangana mloempat, mila inggih ladjeng nglilani. Sasampoenipoen dipoen sangoni, embok parawan mangkat pijambak.

***

Wiwitan dateng Djombang, dateng panggènaning iboe-koewalonipoen sang ajoe, nanging tanpa damel, awit sakésahipoen saking ngrikoe malah pijambakipoen boten naté mireng kabaripoen sang retna. Wonten ing Djombang ngrikoe sipeng kalih daloe, nloesoer-nloesoer kéngkénan tijang katah pados katrangan panggénanipoen sang dyah. Katrangan-katrangan ingkang saged dados titikan kawoedjoedanipoen sang djoewita sampoen kagenahaken, éwadéné boten wonten ingkang sami saged manggihaken.

Saking ngrikoe embok rara ladjeng madosi dateng Kediri, Kertasana, Madijoen, meksa dèrèng pikantoek latjak.

Naté tampi tilgram saking kéngkénanipoen, nerangaken bilih ing Paré wonten laré ingkang badanipoen notjogi kalijan tenger-tengeripoen sang ajoe. Embok rara gita njatakaken, djeboel sanès, namoeng saklébatan mèmper.

Embok rara ladjeng madosi dateng Malang, Djember lan sanès panggénan malih, nanging meksa dèrèng pikantoek titik.

Tijang-tijang ingkang sami dipoen kèngkèn madosi, ratjakipoen sami édan-édanan, boten wirang ngotak-atik pawartos géroh kanggé

ngapoesi embok rara, soepad
rembag anggepipoen sami man

Dasar embok rara pijambal
kémawon jatranipoen, anggep
Nio. Wongsal-wangsoel kepl
panggénan ingkang kininten
mesti dipoen datengi. Saman
pinten dinten, pinten-pinten
boten saged pinanggih. Mèh
ingkang njepit-njepit dipoen
brol ngedalaken jatra kanggé

Oepaminipoen embok rara
ebang-ebang badé tampi gan
sampoen moepoes, trimah ma
parawan boten makaten; késal
lan preloe neboes dosa, mila
sanadjan sampoen katah wed
gènipoen madosi lan pidjer
panggah, taksih pitados bilih
Djalaran saking makaten po
kemba, anggènipoen madosi

Samanten dajaning trisna.
waos boten saged ngerèh tija

XIII. KAWONTENAN
KAPANGGIH

Kotjapa Ing Nio. Késahip
Tjwan nijat badé soemingkir s
inggih poenika babah King H
kasoepèn dateng samoekawis
manah nalika toemoet oomipo

Samangké ingkang dipoen p
kempal kalijan tijang pradja i
gebjaring alam, ngantos boten
Alam ingkang makaten, kaan
dipoen singkiri déning sang
Soerabaja, panggénanipoen b

REPUBLIK INDONESIA

ngapoesi embok rara, soepados pikantoek épah kaṭah, gampiling rembag anggepipoen sami manggih boeta-mati, lah ngadji poepoeng.

Ḍasar embok rara pijambak inggih boten mawi pétang, moprol kémawon jatranipoen, anggepipoen saoegi saged manggihaken Ing Nio. Wongsal-wangsoel keplénjok, ketjélik, boten kapok. Poendi panggénan ingkang kininten dados panggénanipoen sang retna, mesṭi dipoen ḍatengi. Samanten kentjenging tékadipoen. Pinten-pinten dinten, pinten-pinten minggoe, anggènipoen madosi meksa boten saged pinanggih. Mèh angger kiṭa, ḍoesoen lan panggénan ingkang njepit-njepit dipoen ḍatengi ; toewin boten kasoepèn bral-brol ngedalaken jatra kanggé njepaki ingkang sami dipoen kèngkèn.

Oepaminipoen embok rara madosi waoe namoeng saking pang-ebang-ebang baḍé tampi gandjaran sadasa èwoe roepijah, genah sampoen moepoes, trimah mantoek nglenṭoeng. Késahipoen embok parawan boten makaten; késah saking trisnanipoen ḍateng ki djaka lan preloe neboes dosa, mila boten gampil moepoesipoen. Malah sanadjan sampoen kaṭah wedaling jatra, sampoen minggon anggènipoen madosi lan pidjer ketjélik-tjélik, nggregoetipoen taksih panggah, taksih pitados bilih tembé wingking saged manggihaken. Djalaran saking makaten poenika embok parawan boten saged kemba, anggènipoen madosi dipoen ladjengaken.

Samanten dajaning trisna. Wonten kalanipoen jatra lan pangoe-waos boten saged ngerèh tijang, nanging katrisnan saged.

XIII. KAWONTENANIPOEN ING NIO NGANTOS KAPANGGIH KALIJAN KIM LIAN.

Kotjapa Ing Nio. Késahipoen saking grijanipoen babah Liong Tjwan nijat baḍé soemingkir ṣaking ramé. Baḍé nebihi kekasihipoen, inggih poenika babah King Hok, sarta inggih nijat ngoedi sageda kasoepèn ḍateng samoekawis ingkang damel boten sakétjaning manah nalika toemoet oomipoen babah Liong Tjwan.

Samangké ingkang dipoen padosi namoeng katentreman, loemoeh kempal kalijan tijang pradja ingkang radin-radin kapiloejoe ḍateng gebjaring alam, ngantos boten iḍep ing tindak niṣta madya oetama. Alam ingkang makaten, kaanggep kebak reribed, samangké sanget dipoen singkiri déning sang dyah. Mila saontjadipoen saking Soerabaja, panggénanipoen babaḥ Liong Tjwan, sang retna milih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ḍateng paḍoesoenan ingkang priboeminipoen saged gesang goejoeb roekoen, boten tjengil-tjengilan, boten djail-djinailan.

Sang djoewita dados tijang Grati, gesang manoet ombaking paḍoesoenan. Jatra anggènipoen keklempak kala wonten Soerabaja samangké kaboebak, kanggé njéwa grija alit, mbikak bango. Sesadéjanipoen rokok krètèg, rèk, saboen, genḍis, kopi, tèh, djampi lan sanèsipoen ingkang kininten saged padjeng wonten ing ngrikoe, lowoeng kanggé tjagak gesang.

Késahipoen sang ajoe saking Soerabaja namoeng mbekta santoen bektanipoen pijambak kala saking Djombang. Déné panganggé anggènipoen noembasaken babah Liong Tjwan, ingkang roepi kimono djempol, kebajak-kebajak toewin sandé-sandé ingkang sarwa pangadji, sami dipoen tilar sadaja, moerih sampoen kaṭah-kaṭah ingkang dados reraosan oetawi pangoenḍat-oenḍat.

Nadjan weḍak, poepoer toewin lisah-lisah wangi ingkang pangraos éman tinilar, inggih boten dipoen bekta. Namoeng wonten satoenggal ingkang dipoen enṭil-enṭil, inggih poenika potrètipoen ki djaka, toer poenika pikantoekipoen anggènipoen njalimpet. Potrèt poenika sareng sampoen wonten ing Grati ladjeng dipoen goenting, dipoen penḍet sirahipoen ṭok, kapasang ing salebeting kaloeng pérak.

Batosipoen : ,,Ora bisa olèh wongé, angger olèh gambaré, lowoeng kanggo tamba kangen."

Wiwit sang retna bikak wandé wonten ing Grati, sadinten-dintenipoen saged pikantoek bebaṭèn alitipoen saroepijah, agengipoen kalih-tengah roepijah. Saèstoe, Goesti Allah tansah njekapi betahing kawoelanipoen.

Sarana kaoentoengan samanten waoe, sang ajoe saged kesait gesangipoen, sabab samangké narimah gesang satitah, boten gaḍah pepénginan poenapa-poenapa, kadjawi namoeng kepéngin njanḍang kalijan neḍa sawontenipoen.

Grati poenika wonten tlaganipoen kasoewoer éndah, mila saben dinten Minggoe tamtoe kaṭah bangsa Tionghwa toewin Éropah ingkang sami ḍateng ngrikoe, preloe lelangen. Manawi pinoedjoe makaten sang ajoe asring soemerep nénéman sarimbit, katingal resep anggènipoen rerembagan, roentoeng-roentoeng, manahipoen ladjeng soemeḍot, loehipoen dléwéran, déning roemaos apes.

,,Angger oewong bisa ngrasa
akoe ḍéwé sing tinitah papa s
Teka dadi mangkono lakoe
diseseneng, kosok-baliné sing s
woewoeh baé kasoesahané. K
tjilik tansah nanḍang rekasa, o
isih ana baé oekoemaning Go
saiki iki akoe nglakoni ḍenḍan
trisnakoe marang si anoe kaé
koh King Hok ! Lamoen akoe
kang tanpa ngroesoehi lakoe
ooo wis soewé akoe djèngkèn
moe; sarta kanḍa jèn moengg
wong lanang sidji, kowé ḍéwé
Akoe wedi nindakaké mengk
Kang katemoe loewih ḍisik ka
ḍisik marang kowé, oega tatjik
koewi, ija tatjik ; tegesé akoe
Manawi pamanahipoen doem
sesek, saged-sagedipoen lega s
brol.
,,Ora dadi apa akoe nanḍang
répotkoe ! Tatjik pantjèn loew
sing banget tinimbang akoe, o
King Hok dadi wong hartawan
Kanggé nglipoer sawatawis
sang ajoe tansah nandoer pa
tetijang sakiteripoen, soemanak
makaten waoe sang djoewita
adjrih-asih, lan boten sepen an
Boten sakeḍik laré-laré ḍoesc
pantjèn remen lan gaḍah pav
pinoedjoe nggénḍong baji oeta
ḍateng wandénipoen, asring kén
ranta. Malah trekaḍang saweg
sampoen katja-katja ; déning
boten gaḍah toewoeh.
Naté sang ajoe witjanten

REPUBLIK INDONESIA

„Angger oewong bisa ngrasakaké énak kapénaking oerip, moeng akoe ḍéwé sing tinitah papa sangsara kaja mangkéné. Hmmm!

Teka dadi mangkono lakoe djantraning oerip, sing seneng saja diseseneng, kosok-baliné sing soesah kijamat saben dina, woewoeh-woewoeh baé kasoesahané. Kaja déné akoe kang tinitah wiwit tjilik tansah nanḍang rekasa, oerip mlarat, ora noeli olèh pepoelih, isih ana baé oekoemaning Goesti kang koedoe daksangga; kaja saiki iki akoe nglakoni ḍenḍaning Widi déning prakara katrisnan, trisnakoe marang si anoe kaé ..... O, Allah, koh King Hok, koh King Hok! Lamoen akoe kena ngakoe tresna marang kowé kang tanpa ngroesoehi lakoening katresnané tatjik Kim Lian, ooo wis soewé akoe djèngkèng ing ngarepmoe, ngekep ḍengkoel-moe; sarta kanḍa jèn moenggoehing akoe donja iki moeng ana wong lanang sidji, kowé ḍéwé.

Akoe wedi nindakaké mengkono, ngélingi kaprijé mengko tatjik. Kang katemoe loewih ḍisik karo kowé, tatjik; kang tresna loewih ḍisik marang kowé, oega tatjik, dadi kang nikah ḍisik karo kowé koewi, ija tatjik; tegesé akoe ora kedoeman doewé kowé!"

Manawi pamanahipoen doemoegi ngrikoe sang ajoe adjeg ladjeng sesek, saged-sagedipoen lega sawatawis, manawi sampoen nangis brol.

„Ora dadi apa akoe nanḍang sangsara, daksanggané ḍéwé bot-répotkoe! Tatjik pantjèn loewih kadjèn, apa déné loewih soegih sing banget tinimbang akoe, dadi ngrabi tatjik, ikoe ateges koh King Hok dadi wong hartawan, dadi wong bagja basoeki."

Kanggé nglipoer sawatawis anggènipoen sok karoengroengan, sang ajoe tansah nandoer pari-djero, adamel kasaénan ḍateng tetijang sakiteripoen, soemanak ḍateng priboemi. Déning tindak makaten waoe sang djoewita ladjeng kawong, tijang-tijang sami adjrih-asih, lan boten sepen angalembana.

Boten sakeḍik laré-laré ḍoesoen ingkang loeloet, djer sang retna pantjèn remen lan gaḍah pawakan emban. Manawi sang ajoe pinoedjoe nggénḍong baji oetawi laré, ingkang dipoen djak dolan ḍateng wandénipoen, asring kémawon ladjeng mbrebesmili, karanta-ranta. Malah trekaḍang saweg njanḍak, saweg mangkoe kémawon sampoen katja-katja; déning ngroemaosi saged oegi kaladjeng boten gaḍah toewoeh.

Naté sang ajoe witjanten ḍateng tijang ingkang momong

anakipoen makaten : „Wis ndjlanṭir toer sadjak loetjoe, sapa wongé ora seneng. Begdja kowé bibi, doewé anak lanang kaja ngéné. Bésoek jèn wis geḍé bisa males wong toewa, mikoel ḍoewoer menḍem djero. Kowé bisa moekti, among raga, marga bakal kopèn saka piwalesé anak-anakmoe, bibi. Sadjaké bésoek sabar lan weroeh wong toewa, botjah iki."

Bibi ingkang boten soemerep koṭa-kaṭoenipoen sang ajoe, tjoemlemong mangsoeli : „Empoen ngreti nèk anak nikoe ngoten, sampéjan teka boten pòeroen laki ?"

Wangsoelanipoen sadjak pakèwed : „Nah, wong ora ana sing soedi kok."

„Napa enggih. Koela teka mireng grenengé sing sami montoran teng tlaga mrikoe, sami pating ketjoemik ngraosi sampéjan."

Sang ajoe mèsem tjemplang, ladjeng mangsoeli : „Apa wong ikoe laki montor, mas-pitjis oetawa radjabrana ?"

Doemoegi samanten kasaroe laré waoe nangis, ladjeng dipoen tjanḍak sang ajoe malih, dipoen géndong, dipoen eneng-enengi kalijan wira-wiri.

Makaten gesangipoen wonten ing bebrajan, boten kèndel-kèndel anggènipoen njebar pasaḍérékan ḍateng priboemi ing sakoebeng-ipoen, aroem-manis ing pamitjara, trapsila ing tandang-tandoek, ngantos kaṭah ingkang sami mastani : njonjaha kaé wis Djawa.

Minḍak dinten sang ajoe minḍak kraos wonten ing Grati, anggènipoen mandé kasambi dados gredji, nampi padamelan saking tijang sakiwa-tengenipoen ngrikoe. Anggènipoen nindakaken da-mel kanṭi toememen, mila karsaning Allah inggih saged pikantoek wewah pangasilan ingkang mèmper, kénging kanggé ngagengaken paséwan grija.

Gesangipoen sang retna sampoen saja kraos. Badanipoen saja lema, goewajanipoen sampoen boten poetjet, nanging djené semoe abrit, rainipoen kepoe. Pawakanipoen ingkang lentjir, sapoenika katingal kijeng trintjing, mewahi saja éndah ing warni.

Pipinipoen semoe soemamboerat abrit enèm, makaten oegi lam-bénipoen ingkang tanpa bèngès tansah katingal mèngèr-mèngèr resik. Kekoelitanipoen aloes aloemer ginrajang. Sadaja waoe andjalari manisipoen toempoek pitoelikoer, sanadjan tanpa rinengga boesana.

Saja malih manawi pinoedjoe wantji éndjing, sang retna mesin

ing ngadjeng kori, ngoré ran
wonten ing poenḍak. Tetijang i
ingkang boten tjingak, ngalem

Wonten ing ngrikoe sang d
kasenengan, sarta anggènipoen
kasoegihan, narimah lowoeng
saged marem lan tentrem.

Alam kasenengan ragi kapér
mrikoe, sang retna nglipoer
teḍanipoen pijambak, njampeti
déné tjetjèkèr pijambak kan
ingkang prasadja sanget waoe

Toemrap sang retna ingkan
gèk poenapa ingkang dipoen k
dados panoedjoening manah s
ingkang makaten andjalari ro
manganggé sarwa saé, toewin
preloe. Rinaos boten preloe,
kakoeng sanès, sarta inggih bot
kakoeng. Toemrap sang ajo
delantjang ingkang sampoen ke
opèni malih.

Toedjoening gesangipoen s
tata-tentrem, saged goejoeb-ro
kalihipoen sageda damel kasa
mirahaken pitoetoer sagadoeg
mawan ḍateng sinten kémawo
Sanèsipoen poenika sanès toe
retna wonten ing madyaning k

Noedjoe satoenggaling dint
djeng kori lam-lamen njawan
kebes déning boen, wonten
grijanipoen. Ingkang noempak
tingal nolèh, tempoek paning
kèndel, kaoendoeraken.

Kagèting sang ajoe boten ké
moendoer waoe djègregipoen

ing ngadjeng kori, ngoré ramboet, rompjoh-rompjoh ngrempjoh wonten ing poendak. Tetijang ingkang sami soemerep boten wonten ingkang boten tjingak, ngalembana sarwéndahipoen.

Wonten ing ngrikoe sang djoewita saged gesang boten noeroeti kasenengan, sarta anggènipoen mardamel boten kanggé mboedjeng kasoegihan, narimah lowoeng kénging kanggé gesang, mila inggih saged marem lan tentrem.

Alam kasenengan ragi kapéring. Moerih sampoen moenteg ènget mrikoe, sang retna nglipoer diri, sarana ngratengi lan ngolahi tedanipoen pijambak, njampeti balé-grijanipoen pijambak, poenapa déné tjetjèkèr pijambak kanggé njekapi betahing gesangipoen ingkang prasadja sanget waoe.

Toemrap sang retna ingkang sampoen ngloentoeng manahipoen, gèk poenapa ingkang dipoen kepéngini ? Prija satoenggal ingkang dados panoedjoening manah sampoen gagal. Nglokroning manah ingkang makaten andjalari roemaos tanpa pédah, oepami sageda manganggé sarwa saé, toewin matjak gadjah inggih rinaos boten preloe. Rinaos boten preloe, djalaran sampoen boten kepéngin kakoeng sanès, sarta inggih boten mélik dipoen kepéngini sanèsipoen kakoeng. Toemrap sang ajoe gesangipoen sampoen kaanggep delantjang ingkang sampoen kebak orék-orékan, boten preloe dipoen opèni malih.

Toedjoening gesangipoen sapoenika namoeng sageda tansah tata-tentrem, saged goejoeb-roekoen kalijan tangga-tepalih. Kaping kalihipoen sageda damel kasaénan, sarana èntènging baoe-soekoe, mirahaken pitoetoer sagadoegipoen, poenapa déné atindak dermawan dateng sinten kémawon ingkang preloe dipoen dremani. Sanèsipoen poenika sanès toedjoeanipoen. Dados adegipoen sang retna wonten ing madyaning bebrajan poenika mèh tanpa pamrih.

* * *

Noedjoe satoenggaling dinten, njarengi sang ajoe wonten ngadjeng kori lam-lamen njawang rijoe-rijoening roempoet ingkang kebes déning boen, wonten montor langkoeng ing ngadjenging grijanipoen. Ingkang noempaki namoeng satoenggal til, èstri, katingal nolèh, tempoek paningal kalijan ingkang tinolèh. Montor kèndel, kaoendoeraken.

Kagèting sang ajoe boten kénging winiraos, déné montor ingkang moendoer waoe djègregipoen wonten ing ngadjenganipoen leres,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

gèk Kim Lian ingkang noempaki. Sang ajoe kepregok, baḍé ngésahi sampoen kesompok, dados kapeksa tanggap satengah rikoeh.

Djègreging montor mèh sareng kalijan mandapipoen embok rara, mloempat sarwi alok sora : „Ing Nio ! Kowé teka dadi ana kéné ?"

Sang ajoe tingarahipoen soepena, boten njana dipoen loeroe embok rara, boten ndoengkap wigatosipoen linoeroe. Poenapa namoeng samampir, gèk poenapa damelipoen, tijang sampoen ka-anggep satroe ati teka dipoen ampiri ? Poenapa mampiripoen waoe nama noetoeti, taksih baḍé ngladjengaken anggènipoen manasi ? Èstoe koḍeng ingkang rinaos.

Pitakèn poenika tansah ṭoekoel ing salebeting manahipoen, toewin koḍengipoen boten mantoen-mantoen, sadèrèngipoen njoemerepi lairing sedyanipoen embok rara. Ngantos sawatawis dangoe sang retna boten saged njegah rembag poenapa-poenapa, sanadjan sampoen soemerep ḍatengipoen embok rara kanṭi gambira, ingkang sepen ing oebaling angkara. Sang ajoe dipoen poendak dipoen adjak gineman: „Nio, olèhkoe nggolèki kowé tak-réwangi ndjadjah désa milang kori, ṭroeṭoekan, troetoesan ing saben enggon, djeboel ndjeplèk ana kéné. Ora njana akoe, Nio, jèn kowé bisa mepes kasenengan nḍelik ing désa sepi ngéné."

Sang ajoe mangsoeli aris : „Bener, tjik, kéné pantjèn sepi, sepining panggonan lan sepining kamoerkan. Ora kaja ing koeṭa-koeṭa geḍé, kebak djail-menṭakil lan kang sarwa palsoe. Marga saka ikoe, tjik, akoe pilih soemingkir menjang désa, kang oewongé isih paḍa ḍemen oerip goejoeb-roekoen, seneng gotong-rojong, kang dadi toeking tata-tentrem, sepi saka kang sarwa doer."

Embok rara roemaos kasikoet mireng wangsoelanipoen sang ajoe, nanging boten dipoen raosaken. Ladjeng witjanten : „Anggepmoe ikoe kaṭik kaja wong tapa, golèk panggonan sing sepi ta, Ing ?"

Sang ajoe roemaos satengah dipoen djlomprongaken, mèsem kalijan mangsoeli : „Soemingkirkoe mréné pantjèn ngedohi koeṭa kang kebak roebéda. Kang sadina-dina moeng kebak piala, gege-ṭingan, sarakah lan mentalan. Akoe bosen oerip ana ing madyaning bebrajan kang kaja mengkono. Akoe pilih oerip bebrajan karo wong sing ora kakéhan tjingtjong, ora ḍemen ngawoela hawa.

Kadjaba saka ikoe oeripkoe saiki trima golèk sedjatining seneng, ja ikoe oerip bebrajan karo wong-wong kang paḍa resik atiné. Bosen akoe bebrajan karo wong-wong kang paḍa tjandala.

Siksaning ngaoerip dak-rasak
soeda-soedané malah saja woe
laka bareng iboe adjal. Pangira
isih woewoeh manèh tininggal
njana jèn oerip ikoe tegesé siks
preloe nampani bebendoening Pa
nalika akoe dipala, ditjoeṭik-tjo
kang kaja kirik goeḍigen, lan
koewalon. Ora dosa, ora praka
kaja mangkono. Sapa djadjalé
djoer pepes atiné? Éwasamono
lara manèh ; ora ana oedan or
wisoena, kèli katoet panoendo
tekan ing kéné iki.

Ing pangrasa kaja-kaja lali-
bebrajan karo wong-wong sing
Narima tekan ing pati, akoe
bijantoe kaja kang wiwit dak-a

Manahipoen embok rara kad
langsanipoen sang ajoe. Roe
gènipoen kemèrèn ngantos sa
alam karaméan. Boten ngint
dyah ladjeng moengkoer kado

„Ing Nio, goenemmoe gaw
trenjoeh banget. Akoe ngroe
marang kowé, moelané akoe
bisaa asok kaloepoetan, ndjal
tanḍaning pangapoeramoe, kow
Soerabaja, koempoel karo ako

„Ngatoeraké genging pano
tjoekoep paḍa-paḍa, wis loemr
né bakal pambojongé tatjik m
loehoering boedi, akoe doeroe
ṭik-oeṭik anakoe kéné, djer ak
ing kéné."

„Ing Nio, kowé maoe kan
mitoeloengi pepaḍaning toemit
mingkoeh mitoeloengi wong

kepregok, badé ngésahi
p satengah rikoeh.
andapipoen embok rara,
é teka dadi ana kéné ?"
n njana dipoen loeroe
oen linoeroe. Poenapa
en, tijang sampoen ka-
apa mampiripoen waoe
anggènipoen manasi ?

ing manahipoen, toewin
èrèngipoen njoemerepi
awatawis dangoe sang
oenapa, sanadjan sam-
anti gambira, ingkang
ipoen poendak dipoen
tak-réwangi ndjadjah
saben enggon, djeboel
jèn kowé bisa mepes

, kéné pantjèn sepi,
. Ora kaja ing koeta-
sarwa palsoe. Marga
g désa, kang oewongé
g gotong-rojong, kang
arwa doer."
soelanipoen sang ajoe,
djanten : „Anggepmoe
n sing sepi ta, Ing ?"
omprongaken, mèsem
antjèn ngedohi koeta
g kebak piala, gege-
p ana ing madyaning
oerip bebrajan karo
n ngawoela hawa.
k sedjatining seneng,
ng pada resik atiné.
pada tjandala.

Siksaning ngaoerip dak-rasakaké wiwit akoe lair tjengèr, ora ana soeda-soedané malah saja woewoeh, woewoeh abot, woewoeh tjilaka bareng iboe adjal. Pangirakoe tjilakakoe wis moepoet, djeboel isih woewoeh manèh tininggal ing bapa. Akoe nganti doewé panjana jèn oerip ikoe tegesé siksa; oewong pinaringan oerip moeng preloe nampani bebendoening Pangéran. Ora kajaa rasaning atikoe nalika akoe dipala, ditjoetik-tjoetik kaja tjatjing, disingkang-singkang kaja kirik goedigen, lan wasanané akoe ditoendoeng bijoeng koewalon. Ora dosa, ora prakara, lah kok nampani bebendoe sing kaja mangkono. Sapa djadjalé sing ora nggrantes, sing ora bandjoer pepes atiné? Éwasamono akoe isih koedoe nglakoni kelara-lara manèh ; ora ana oedan ora ana angin akoe keblebeg bandjir wisoena, kèli katoet panoendoenging wisoena, saka ngomahmoe tekan ing kéné iki.

Ing pangrasa kaja-kaja lali-lali dèn élingna, adja nganti akoe bebrajan karo wong-wong sing gandroeng kasenengan ing donja. Narima tekan ing pati, akoe oerip tentrem lan saijeg sajoek sabijantoe kaja kang wiwit dak-alami iki."

Manahipoen embok rara kados ingiris-iris, ngeres mireng panalangsanipoen sang ajoe. Roemaos ageng dosanipoen déné anggènipoen kemèrèn ngantos saged mboentjang sang retna saking alam karaméan. Boten nginten jèn kemèrènipoen adamel sang dyah ladjeng moengkoer kadonjan.

„Ing Nio, goenemmoe gawé koemesiring atikoe, ngeres lan trenjoeh banget. Akoe ngroemangsani gedéning kaloepoetankoe marang kowé, moelané akoe koesoeng-koesoeng nggolèki iki ija bisaa asok kaloepoetan, ndjaloek pangapoeramoe ..... Déné tandaning pangapoeramoe, kowé koedoe gelem dakbojongi menjang Soerabaja, koempoel karo akoe manèh."

„Ngatoeraké genging panoewoen, tjik. Bab pangapoera ikoe tjoekoep pada-pada, wis loemrahé ngaoerip apoera-ingapoera. Déné bakal pambojongé tatjik marang akoe kang njata metoe saka loehoering boedi, akoe doeroeng bisa nglakoni. Tatjik adja ngoetik-oetik anakoe kéné, djer akoe wis marem lan seneng oerip ana ing kéné."

„Ing Nio, kowé maoe kanda demen oerip toeloeng-tinoeloeng, mitoeloengi pepadaning toemitah, dadi mestiné kowé ija ora kena mingkoeh mitoeloengi wong kang méh toemeka ing djandji.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Satemené tekakoe mréné iki kadjaba ḍapoer asok kaloepoetan, ija preloe ngoendang kowé takkon nambani sanakkoe kang saiki ginandjar lara banget, nganti mèh arep mati. Nio, lelarané moeng bisa waras déning kowé !"

Sang ajoe sadjak maiben. Mbok rara ngladjengaken ginemipoen kalijan mbrebes-meles: „Tenan, Ing Nio, goenemkoe doedoe goejon. Nalika akoe kepati ndjaga sanakkoe sing lara maoe, akoe olèh tajoeh, jèn ora ana wong sing bisa marasaké, kadjaba kowé ḍéwé."

Semoe pamaibenipoen sang retna itjal. Malih dados goemoen.

„Wis ta, Ing, énggal, adja koewatir oetawa éwoeh-pakéwoeh. Ajo miloea akoe, selak kesoewèn olèhé ngentèni, kesoewèn olèhé ngrasakaké larané. Ing ngatasé kowé wong kang soetji, mesṭi ora téga njawang lajon, jèn ta soemoeroep satemené larané bisa waras déning kowé."

„Kaprijé ta, tjik, bisakoe nglakoni, wong akoe ora ngreti bab tamba babarpisan. Weroehkoe moeng tjabé lempoejang tambané wong ngeres-linoe, beras-kentjoer tambané wong lara adem. Hara, keprijé bisakoe nambani wong arep mati?"

„Jén weroehmoe tamba moeng loro koewi, ja tambanana nganggo salah sidjiné wis tjoekoep. Goesti Allah paring wangsit, jèn kang bisa marasaké sanakkoe moeng kowé, apa ija Goesti Allah tjidra?"

„Satemené sapa ta sing lara koewi ?"

„O, kowé doeroeng weroeh? Peneré kaponakané bapak, marga sing nganakaké oom aḍiné bapak ..... Wis ta ajo, adja kakéhan oeni, saiki wektoe ikoe loewih déning larang. Gelis salina, nganggoa mantel, gèk ajo paḍa mangkat saiki."

Sang ajoe sanget kapeksa anggènipoen mitoeroeti, mlebet sakeḍap santoen kalijan nganggé mantel wol kasar, noenten sami noempak montor, mamproeng ḍateng Soerabaja.

Wonten ing nglebet montor wongsal-wangsoel sang ajoe pitakèn, sinten namanipoen ingkang sakit waoe, nanging tetep boten dipoen pasadjani.

„Takkanḍanana wong kowé doeroeng weroeh gèk apa goenané?" Makaten adjeg wangsoelanipoen embok rara manawi dipoen ḍeḍes-ḍeḍes sinten tijangipoen ingkang sakit poenika.

Manahipoen sang ajoe boten kénging katjolong, raosipoen boten sakétja, kedah mamang, kedah mongga-manggoe, boten sreg ing késahipoen. Kedah ndjampèni tijang ingkang sampoen mèh pedjah,

mangka boten soemerep koṭa-kaṭ
kados ing nginggil, ingkang p
Bingoeng, poenapa ingkang b
toewin kadospoendi panindakip
Saja ribeng manawi mikir,
mangké gèk boten tinampi oe
Sadaja waoe andjalari membat
karaos sakétja kados salimrahip
ṭoekoel ing salebeting manah, na
Èwed sakaṭahing èwed waoe
koeli èwedipoen jèn pinanggih
Poenapa mangké taksih sage
prija, ingkang dados winihing m
Jèn taksih tahan, poenapa ing
wonaken panggoḍa ?
Auto ingkang mamproeng ka
loemebet kiṭa Soerabaja, manah
koemesar sar-saran sareng sa
tjepoerinipoen babah LiongTjw
semoe poetjet, anggènipoen
nglentrih tanpa greget.

XIV. ING NI

Sang ajoe soemerep embok r
nggonḍèli kalijan witjanten nḍ
King Hok. Emoh, akoe emoh
akoe !"
Embok rara ngèsemi, wan
King Hok wis ora ana kéné
sanakkoe sing lara maoe, ajo
sing betjik, mesṭi mengko bis
Sang ajoe manoet kémaw
bleng ḍateng papiljoen. Ṭoek
wan pitakèn : „Keprijé ?"
Babah Kwee Liong Tjwan
ora kena diarep- arep. Ja moe
Goesti Allah maringi panggo

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

apoer asok kaloepoetan.
ani sanakkoe kang saiki
ati. Nio, lelarané moeng

gladjengaken ginemipoen
oenemkoe doedoe goejon.
g lara maoe, akoe olèh
ké, kadjaba kowé ḍéwé."
Malih dados goemoen.
etawa éwoeh-pakéwoeh.
gentèni, kesoewèn olèhé
g kang soetji, mesṭi ora
emené larané bisa waras

ng akoe ora ngreti bab
bé lempoejang tambané
é wong lara adem. Ha-
ti?"
, ja tambanana nganggo
aring wangsit, jèn kang
ja Goesti Allah tjidra?"

onakané bapak, marga
is ta ajo, adja kakéhan
g. Gelis salina, ngang-

oeroeti, mlebet sakeḍap
noenten sami noempak

gsoel sang ajoe pitakèn,
ing tetep boten dipoen

oeh gèk apa goenané?"
manawi dipoen ḍeḍes-
ka.
olong, raosipoen boten
nggoe, boten sreg ing
sampoen mèh pedjah,

mangka boten soemerep koṭa-kaṭinipoen djampi, kadjawi kalih warni kados ing nginggil, ingkang pantjèn asring kaanggé pitoeloeng. Bingoeng, poenapa ingkang baḍé dipoen djampèkaken mangké, toewin kadospoendi panindakipoen ?

Saja ribeng manawi mikir, mangké gèk pinanggih ki djaka, mangké gèk boten tinampi oelat manis kalijan daokèh sarimbit. Sadaja waoe andjalari membating pir montor, pir kasoeran boten karaos sakétja kados salimrahipoen. Warni-warni pitakèn ingkang ṭoekoel ing salebeting manah, nanging sadaja boten saged kadjawab. Èwed sakaṭahing èwed waoe klempakipoen boten saged ngoengkoeli èwedipoen jèn pinanggih ki djaka.

Poenapa mangké taksih saged tahan manawi saèstoe kapanggih prija, ingkang dados winihing manah nglokro, moengkoer kadonjan? Jèn taksih tahan, poenapa inggih saèstoe tahanipoen saged ngawonaken panggoḍa ?

Auto ingkang mamproeng kados lampahing djemparing sampoen loemebet kiṭa Soerabaja, manahipoen sang retna saja ḍog-ḍig, saja koemesar sar-saran sareng sampoen ménggok mak glijer ḍateng tjepoerinipoen babah LiongTjwan. Badanipoen goemeter, oelatipoen semoe poetjet, anggènipoen manḍap toet wingking embok rara nglentrih tanpa greget.

XIV. ING NIO DADOS DJAMPI.

Sang ajoe soemerep embok rara ngontjlog ḍateng papiljoen waoe, nggondèli kalijan witjanten nḍreḍeg : „Tjik, koewi rak kamaré koh King Hok. Emoh, akoe emoh mrono, akoe ora gelem ; emoh, emoh akoe !"

Embok rara ngèsemi, wangsoelanipoen taksih koembi : „Koh King Hok wis ora ana kéné, wis loenga. Saiki kéné dienggoni sanakkoe sing lara maoe, ajo ta mleboe. Tekamoe mbarengi wektoe sing betjik, mesṭi mengko bisa marasaké."

Sang ajoe manoet kémawon kalijan lingak-lingoek, loemebet bleng ḍateng papiljoen. Ṭoek pinanggih bapakipoen. Embok parawan pitakèn : „Kepriję ?"

Babah Kwee Liong Tjwan mangsoeli kanṭi seḍih sanget : „Wis ora kena diarep- arep. Ja moeng paḍa dipepoedji baé, moega-moega Goesti Allah maringi panggonan kang betjik, langgeng salawasé."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Tangisipoen embok rara boten kénging kaempet, medal brol kalijan nggèrèd tanganipoen sang ajoe, sadjakipoen kados noetoet-noetoetana jitma ingkang badé ontjat.

„O, Allah, koh King Hok, adja mati disik, koh, iki lo Ing Nio teka. Koh, adja mati, koh, iki lo Ing Nio."

Sang ajoe monat-manoet tok, bingoeng kawewahan goemoen sareng mireng pasambatipoen embok rara. Doemoegi nglebet kamar sang ajoe dipoen tjoelaken, embok rara pijambak ambroek ngroeng-kebi tanganipoen ingkang saweg lelampah.

Sang ajoe kados tijang soepena, ngadeg tanpa mobah, plonga-plongo ngantos radi dangoe. Oepami sang ajoe boten tansah ngangen-angen sijang-daloe, ngèpi-èpi sijang-ratri, tamtoe sam-poen boten soemerep jèn ingkang sakit poenika ki djaka, djer sampoen malih sipat, déning sangeting risakipoen. Praènipoen sampoen sasat kantoen tjoemploeng binlebed koelit, mripatipoen ngowok lebet, ramboetipoen temèl ngadjrih-adjrihi; sanget boten timbang kalijan kala pinanggih wonten ing dierentuin.

Sareng tangisipoen sampoen soeda, napas ragi aring, embok rara ngojog-ojog ingkang sakit kalijan witjanten : „Koh, koh, élinga, koh ! Iki lo Ing Nio wis teka, arep nambani kowé."

Ing dinten poenika ki djaka kekijatanipoen pantjèn sampoen telas, tansah merem kados ngadjeng-adjeng dateng wantji pinoedoet. Sampoena mireng pandjelihipoen embok rara, ki djaka dèrèng poeroen melèk. Rekaos anggènipoen ngengakaken tlapoekan, bliwoer paningalipoen, pitakèn mawi soewanten lebet sanget : „Ing ..... Nio ! Endi ..... saiki ..... Ing ..... Nio ?"

Embok rara toemolèh dateng sang ajoe ingkang taksih nganjoer kados toegoe, dipoen sasmitani kapoerih njelaki. Sang ajoe manoet kémawon, manoet tanpa gagasan kados tijang kénging gendam.

„Iki lo, koh, Ing Nio, lagi bisa ketemoe iki maoe, bandjoer takdjak mréné iki."

Ki djaka oenteg-oenteg badé nolèh sang ajoe kalijan witjanten : „O, ... Ing Nio, ... Ing ..... Nio." Saweg doemoegi samanten kekijatan sampoen boten njandak, les boten ènget.

Embok rara goegoep, mbengok sarosa: „Gelis, Ing, toeloengana, gelis, gelis! Koh King Hok toeloengana."

Sang ajoe nampèni lisah petak ingkang dipoen oeloengaken embok rara, kagosokaken dateng ki djaka kanti sabaring manah.

Watawis gangsal menit saweg
tijang tangi tilem, lingak-ling
boten kedèp anjawang sang ajo
ladjeng witjanten : „Ing .....
„Ija, koh, tekakoe preloe na
Embok rara soemela : „Lan
kowé wis waras. Jèn kowé wis
sedyamoe, rabi olèh Ing Nio."
Ki djaka katingal bingar,
tanganipoen sang ajoe ingkan
tjanten : „Akoe ora ngimpi ?"
Sang ajoe semoe bingoeng,
katingal lan kapireng. Lirak-liri
boten kedèp-kedèp semoe pi
poenika.
Embok rara mangretos pikad
gihipoen, ladjeng witjanten : „
koewi kowé mesti wis ngreti
akoe, sing dadi panoedjoening
marang awakmoe, ngoengkoeli
kowé loenga saka kéné, dèwè
lara banget kaja sing kowero
marasaké larané engkoh, sa
djamoené, kipa-kipa nggoegoe
deg, wasanané pada nglairaké
na diarep-arep oeripé.
Tresnakoe marang dèwèké
njata jèn ana wong ngarani,
moeng koh King Hok tok. Djal
iki kang preloe déwé dak-oed
ora nganggo mredoeli awakko
Engkoh taktakoni généa t
nglaloe, wangsoelané woeroen
sing ngroekoeni. Ikoe sabab
nggolèki kowé nganti ketemo
loerkoe. Kaja wis begdjaning
koh King Hok. Akoe lega li
akoe trima moepoes narima p

Prawan Toewa.

REPUBLIK INDONESIA

ng kaempet, medal brol
djakipoen kados noetoet-

isik, koh, iki lo Ing Nio
"

ıg kawewahan goemoen
Doemoegi nglebet kamar
ambak ambroek ngroeng-

g tanpa mobah, plonga-
ang ajoe boten tansah
jang-ratri, tamtoe sam-
poenika ki djaka, djer
risakipoen. Praènipoen
bed koelit, mripatipoen
ih-adjrihi; sanget boten
dierentuin.
s ragi aring, embok rara
en : ,,Koh, koh, élinga,
ni kowé."
n pantjèn sampoen telas,
teng wantji pinoeḍoet.
rara, ki djaka dèrèng
gengakaken tlapoekan,
ewanten lebet sanget :
... Ing ..... Nio ?"
ngkang taksih nganjoer
laki. Sang ajoe manoet
ng kénging gendam.
maoe, bandjoer takdjak

joe kalijan witjanten :
Nio." Saweg doemoegi
les boten ènget.
elis, Ing, toeloengana,

dipoen oeloengaken
anṭi sabaring manah.

Watawis gangsal menit saweg saged pitoeloeng, melèk ngıijip kados tijang tangi tilem, lingak-lingoek saèmper notjogaken soepenan, boten keḍèp anjawang sang ajoe ingkang pinoedjoe mblonjo goeloe, ladjeng witjanten : ,,Ing ..... Nio, ... Ing ..... Nio ?"

,,Ija, koh, tekakoe preloe nambani kowé."

Embok rara soemela : ,,Lan bakal teroes ngopèni kowé, nadyan kowé wis waras. Jèn kowé wis waras, koh, bakal kaboel kang dadi sedyamoe, rabi olèh Ing Nio."

Ki djaka katingal bingar, tanganipoen koemrembjah njepeng tanganipoen sang ajoe ingkang loemer aloes loeroes, ladjeng witjanten : ,,Akoe ora ngimpi ?"

Sang ajoe semoe bingoeng, boten patos pitados ḍateng ingkang katingal lan kapireng. Lirak-lirik nolèh ḍateng embok rara, mandeng boten keḍèp-keḍèp semoe pitakèn, poenapa tegesipoen sadaja poenika.

Embok rara mangretos pikadjengipoen sang ajoe, ngangseg linggihipoen, ladjeng witjanten : ,,Akoe tresna marang koh King Hok, koewi kowé mesṭi wis ngreti ; nanging engkoh ora ḍemen karo akoe, sing dadi panoedjoening atiné moeng kowé, Ing. O, tresnané marang awakmoe, ngoengkoeli marang awaké ḍéwé, nganti bareng kowé loenga saka kéné, ḍèwèké soesahé kepati, sabandjoeré dadi lara banget kaja sing koweroehi iki. Ora ana ḍokter kang bisa marasaké larané engkoh, sabab nijaté nglaloe, emoh ngombé djamoené, kipa-kipa nggoegoe pitoetoeré. Ḍokter-ḍokter paḍa djoeḍeg, wasanané paḍa nglairaké panemoené, jèn engkoh wis ora kena diarep-arep oeripé.

Tresnakoe marang ḍèwèké ora karoeh-karoehan, Ing, kapara njata jèn ana wong ngarani, ing donja iki kang kleboe atikoe moeng koh King Hok ṭok. Djalaran saka ikoe ing bab larané engkoh iki kang preloe ḍéwé dak-oedi bisané noeli waras. Pangoedikoe ora nganggo mredoeli awakkoe kang bakal dadi wadal.

Engkoh taktakoni généa teka tjeṭèk temen nalaré arep mati nglaloe, wangsoelané woeroeng panglaloené, waras larané jèn kowé sing ngroekoeni. Ikoe sababé, Ing, akoe nglalèkaké bot-répot, nggolèki kowé nganti ketemoe, sengadi jèn kang lara nak-ndoeloerkoe. Kaja wis begdjaning awakkoe, ora bisa omah-omah olèh koh King Hok. Akoe lega lila njawang engkoh rabi olèh kowé, akoe trima moepoes narima pepesṭèning Goesti ....."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Dléwéran wedaling eloehipoen embok rara, boten kèndel-kèndel tanganipoen ngoesapi, sadangoenipoen witjanten ingkang makaten waoe. Nglilakaken telenging manah ḍateng ing sanès pantjèn angèl, langka ingkang saged nglampahi kados embok rara. Tresna ingkang waoenipoen toemoedjoe ing pamrih garwa, sapoenika santoen ing pamrih saoedara, lan sagedipoen pikantoek saoedara waoe kedah ngoedi sakatogipoen sagedipoen ki djaka waloeja djati. Bot-répoting sarira, raos rekaosing batos boten dipoen predoeli.

Ngeres sroe trenjoeh sang ajoe mireng witjantenipoen embok rara, langkoeng malih mireng panalangsanipoen, ngantos toemoet nangis setengah boten kraos. Sang ajoe njepeng poenḍakipoen embok rara ladjeng witjanten : „Pangirakoe ing ḍaḍaning manoengsa ikoe moeng isi ḍakah-sarakah, tjanḍala lan wengis, ora ngira jèn ana slempitané bèr-boedi kang minoelja, kang para soetji ḍéwé arang kang ketjonggah nglakoni. Akoe ora ngreti kaprijé rékakoe males legawaning boedimoe, tjik ?"

„Tjoekoep opènana koh King Hok, marga warasé koh King Hok ateges ngaboelaké sedyakoe."

Babah Liong Tjwan ingkang wiwit kala waoe namoeng mengo-ngoh njoemerepi kadadosan poenika, ladjeng wiwit oeroen rembag : „Wong-wong paḍa ngrasani jèn atèn-atènmoe kakoe kaja aloe, bantermoe kaja baṭari Doerga, djeboel ndoewèni sabar kaja Poentadéwa, andoewèni kasoetjèn kaja para apsari."

Embok parawan boten ngraosaken rembagipoen bapakipoen. Ladjeng medal kalijan ngadjak ki daokèh : „Oewis, pak, koh King Hok mèn ditoenggoe Ing Nio ḍéwé."

Ladjeng ḍateng kamaripoen pijambak, déné babah Liong Tjwan kantoen wonten ing serambi ngadjeng mlampah wira-wiri kalijan tansah seḍakep.

Katjarijos ingkang wonten ing kamar papiljoen. Sang ajoe linggih koersi mèpèt randjang, ki djaka tansah mandeng tanpa keḍèp, sadjakipoen kangen sanget. Tanganipoen ingkang plek tangan majit pidjer njepang-njepeng lengenipoen sang retna ingkang singset lan poenel.

Kalih-kalihipoen sami kèndel, sami dèrèng pikantoek ḍaḍakaning ginem. Sang ajoe tansah kagawokan, manah lelampahan ing dinten poenika, teka kados soepena kémawon. Déné ki djaka kados dèrèng pitados saèstoe poenapa ingkang saweg dipoen alami, mila sang

ajoe tansah dipoen sawang,
panggendam. Djeboel dangoe
gambaripoen pinasang ing ka

Ki djaka ladjeng ngrangg
witjanten lirih : „Iki potrètkoe
akoe ?"

Sang ajoe seret anggènipoe
kebon kéwan, koh."

Ki djaka ladjeng njepeng p
moerih saja toemoengkoel. San
boten wonten tijang, ingkang
manoet kémawon.

Sakala poenika ki djaka ka
soema, badanipoen saja anget
ragi mbrengangang, mripatip
Witjantenipoen inggih samp
Nio, ... kang pinḍa ret
nggagas kowé, ... akoe n
kéné ..... Keprijé iba dad
kowé .....?"

„Mesṭi mati, koh ! Ana ing
soelkoe. Akoe mesṭi ija noeli nc
O, koh, ing djagat maoedjoed
sadjroning djagat pangangen-
pisah. Begdja déné kang Ma
dadi pepénginankoe wong lorc
sèwoe noewoen banget marang

Kininten ing kamar papilj
noewèni, djeboel soemerep ki
ipoen sang ajoe ingkang ram
tjemeng meles. Embok rara m
kori. Ing batos witjanten makat
majoengana botjah loro koewi.
wis katon mbrengangang lar
katresnan. Sèwoe soekoer dér
djiban kang loewih déning g
ḍéwé."

Makaten oegi njonjah Li

k rara, boten kèndel-kèndel
witjanten ingkang makaten
eng ing sanès pantjèn angèl,
embok rara. Tresna ingkang
rwa, sapoenika santoen ing
ntoek saoedara waoe kedah
a waloeja djati. Bot-répoting
oen predoeli.
reng witjantenipoen embok
gsanipoen, ngantos toemoet
ajoe njepeng poendakipoen
girakoe ing dadaning ma-
h, tjandala lan wengis, ora
g minoelja, kang para soetji
ni. Akoe ora ngreti kaprijé
tjik ?"
narga warasé koh King Hok

kala waoe namoeng mengo-
djeng wiwit oeroen rembag :
n-atènmoe kakoe kaja aloe,
ndoewèni sabar kaja Poen-
a apsari."
n rembagipoen bapakipoen.
kèh : „Oewis, pak, koh King

k, déné babah Liong Tjwan
g mlampah wira-wiri kalijan

papiljoen. Sang ajoe linggih
sah mandeng tanpa kedèp,
en ingkang plek tangan majit
sang retna ingkang singset

èrèng pikantoek dadakaning
nanah lelampahan ing dinten
Déné ki djaka kados dèrèng
eg dipoen alami, mila sang

ajoe tansah dipoen sawang, mindeng kados tijang ngetjakaken panggendam. Djeboel dangoe-dangoe ki djaka saged soemerep gambaripoen pinasang ing kaloengipoen sang ajoe.

Ki djaka ladjeng ngranggèh njepeng kaloeng waoe kalijan witjanten lirih : „Iki potrètkoe, Ing Nio, apa kowé tresna marang akoe ?"

Sang ajoe seret anggènipoen mangsoeli : „Wiwit katemoe ana kebon kéwan, koh."

Ki djaka ladjeng njepeng poendakipoen sang ajoe, ragi katarik moerih saja toemoengkoel. Sang ajoe mangretos, lirak-lirik sampoen boten wonten tijang, ingkang ndingkik inggih boten wonten, mila manoet kémawon.

Sakala poenika ki djaka kados koengkoelan sekar widjajakoe-soema, badanipoen saja anget, saja kraos sakétja, goewajanipoen ragi mbrengangang, mripatipoen sampoen boten patos mbleret. Witjantenipoen inggih sampoen soeda lebetipoen : „O, Ing Nio, ... kang pinda retna, ... marga saka bangetkoe nggagas kowé, ... akoe nganti nandang roga sing kaja mangkéné ..... Keprijé iba dadiné jèn akoe ora bandjoer ketemoe kowé .....?"

„Mesti mati, koh ! Ana ing delahan kowé mesti ngentèni panoe-soelkoe. Akoe mesti ija noeli noesoel, jèn weroeh kowé wis ngentèni. O, koh, ing djagat maoedjoed akoe ora bisa ketemoe kowé, nanging sadjroning djagat pangangen-angen tansah soemanding, ora bisa pisah. Begdja déné kang Maha Koewasa saiki marengaké kang dadi pepénginankoe wong loro. Ing bab iki akoe lan kowé koedoe sèwoe noewoen banget marang tatjik Lian sing samono legawané."

Kininten ing kamar papiljoen sampoen loedang, embok rara noewèni, djeboel soemerep ki djaka saweg ngeloes-ngeloes sirah-ipoen sang ajoe ingkang ramboetipoen nganḍan-anḍan, ketel lan tjemeng meles. Embok rara mandeg greg andepipil ing inebaning kori. Ing batos witjanten makaten : „Moega-moega Pangéran tansah majoengana botjah loro koewi. Soekoer banget déné koh King Hok wis katon mbrengangang lan wis bisa ngrasakaké tjoelikaning katresnan. Sèwoe soekoer déné akoe wis bisa nindakaké koewa-djiban kang loewih déning gedé, ja ikoe meper hawa napsoekoe dewé."

Makaten oegi njonjah Liong Tjwan ingkang badé sambang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

inggih kandeg greg, moendoer sawatawis tindak, djer soemerep ki djaka saweg tjepengan sang ajoe, pating klesik sami rerembagan bab-bab ingkang njenengaken.

„Astaga ! Kapan botjah koewi olèhé ketemoe, déné saiki wis atoet kaja mengkono ? Mangka akoe bijèn karo bapaké Lian nganti saminggoe doeroeng apa-apa ! Hmmm ....." Makaten batosipoen daokèh èstri.

Gilir goemantosipoen rinten lan daloe dados pralambang menggahing manoengsa, bilih sisah badé giliran kalijan bingah, soeka giliran kalijan doeka.

XV. POENGKASANING LELAMPAHAN

Satengah woelan sasampoenipoen lelampahan ingkang katjarijosaken ing nginggil kapengker, villa Augustina ing Lawang katingal regeng, sabab dipoen panggèni malih.

Kaparengipoen ingkang Maha Mirah lan Maha Asih salebetipoen kalih minggoe kémawon ki djaka sampoen nama saras, namoeng badanipoen ingkang dèrèng poelih, kekijatanipoen dèrèng wangsoel. Poenika sadaja menggahing tata-lair namoeng saking anggènipoen nggoematosi sang retna. Mindak dinten mindak kijat, poenika saking pitedahipoen dokter kedah kaadjak tirah dateng Lawang, soepados noenten saras saèstoe, poelih kadi wingi oeni.

Embok rara inggih boten kirang-kirang bingahipoen. Sapoenika ki djaka mandjing sadèrèk djaler, déné sang ajoe dados sadèrèk toenggil welat, amargi saking poenika saben wonten ki djaka mesti wonten embok rara lan mesti wonten sang ajoe. Kalamangsa manawi ki djaka lèjèh-lèjèh ing koersi males tjinaket sang ajoe wonten ing patamanan, goeton, embok rara trimah ngawon, soemingkir kalijan ngoenandika : „Wong-wong teka pada kanda kasoegihan ikoe soembering kasenengan ! Jèn ngreti lekat-lekiting ngaoerip mesti ora ngarani mangkono. Tandané soegih sing kaja akoe, miskin sing kaja Ing Nio, kasenengankoe ora ana sakoekoe-irengé Ing Nio. Hm, lakon teka kaja mangkéné !"

Soemingkiripoen embok rara waoe dapoer angemong, sampoen ngantos ngganggoe kasenenganing sanak ingkang saweg roemesep.

Menggah saéning memanahipoen babah Liong Tjwan ing Soerabaja sepen tanding ; sanadjan kadosa-poendi kémawon, dateng ki djaka lan sang ajoe sanget anggènipoen asih, tansah angemong.

Déning memanahan makaten
nindakaken pitedahing dokter
tales sabatih sami dateng Law

Kirang-langkoeng kalih wo
sampoen bagas saèstoe, ladjeng
malih, nindakaken padamelan

Let gangsal woelan malih
gènipoen miwaha kapénakan a
pikantoek poenggawanipoen pij
sang bagoes. Dong pinanggihi
ingkang dados toekang njeper

Sasampoenipoen poenika ka
rara, nanging saben dipoen ta
roeng kepéngin omah-omah."

Gampiling rembag lamaran
ingkang nglamar babag kalijan
gihanipoen. Naté entjik Liong
lamaran waoe, nanging embok
keng mangsoeli: „Jèn akoe wi
bisa meksa akoe. Jèn kalako
matoer ing ngarsané panggeq
omah-omah. Mesti badar !"

Ngèngeti wewatakanipoen
béda kalijan prawan sanès-sa
èstri ladjeng lilih, njabaraken

Nadjan dinten pidjer gant
kawontenaning taoen boten a
kémawon, panggah dèrèng
Kadadosanipoen sampoen nan
embok rara ladjeng angsal pep
pantes ngemban anak tiga,
tékadipoen pantjèn boten badé

Sareng sampoen dados tijan
mentjar, kaleksanan grija pijam
ipoen. Makaten waoe noeroeti
tansah saged soemerep King H

Anggènipoen djedjodoan sa
ipoen djaler, adinipoen èstri. Ke

REPUBLIK INDONESIA

is tindak, djer soemerep ki
ng klesik sami rerembagan

é ketemoe, déné saiki wis
èn karo bapaké Lian nganti
....." Makaten batosipoen

e dados pralambang meng-
liran kalijan bingah, soeka

LELAMPAHAN

mpahan ingkang katjarijos-
ustina ing Lawang katingal

lan Maha Asih salebetipoen
poen nama saras, namoeng
atanipoen dèrèng wangsoel.
moeng saking anggènipoen
n mindak kijat, poenika sa-
jak tirah ḍateng Lawang,
kadi wingi oeni.
ng bingahipoen. Sapoenika
é sang ajoe dados saḍèrèk
aben wonten ki djaka mesṭi
sang ajoe. Kalamangsa ma-
es tjinaket sang ajoe wonten
rimah ngawon, soemingkir
ka paḍa kanḍa kasoegihan
reti lekat-lekiting ngaoerip
oegih sing kaja akoe, miskin
a ana sakoekoe-irengé Ing

dapoer angemong, sampoen
k ingkang saweg roemesep.
ah Liong Tjwan ing Soera-
boendi kémawon, ḍateng ki
en asih, tansah angemong.

Déning memanahan makaten waoe entjik Liong Tjwan boten owel nindakaken pitedahing ḍokter ingkang toemrap ki djaka, mbeḍol tales sabatih sami ḍateng Lawang.

Kirang-langkoeng kalih woelan wonten ing ngrikoe ki djaka sampoen bagas saèstoe, ladjeng ṣami bojong breng ḍateng Soerabaja malih, nindakaken padamelan kados ingkang sampoen-sampoen.

Let gangsal woelan malih entjik Liong Tjwan mbawahi anggènipoen miwaha kapénakan anama Tjan Ing Nio alias sang ajoe pikantoek poenggawanipoen pijambak anama Liem King Hok inggih sang bagoes. Ḍong pinanggihing pangantèn embok rara Kim Lian ingkang dados toekang njepengi sluieripoen sang ajoe.

Sasampoenipoen poenika kaṭah lamaran, nglamar ḍateng embok rara, nanging saben dipoen tantoen wangsoelanipoen : „Akoe doeroeng kepéngin omah-omah."

Gampiling rembag lamaran sadaja waoe katampik, sanadjan ingkang nglamar babag kalijan daokèh ; babag menggahing kasoegihanipoen. Naté entjik Liong Tjwan nindakaken paripeksa bab lamaran waoe, nanging embok rara ingkang kengkeng-mbekengkeng mangsoeli: „Jèn akoe wis kanḍa emoh, ora bakal ana wong bisa meksa akoe. Jèn kalakon akoe dipeksa omah², akoe bakal matoer ing ngarsané panggeḍé burgelijke stand, jèn akoe emoh omah-omah. Mesṭi baḍar !"

Ngèngeti wewatakanipoen embok rara mrodjol selaning garoe, béda kalijan prawan sanès-sanèsipoen, tijang sepoehipoen djalerèstri ladjeng lilih, njabaraken manah.

Nadjan dinten pidjer gantos, woelan pidjer santoen, toewin kawontenaning taoen boten adjeg, nanging embok rara panggah kémawon, panggah dèrèng poeroen namboet silaning akrami. Kadadosanipoen sampoen nama loengsé mangsa, mila lajak jèn embok rara ladjeng angsal peparab : prawan toewa, sabab ngantos pantes ngemban anak tiga, tetep dèrèng poeroen émah-émah, tékadipoen pantjèn boten baḍé émah-émah.

Sareng sampoen dados tijang sepoeh babah King Hok kepéngin mentjar, kaleksanan grija pijambak noenggil pager kalijan daokènipoen. Makaten waoe noeroeti paneḍanipoen Kim Lian, soepados tansah saged soemerep King Hok lan tjelak njah Hok.

Anggènipoen djedjoḍoan sampoen baṭi anak kalih, pambadjengipoen djaler, aḍinipoen èstri. Kekalihipoen sami saé-saé, djer pantjèn

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ratjoek-gemblèngipoen warni bagoes lan ajoe. Manawi ngoendang Kim Lian „tante" ḍateng bapa-bijoengipoen „papi-mami". Manawi dipoen pitakèni: „Sing koksenengi sapa?" Wangsoelanipoen: „Papi, mami karo tante."

Kasok sihipoen Kim Lian ḍateng laré kekalih waoe, anggepipoen sampoen kados anakipoen pijambak. Samanten oegi larénipoen inggih sasat boten kénging pisah, mila boten maiben jèn Kim Lian toemoet ngraosaken seneng.

TAMAT.

ISIN

I. Oenderaning tjarijos ...
II. King Hok ḍawah sakinç
III. Kim Lian angsal kantja
IV. Wonten ing kebon kéw
V. Bibar saking kebon kéw
VI. Daloenipoen, sasampoe kéwan .....
VII. Ébahing manah asring déning pikiran .....
VIII. Nijat baḍé késah .....
IX. Pamitan késah .....
X. Embok rara dorasemba
XI. Kim Lian walèh .....
XII. Kim Lian késah madosi
XIII. Kawontenanipoen Ing Kim Lian .....
XIV. Ing Nio dados djampi
XV. Poengkasaning lelampa

ajoe. Manawi ngoendang
ben „papi-mami". Manawi
apa ?" Wangsoelanipoen :

kekalih waoe, anggepipoen
Samanten oegi larénipoen
oten maiben jèn Kim Lian

ISINIPOEN.

		Katja.
I.	Oenderaning tjarijos	3
II.	King Hok ḍawah saking pit motor	9
III.	Kim Lian angsal kantja èstri, nak-ndèrèkipoen	16
IV.	Wonten ing kebon kéwan	22
V.	Bibar saking kebon kéwan	28
VI.	Daloenipoen, sasampoenipoen pinanggih ing kebon kéwan	30
VII.	Ébahing manah asring boten kénging ingendakaken déning pikiran	35
VIII.	Nijat baḍé késah	40
IX.	Pamitan késah	47
X.	Embok rara dorasembada	54
XI.	Kim Lian walèh	60
XII.	Kim Lian késah madosi Ing Nio	68
XIII.	Kawontenanipoen Ing Nio ngantos kapanggih kalijan Kim Lian	71
XIV.	Ing Nio dados djampi	79
XV.	Poengkasaning lelampahan	84

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

